



Manyèl pou Manm yo 2025

Sèvis ak Soutyen Alontèm Diamond State Health Plan Plus yo (LTSS)



DelawareFirstHealth.com

1-877-236-1341

TTY: 711 (Andikap Oditif)

CAD_166851H State Approved 10102024

© 2025 Delaware First Health

750 Prides Crossing

Suite 200

Newark, DE 19713

4703301_DE5CADMHBCRE_M_LTSS
Caid-LTSS-MemberHandbook-DE-CreH-01012025



TABDÈMATYÈ

BYENVINI NAN DELAWARE FIRST HEALTH	4
NIMEWO TELEFÒN ENPÒTAN	5
FÒMA ALTÈNATIF	7
Sèvis Entèpretasyon ak Tradiksyon	7
Sèvis ak Asistans Oksilyè	7
KÒMANSE	8
Kat idantifikasyon (ID) Manm Ou An.....	8
Konfigire Kont Manm Ou an sou Entènèt	9
Fason pou Jwenn Èd.....	11
Defansè Manm Yo	11
DWA AK RESPONSABLITE YO	11
Dwa ak Responsablite Manm Yo.....	11
Fason Pou Deklare Chanjman	13
Fwod, Gaspiyaj, ak Abi	13
FASON POU ITILIZE AVANTAJ OU YO	14
Avantaj Delaware First Health yo	14
Kopeman	15
Pake Avantaj DHSP Plus LTSS.....	16
Pake Avantaj Estanda DSHP yo	19
Avantaj pou Swen Zye ak Dan yo	26
Sèvis Sante Konpòtmantal	27
Avantaj ki Gen Valè Ajoute yo	29
Pwogram Rekonpans My Health Pays®	31
Avantaj Leta Garanti yo	33
Transpò Medikal Ki Pa Ijans	36
Pwogram Medyasyon Swen sou Peryòd ki Long	36
Otorizasyon Alavans.....	37
Sèvis Ki Pa Garanti Yo	38
SISTÈM SOUTYEN LTSS POU MANM YO	38
Jesyon Ka	38



Komite Konsilitatif Pou Manm LTSS Yo	39
Sèvis Adomisil ak Sèvis Kominotè yo (HCBS)	40
Sèvis Oto-Dirije Adomisil ak Kominotè	40
Verifikasiyon Vizit Elektwonik	41
Sèvis Etablisman swen enfimyè	42
Konsantman Eklere	42
Kibò ou ta Dwe ale pou Jwenn Swen.....	44
Direktiv Alavans (Testaman Lavi)	46
FOUNISÈ OU YO	46
Fason pou Jwenn yon Founisè	47
Dwa pou Chwazi yon Founisè.....	47
Founisè Swen Prensipal Ou An (PCP)	48
Nòm pou Randevou yo.....	49
Fason Pou Jwenn yon Dezyèm Opinyon.....	50
Swen Espesyalize.....	51
Sèvis Lopital yo	51
Fason pou Resewwa Swen Andeyò Rezo Ou an.....	51
Jwenn Swen Andeyò Etazini	52
IJANS AK SWEN IJAN	52
Kisa yon Ijans Ye?.....	52
Kisa Swen Ijan Ye?.....	53
Fason pou Resewwa Swen Ijan	53
Founisè Swen An Ijans	54
TELESANTE	54
SWEN MATÈNITE	55
Swen Doula	55
Avantaj nitrisyon apre akouchman.....	55
Resous ak Soutyen pou Alètman	56
Pwogram Vizit Lakay	56
Delaware First Health Start Smart for Your Baby®	56
PLANIN FAMILYAL	56
DEPISTAJ, DYAGNOSTIK AK TRETMAN PREKÒS AK PERYODIK (EPSDT)	57



AVANTAJ POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON YO	58
Apwopo Medikaman Sou Preskripsyon Yo	58
Fason pou Jwenn yon Medikaman Sou Preskripsyon.....	59
Medikaman Sou Preskripsyon Ki Kouvri Yo	60
Otorizasyon Alavans pou Kék Medikaman Sou Preskripsyon	60
Kopeman pou Medikaman sou Preskripsyon.....	61
Pwogram Pri Fiks pou Manm yo	62
Atik San Preskripsyon Amelyore yo (OTC).....	62
DOLEYANS AK KONTESTASYON.....	62
Doleyans yo	62
Kontestasyon yo	64
Odyans San Patipri Eta a.....	67
FASON POU CHANJE PLAN OU AN	68
Enskripsyon Lib Chak Ane	69
Enskripsyon Ou An.....	69
Swivi Swen.....	69
LÒT ENFÒMASYON SOU PLAN AN	70
Konfidansyalite	70
Nouvo Teknoloji	71
Deklarasyon sou Responsabilite (TPL) Tyès Pati	71
Fason pou Deklare Abi, Neglijans oswa Eksplwatasyon Yon Moun Sispèk Ki fèt Sou Timoun ak sou Adilt ki Depandan	71
Ensidan Grav	71
ANPLASMAN SWEN IJAN YO.....	72
Konte New Castle	72
Konte Kent	73
Konte Sussex.....	74
Maryland	75
GLOSÈ TÈM YO	76
Deklarasyon Non-Diskriminasyon	79
Avi sou Pratik Konfidansyalite yo	83



BYENVINI NAN DELAWARE FIRST HEALTH!

Delaware First Health se yon òganizasyon swen ki jere (MCO) ki ofri swen sante pou moun nan Delaware ki enskri nan Medicaid. Nou travay ak founisè, klinik ak lopital pou bay ou menm ak fanmi w swen nou bezwen an. Pèsonèl nou an pral jere sèvis ak soutyen alontèm ou an (LTSS), epi misyon nou se asire ke ou jwenn swen pèsonalize w bezwen pou w viv lavi w nan tout entegralite l. Kit ou bezwen èd ak aktivite chak jou, planifikasyon alontèm, oswa tou senpleman pou rete konekte, nou pran angajman pou bay pi gwo kalite sèvis la.

Antanke yon manm enpòtan nan Delaware First Health, ou gen aksè ak yon pakèt resous ki fèt pou ede w kenbe endependans ou, byennèt, ak diyite w. Ekip devwe nou an la pou koute, sipòte, ak travay avèk ou nan chak etap nan wout la nan pakou swen ou an.

Manyèl sa a se pral gid ou pou tout sèvis swen sante Medicaid ki disponib pou ou yo. Si ou genyen nenpòt kesyon sou enfòmasyon ki nan manyèl sa a oswa nenpòt kesyon sou avantaj Medicaid ou yo, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) oswa vizite sit entènèt nou an nan **DelawareFirstHealth.com**.

English: If you need this in another language, oral interpretation, auxiliary aids and services, or an alternative format call us.

Delaware First Health: 1-877-236-1341 (TTY: 711).

Español (Spanish): Si necesita esto en otro idioma o en un formato alternativo, o si necesita interpretación oral o servicios y dispositivos auxiliares, llámenos.

Delaware First Health: 1-877-236-1341 (TTY: 711).

中文 (Chinese): 如您需要以其他語言、口譯、輔助工具和服務或其他文件格式檢閱此資訊，請致電我們。

Delaware First Health : 1-877-236-1341 (TTY: 711).

Kreyòl Ayisyen (Haitian Creole): Si w bezwen sa a nan yon lòt lang, entèpretasyon oral, èd ak sèvis oksilyè, oswa nan yon lòt fòma, rele nou.

Delaware First Health: 1-877-236-1341 (TTY: 711).



NIMEWO TELEFÒN ENPÒTAN

Si ou an danje oswa ou bezwen swen medikal touswit, rele **911**. Nan ka ijans pou konpòtman oswa sante mantal, rele **988**, National Suicide Prevention Lifeline la.

Sèvis	Enfòmason Kontak
Liy pou Asistans Delaware First Health lan	
<p>Sèvis pou Manm yo Lendi-Vandredi, 8 a.m.-7 p.m.</p> <p>Rele nimewo sa a pou tout bezwen Sèvis pou Manm yo , tankou:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Kesyon sou avantaj yo. • Asistans pou chanje oswa chwazi yon founisè pou swen primè (PCP). • Vizyon. • Dan. • Sèvis famasi. • Defansè Manm yo. 	1-877-236-1341 (TTY: 711)
<p>Nimewo Konsèy Enfimyè 24 sou 24: Liy Konsèy Enfimyè nou an pare pou reponn kesyon sante w 24 sou 24, sèt jou sou sèt — chak jou nan ane a.</p>	1-877-236-1341 (TTY: 711)
<p>Kowòdinasyon Swen/Jesyon Swen: Lendi rive Vandredi, 8 a.m.-5 p.m.</p> <p>Jesyon swen ak akonpayman pou sante fè pati avantaj sante ou yo epi ou resevwa yo san ou pa peye anyen.</p>	1-877-236-1341 (TTY: 711)



Sèvis	Enfòmason Kontak
Liy dirèk gratis pou Delaware Behavioral and Mental Health:	
Liy dirèk gratis pou Northern Delaware	1-800-652-2929
Liy dirèk gratis pou Southern Delaware	1-800-345-6785
Depatman Sèvis Delaware pou Timoun, Jèn ak Fanmi yo (DSCYF) Soutyen pou Jèn lè gen difikilte 24/7	1-800-969-4357
Sèvis Asistans Medikal ak Medicaid nan Delaware	
Sèvis transpò medikal ki pa ijans: <ul style="list-style-type: none">Tanpri kontakte ModivCare pou èd pou planifye transpò medikal ki pa ijans (NEMT). Ou dwe rele 72 èdtan alavans pou pwograme yon randevou transpò.Pou plis enfòmasyon, vizite dhss.delaware.gov/dmma/medical.html.	1-866-412-3778
Divizyon Sèvis Sosyal (DSS) ak Divizyon Medicaid ak Asistans Medikal (DMMA) Inite Relasyon ak Kliyan yo Inite Relasyon Kliyantèl lan bay enfòmasyon jeneral, referans ak asistans pou aplikan, kliyan, manm pèsonèl DMMA ak Division of Social Services yo ak lòt moun k ap mande enfòmasyon sou avantaj ak sèvis Medicaid yo.	1-866-843-7212
Manadjè Avantaj Sante Medicaid yo Ede w enskri nan yon òganizasyon swen ki jere (MCO) epi konprann avantaj ou yo.	1-800-996-9969



FÒMA ALTÈNATIF

Sèvis Entèpretasyon ak Tradiksyon

Nou bay sèvis entèpretasyon oral nan TOUT lang, gratis. Epitou nou bay materyèl enprime ki tradwi nan lang sa yo, gratis, lè ou mande yo:

- | | | | | |
|------------------|------------|--------------|-----------|------------|
| • Espanyòl | • Gujarati | • Italien | • Tagalòg | • Arab |
| • Chinwa | • Fransè | • Vyetnamyen | • Hindi | • Telugu |
| • Kreyòl Ayisyen | • Koreyen | • Alman | • Ourdou | • Olannndè |

Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341 (TTY: **711**) pou jwenn tout sèvis sa yo san ou pa peye anyen:**

- Sèvis entèprèt nan telefòn.
- Entèpretasyon nan vizit doktè ou yo, avèk yon preyavi senk jou ouvrab omwen.
- Manyèl pou manm sa a ak tout lòt materyèl alekri yo nan lang ou prefere a.

Sèvis ak Asistans Oksilyè

Nou pral bay dokiman ki ekri nan fòma altènatif ak/oswa avèk asistans oksilyè, san ou pa peye anyen, lè yo mande yo.

Tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Nou la pou ou lendi jiska vandredi, soti 8 am jiska 7 pm, fizo orè lès lan si ou bezwen sèvis entèpretasyon oswa sèvis tradiksyon, oswa èd ak sèvis oksilyè.

GLOSÈ TÈM

Si w bezwen èd pou w konprann nenpòt nan mo yo itilize nan manyèl sa a, ou ka jwenn glosè tèm yo nan do manyèl sa a. Epitou ou ka rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou jwenn èd.



KÒMANSE

Kat idantifikasyon (ID) Manm Ou An

Lè ou enskri, Delaware First Health ap voye kat idantifikasyon (ID) manm ou an bay ou nan lapòs. Pote kat idantifikasyon (ID) ou avèk ou nan tout randevou medikal ou yo.

Kat idantifikasyon (ID) Delaware First Health ou an pou DSHP Plus LTSS pral sanble ak sa:

Fas:

delaware first health		Diamond State Health Plan-Plus	Long Term Services and Support (LTSS)
SAMPLE A SAMPLE		PCP Name: NOT ASSIGNED	
Member ID#: 4567890123		PCP Phone Number: 1-877-236-1341	
DOB: 01/01/2001			
RXBIN: 003858			
RXPCN: DSHP			
RXGROUP: 2ECA			
<hr/> <p>For a full list of copays and exceptions visit: www.DelawareFirstHealth.com.</p>			
Member Copays:	Prescriptions:		
Provider Visit: \$0;	\$10.00 or less = \$0.50		
Preventative Visit: \$0;	\$10.01 to \$25.00 = \$1.00		
Adult Dental Visit: \$3;	\$25.01 to \$50.00 = \$2.00		
Inpatient Hospital Stay: \$0	\$50.01 or more = \$3.00		

Do:

IMPORTANT CONTACT INFORMATION		www.DelawareFirstHealth.com
<ul style="list-style-type: none">Member Services, 24/7 Nurse Line, Behavioral Health Line: 1-877-236-1341 (TTY: 711)Providers: 1-877-236-1341Pharmacy Services: 1-833-236-1887 (TTY: 711)Dental: 1-877-236-1341 (TTY: 711)		Diamond State Health Plan-Plus
Medical Claims: Delaware First Health P.O. Box 8001 Farmington, MO 63640	Pharmacy Paper Claims: Pharmacy Services Member Reimbursements P.O. Box 989000 West Sacramento, CA 95798	Long Term Services and Support (LTSS)
<p>In case of an emergency, call 911 or go to the closest emergency room. After treatment, call your PCP within 24 hours or as soon as possible.</p>		

Lè w resevwa kat ou a, tanpri konfime ke non w ak dat nesans ou kòrèk.

Tanpri verifye ke PCP ki nan lis la se sa ke ou te chwazi a. PCP ou an se yon doktè, yon enfimyè, oswa yon asistan medikal (PA), ki founi, planifye. epi/oswa ede w jwenn swen sante. Si ou te chwazi yon PCP pandan enskripsyon Medicaid ou an, enfòmasyon sou PCP ou an ap mansyone sou Kat idantifikasyon (ID) ou an. Si ou pa te chwazi yon PCP, ou ap genyen 30 jou sivil apati Dat Enskripsiyon Ou An Aplikab la pou chwazi yon PCP. Si ou bezwen èd pou chwazi yon PCP, rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Ou ka vizite pòtay sekirize pou manm nou an tou nan **Member.DelawareFirstHealth.com** pou chwazi oswa chanje PCP ou. Si w pa chwazi yon PCP nan 30 jou sivil, n ap chwazi youn pou ou epi n ap voye yon nouvo kat idantifikasyon (ID) pou ou.

Kat idantifikasyon (ID) manm ou an se prèv ki di ou se yon manm Delaware First Health. Montre kat idantifikasyon (ID) sa a chak fwa ou bezwen swen. Sa genyen ladan:

- Randevou medikal yo.
- Swen ijan.
- Randevou pou zye yo.
- Randevou sante konpòtmantal yo.
- Vizit nan ijans yo.
- Pase pran preskripsiyo yo nan famasi a.

Nenpòt lè ou resevwa yon nouvo kat idantifikasyon (ID) nan men nou, tanpri detwi ansyen kat ou an. Si ou pèdi kat idantifikasyon (ID) manm Delaware First Health ou an oswa ou pa te resevwa youn, nou ka ranplase l pou ou. Pou ranplase kat ou a, tanpri vizite pòtay sekirize pou manm yo sou sit entènèt nou an **Member.DelawareFirstHealth.com** oswa rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).



Konsève kat idantifikasyon (ID) ou an avèk ou epi konsève l an sekirite tout tan. Asire yo pa volè l oswa yon lòt moun pa itilize l. Kouvèti Delaware First Health se pou ou sèlman. Se ou menm ki dwe pwoteje kat idantifikasyon (ID) manm ou an. Okenn lòt moun pa ka itilize kat idantifikasyon (ID) manm ou an. Li kont lalwa pou bay oswa pou vann kat idantifikasyon (ID) manm ou an bay nenpòt moun.

Konfigire Kont Manm Ou an sou Entènèt

Swiv etap sa yo anba a pou kreye kont manm ou a sou pòtay la:

Li fasil pou w jwenn enfòmasyon sou swen sante w sou entènèt. Ou ka genyen tou yon rekompans **\$10 sou kat rekompans My Health Pays® ou an**. Pou demare, ale sou **Member.DelawareFirstHealth.com** epi klike sou “Create New Account” pou fè yon kont ak EntryKeyID. Si w déjà gen yon idantifyan EntryKeyID, ou ka itilize menm imèl ak modpas la pou pòtay pou manm Delaware First Health yo.



SWIV ETAP KI ANBA YO POU KREYE KONT OU AN:

Pou fè yon kont, w ap bezwen:

- Yon adrès imèl.
- Identifikasyon (ID) w kòm manm, ki sou kat afilyasyon ou a.
- Prenon, siyati, ak dat nesans.

ETAP 1:

Swiv etap yo ki sou ekran an pou kreye kont ou ak modpas ou. W ap bezwen verifye adrès imèl ou ak yon Kòd Verifikasiyon pou kontinye.

ETAP 2:

Apre ou fin konekte, w ap oblige antre identifikasyon (ID) w kòm manm ak dat nesans ou pou lye nouvo EntryKeyID ou an.

ETAP 3:

Yon fwa kont ou konfigire sou pòtay pou manm Delaware First Health yo, w ap kapab wè kat idantite (ID) w, sitiayson kalifikasyon w, done sou sante w, reklamasyon, evalyasyon risk, ak plis ankò. EntryKeyID ou an ka itilize tou pou jwenn aksè ak done sou sante w apati aplikasyon tyès pati ki sipòte aksè pasyan yo.

Kounye a, ou ka jwenn aksè ak kont ou sou pòtay pou manm yo lè w ale sou **Member.DelawareFirstHealth.com** epi konekte.



Fason pou Jwenn Èd

Ou ka jwenn sa yo ki swiv la sou sit entènèt nou an nan DelawareFirstHealth.com:

- Manyèl Pou Manm yo Ki Ajou.
- Repètwa Founisè.
- Lis Medikaman Preferans (PDL) /Enfòmasyon sou lis medikaman ki garanti yo.
- Bilten enfòmasyon Whole You pou Manm
- Enfòmasyon ajou sou avantaj ak kouvèti a.
- Evènman Delaware First Health k ap vini yo.

Defansè Manm Yo

Delaware First Health gen Defansè Manm yo ki ka ede w ak yon varyete sèvis. Wòl prensipal yon Defansè Manm se pou l sèvi kòm yon entèmdyè pou ou, plan swen sante a, founisè yo ak resous kominotè yo. Defansè Manm nou yo kapab:

- Ede w pwograme randevou medikal ak sèvis transpò (woulib).
- Edike w sou plan avantaj ak resous kominotè yo.
- Ede w konekte ak resous sou Find Help.
- Edike epi ede w atravè pwosesis Kontestasyon ak Doleyans.

Pou kontakte yon Defansè Manm, tanpri rele Delaware First Health nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

DWA AK RESPONSABLITE YO

Dwa ak Responsablite Manm Yo

Antanke yon manm ou genyen kèk dwa ak responsablite. Delaware First Health respekte dwa ou yo. Nou p ap fè diskriminasyon kont ou pandan ou itilize dwa ou yo. Nou prevwa pou founisè nou yo respekte dwa ou yo tou.

Ou gen dwa:

- Diyite, respè, ak vi prive apati plan swen sante a ak founisè nou yo.
- Pou genyen aksè pou kreye ak itilize yon direktiv alavans.
- Pou resevwa enfòmasyon sou òganizasyon an, sèvis li yo, pratisyen li yo ak pwofesyonèl swen sante li yo epi dwa ak responsablite w yo kòm manm.
- Pou resevwa enfòmasyon sou opsyon tretman yo ak lòt swen ki lye ak kondisyon sante w nan yon fason w ap konprann.
- Pou asosye w ak pratisyen pou kapab anmezi pou pran desizyon sou swen ou, ansanm ak dwa pou refize tretman



- Pou pa sibi okenn fòm kontrent izòlman atravè presyon, sanksyon, komodite oswa zak reprezay.
- Pou mande ak resevwa yon kopi dosye medikal ou epi pou kapab mande modifikasyon oswa koreksyon.
- Amande done ou yo nan konfòmite ak HIPAA (Lwa sou Transferabilite ak Responsablite Asirans Sante) ak lwa Eta a.
- Pou egzèse dwa ou yo san fè enpak sou fason Delaware First Health, founisè ou yo, oswa Eta Delaware la trete w.
- Pou resevwa sèvis ki apwopriye sou plan kiltirèl ak lengwistik gratis.
- Pou enfòmasyon pèsonèl ak medikal ou yo kapab rete prive.
- Pou depoze plent yo (doleyans) oswa kontestasyon yo sou nou oswa sou swen nou bay la.
- Pou chwazi yon reprezantan pou ede pran desizyon sou swen yo.
- Pou gen yon diskisyon fran sou opsyon tretman ki apwopriye oswa ki nesesè sou plan medikal pou twoub sante yo, kèlkeswa pri an oswa pwoteksyon avantaj lan
- Pou resevwa yon kopi dwa ak responsablite Mam yo ak dwa pou fè rekòmandasyon konsènan règleman sa a.
- Pou mande Manyèl pou Manm yo ak lòt enfòmasyon ak bwochi sou manm yo nan lòt fòma tankou lòt lang, gwo lèt, CD odyo oswa Braille gratis.

Responsablite Manm yo:

- Pou di Delaware Health and Social Services (DHSS) si:
 - Ou demenaje andeyò Eta Delaware oswa ou genyen lòt chanjman nan adrès.
 - Ou resevwa oswa ou genyen kouvèti sante selon yon lòt kontra asirans, lòt tyès pati, oswa si genyen chanjman nan kouvèti ou genyen nan dosye ou an.
- Pou di Delaware First Health lè ou ale nan sal ijans (ER) lan oswa ou te twouve w nan yon aksidan machin.
- Di Delaware First Health si yo te volè kat idantifikasiyon (ID) manm ou an oswa si li te pèdi.
- Pou aprann sou eta sante w, pou konprann sante w, ak patisipe nan objektif tretman ou yo.
- Pale avèk founisè ou yo sou otorizasyon alavans pou sèvis yo rekòmande yo.
- Pou bay Delaware First Health ak founisè k ap patisipe yo enfòmasyon medikal egzat e konplè yo bezwen pou yo ka bay swen.
- Swiv plan swen ak enstriksyon ou te dakò ak founisè w la.
- Pou kapab okouran sou responsablite pataj frè yo epi fè peman ou responsab pou fè yo.
- Pou konnen pwosedi Delaware First Health yo, règleman sou kouvèti yo, ak restriksyon yo nan pi bon fason ou kapab.
- Pou kontakte Delaware First Health si ou bezwen enfòmasyon oswa si ou genyen yon kesyon.
- Pou poze founisè ou an kesyon pou ede w konprann tretman ou an. Pou kapab aktivman enplike nan tretman ou an. Pou aprann sou risk ki posib yo, avantaj ak altènativ pou frè tretman yo. Pran desizyon sou swen apre ou fin konsidere bagay sa yo.



- Pou swiv pwosesis plent oswa kontestasyon an si ou genyen kesyon sou swen ou an.

Jan nou te fè remak la pi wo a, Defansè Manm nou yo ka ede. Pou kontakte yon Defansè Manm, tanpri rele Delaware First Health nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Fason Pou Deklare Chanjman

Gwo chanjman yo nan lavi w ka afekte kalifikasyon w pou Delaware Medicaid. Asire ke ou fè alafwa Delaware First Health ak DHSS konnen lè ou gen yon gwo chanjman nan lavi. Kèk egzanp pou gwo chanjman nan lavi yo se:

- Yon chanjman nan non ou.
- Yon chanjman nan adrès ou.
- Si ou ajoute oswa ou pèdi lòt kouvèti asirans.
- Si yo ajoute w oswa retire w nan asirans yon lòt moun.
- Yon nouvo travay.
- Chanjman nan kapasite w oswa nan andikap ou.
- Kantite moun ki nan fanmi w chanje.
- Chanjman nan revni w oswa nan byen ou yo.
- Ou vin ansent.

Si w gen youn oswa plis nan gwo chanjman nan lavi sa yo, tanpri rele DHSS Change Report Center la nan **1-866-843-7212** ak Sèvis pou Manm Delaware First Health yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Fwod, Gaspiyaj, ak Abi

Delaware First Health oblige rapòte lè lajan Medicaid yo itilize nan move fason. Sa rele fwod, gaspiyaj, ak abi.

Fwod vle di yon manm, founisè oswa lòt moun ap mal itilize resous pwogram Delaware Medicaid yo. Sa ta ka genyen ladan l kèk bagay tankou:

- Bay yon lòt moun kat idantifikasiyon (ID) manm ou an pou li ka resevwa sèvis nan non w.
- Itilizasyon kat idantifikasiyon (ID) manm yon lòt moun pou resevwa sèvis nan non l.
- Yon founisè k ap faktre menm sèvis la de fwa.
- Yon founisè k ap faktire yon sèvis li pa te janm bay.

Yo ba w avantaj swen sante ou yo paske ou te satisfè règleman pwogram nan. Yo pa pou okenn lòt moun. Ou pa dwe pataje avantaj ou yo avèk okenn moun. Si ou mal itilize avantaj ou yo, ou ka pèdi yo. Delaware Division of Medicaid and Medical Assistance la ta ka poze aksyon jiridik kont ou tou si ou mal itilize avantaj ou yo.

Si ou panse yon founisè, yon manm oswa yon lòt moun ap mal itilize avantaj Delaware Medicaid yo, tanpri enfòme nou tousuit. Delaware First Health ap pran apèl ou an oserye. Ou pa bezwen bay non w.



- Rele liy asistans pou Fwod, Gaspiyaj, ak Abi Delaware First Health la nan **1-866-685-8664**. Tout apèl yo prive.
- Si yon liy TTY nesesè, rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Ou ka rapòte tou fwod Medicaid yo sisplèk dirèkteman bay Delaware Division of Medicaid and Medical Assistance lan. Rele Liy Asistans Diamond State Health Plan lan nan **1-800-372-2022**. Peze "1" pou anglè oswa "2" pou panyòl. Apresa, peze "7" pou fwòd, gaspiyaj, oswa abi.

FASON POU ITILIZE AVANTAJ OU YO

Li lè pou pran kontwòl sante w – epi sa se kote pou kòmanse a. Nouvo plan asirans sante ou an ak Delaware First Health ofri swen medikal ak avantaj ki konplè. Epitou li genyen ladan l pwogram ki presye, zouti edikatif ak soutyen.

Delaware First Health angaje l pou bay manm yo resous yo bezwen pou asire pi bon swen ki posib. Pa blye, ou genyen aksè nan zouti ki itil yo tou atravè kont sou entènèt Delaware First Health ou an nan **DelawareFirstHealth.com**.

Avantaj Delaware First Health yo

Avantaj ak Sèvis Yo

Nan seksyon sa a, ou ka aprann sou avantaj sante yo, sèvis famasi ak sèvis ki ajoute valè Delaware First Health ofri yo.

Ou bezwen èd pou konpran avantaj ak sèvis sa yo? Rele nou nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Tout sèvis yo dwe medikalman nesesè. PCP ou an ap travay avèk ou pou asire ou resevwa sèvis ou bezwen yo. Sèvis sa yo se PCP ou an oswa yon lòt founisè ki dwe bay yo.

Kèk sèvis kapab:

- Genyen kopeman.
- Genyen limit nan kouvèti.
- Bezwen òdonans yon doktè.
- Bezwen apwobasyon alavans.

*Kèk manm Medicaid gendwa pa kalifye pou tout avantaj ki mansyone yo.

Delaware Division of Social Services (DSS) detèmine avantaj ak sèvis ki garanti ou resevwa yo. Ou dwe itilize yon founisè rezo Delaware First Health pou jwenn avantaj ak sèvis sa yo, sof si:

- Sèvis yo se sèvis ijans.
- Sèvis yo se sèvis pou planin familyal. Ou lib pou chwazi nenpòt founisè planin familyal, ki gen ladan rezo Delaware First Health la (avèk eksepsyon manm Delaware Healthy Children Program).
 - Manm Delaware Healthy Children Program yo genyen obligasyon pou itilize yon founisè k ap patisipe pou sèvis planin familyal yo.
- Ou resevwa otorizasyon alavans (apwobasyon alavans) pou itilize yon founisè ki pa nan rezo Delaware First Health la.
- Ou garanti nan yon konpayi asirans prensipal.



Chwa Founisè

Antanke yon manm nan Delaware First Health, ou ka chwazi kiyès ou wè pou bezwen swen sante ou yo apati rezo founisè nou yo. Si ou bezwen èd pou chwazi yon founisè swen sante, rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Delaware First Health bay sèvis swen sante ak avantaj plan ou an garanti. Sepandan, plan Medicaid Eta Delaware la garanti kèk sèvis dirèkteman. Tanpri gade seksyon **Avantaj Eta a** pou plis detay. Si w bezwen plis enfòmasyon sou fason pou w jwenn sèvis sa yo nan men Eta a, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Plan Eta Delaware Medicaid a oswa Delaware First Health pa kouvri kèk sèvis. Tanpri gade seksyon **Avantaj Ki Pa Garanti yo** pou plis detay. Pou yon lis konplè sèvis ki pa garanti oswa pou kesyon, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Kopeman

Nan kèk sitiyasyon, manm yo dwe pataje frè sèvis ke yo bay yo an. Yo rele sa yon **kopeman**. Se yon kantite lajan manm yo peye lè yo jwenn yon sèvis. **Ou ka jwenn kopeman ou yo sou kat idantifikasyon (ID) manm ou an.**

Peye Kopeman ak lòt Peman yo

- Ou dwe peye kopeman yo dirèkteman bay founisè yo nenpòt lè nan moman sèvis la.
- Si ou pa peye kopeman ou an, founisè a ak/oswa Delaware Medicaid kapab itilize aksyon legal pou pran peman an nan men w.
- Ou kapab responsab pou peye sèvis ki pa garanti yo si ou siyen yon dechaj ki dakò pou peye sèvis sa yo anvan ou resevwa yo. Remake frè pou sèvis ki pa garanti yo genyen plis chans pou kapab plis pase yon kopeman pou yon sèvis ki garanti.

Egzansyon yo

Tip manm sa yo toujou gen egzansyon pou pa peye kopeman yo:

- Moun ki ansent.
- Moun ki fenk akouche epi k ap resevwa sèvis ki asosye ak gwosès pandan jiska 90 jou apre akouchman an.
- Manm k ap resevwa swen ospis.
- Timoun (ki genyen mwens pase 21 lane).
- AI/AN (Endyen Ameriken/Natif Alaska).
- Manm nan Chronic Renal Disease Program (CRDP) yo.
- Gwoup etablisman swen enfimyè pou swen sou peryòd ki long oswa gwoup lopital pou swen ki grav yo.
- Sèvis ak founiti planifikasyon familyal.



Pake Avantaj DHSP Plus LTSS

Sa ki swiv la se yon lis avantaj ki garanti, sèvis, ak limit pou manm Diamond State Health Plan Plus LTSS yo. Kèk sèvis kapab egzije otorizasyon alavans. Sa pa yon lis konplè sèvis yo. Tanpri rele Sèvis pou Mam yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou plis detay.

Diamond State Health Plan Plus LTSS

Avantaj LTSS Yo	Detay
Sèvis lajounen pou granmoun	Ofri swen ak sèvis pèsonèl sipèvize pandan lajounen, ki sipèvize nan yon anviwònman kominotè. Terapi ak manje gendwa disponib tou.*
Swen oskilyè	Ede manm yo fè travay chak jou, tankou benyen, abiye, lòt ijyèn pèsonèl (pwòpte), deplase soti nan yon kote al nan yon lòt, ale nan twalèt, ak manje.*
Sèvis koyitif	Ofri pou manm yo ak fanmi yo ki gen pwoblèm ak moun ki pwòch yo oswa defisi mantal, tankou sa yo ki gendwa rive apre yon blesi nan sèvo. Sèvis sa yo gen ladan yo terapi oswa konsèy, ki limite ak 20 vizit chak ane ak yon evalyasyon.*
Altènativ rezidansyèl kominotè	Anviwònman tankou kay, tankou rezidans ak sèvis soutyen, ki gen sèvis pou sipòte bezwen ou yo epi ki ofri pwogram pou sosyalize ak rekreyasyon.
Adaptasyon lajounen	Sèvis pou ede manm yo aprann epi devlope konpetans pou yo viv poukонт yo anndan ak deyò lakay yo. Sèvis sa yo fèt nan yon anviwònman ki pa rezidansyèl, lwen kay manm lan. Jounal adaptasyon an se pou manm ki gen pwoblèm ak moun ki pwòch yo (yo rele l tou konfli entèpèsonèl) oswa defisi mantal, tankou sa yo ki gen dwa rive apre yon blesi nan sèvo. Nan kèk ka, manje ak terapi gendwa ladan l.**



Avantaj LTSS Yo	Detay
Manje ki livre adomisil	Ofri jiska de repa chak jou, ki adapte pou yon rejim byen ekilibre epi yo livre l lakay manm lan.*
Aktivite endependan pou lavi chak jou.	Ofri èd ak tach chak jou yo, tankou netwayaj lejè, preparasyon manje (kwit manje), fè pwovizyon, ak plis ankò.*
Ti modifikasyon nan kay la	Baze sou nesesite medikal lan, yo ka fè chanjman nan kay manm lan pou ede l kapab viv poukонт li. Chanjman yo gen ladan yo modifikasyon tankou elaji pòt pou yon chèz woulant, dekoupaj basen, oswa mete yon ranp pou chèz woulant oswa yon ba pou apui. Avantaj sa a garanti jiska \$6,000 pou chak pwojè; \$10,000 pou chak ane civil; ak \$20,000 pou tout lavi. Founisè sèvis yo dwe jwenn apwobasyon Delaware First Health.*
Etablisman swen enfimye	Yon anviwònman kote manm yo jwenn fwaye retrèt kalifye ak lòt sèvis, tankou sèvis reyabilitasyon ak sèvis ki gen rapò ak sante.
Siplement nitritif pou VIH/SIDA	Ede ak pèt pwa ki asosye ak VIH/SIDA ak malnitrison atravè siplement oral.*
Sistèm entèvansyon pou ijans pèsònèl (PERS)	Yon aparèy elektwonik ki konekte ak telefòn manm lan ki bay manm nan aksè ak yon sèvis repons pou ijans 24 sou 24. Lè bouton ki sou aparèy la peze, li voye yon siyal bay yon moun ki disponib pou ede manm lan.*
Swen Repi	Swen pèsònèl yo bay manm yo lakay yo oswa nan yon sant enfimyè oswa yon rezidans ki bay sèvis soutyen pou bay responsab swen yo ki pa touche yo tan pou yo repoze.* Sèvis sa a limite ak 14 jou chak ane. Tanpri sonje: Etablisman rezidans ki bay sèvis soutyen yo pa bay sèvis repi.



Avantaj LTSS Yo	Detay
Sèvis swen oksilè otodirije (SDAC)	<p>Ofri manm yo jesyon finansye ak soutyen jeneral si yo chwazi SDAC sou fòm yon Ajan Travay Fiskal la. SDAC se lè manm nan sèvi kòm travayè legal yon responsab swen ke yo peye; manm nan kapab tou chwazi yon moun pou ranpli wòl sa a pou li, yo rekonèt li kòm Reprezantan Travay manm nan. Ajan Travay Fiskal manm lan jere enpo, prelèvman sou pewòl, ak chèk pou anplwaye a. Yo ede tou jwenn epi fòme yon Anplwaye Swen Oksilyè, yon travayè pou ede manm nan fè travay chak jou yo.*</p>
Ekipman medikal espesyalize	<p>Atik pou èd yo disponib pou manm yo, tankou aparèy pou ranmase yo. Avantaj sa a garanti sèlman atik ki Eta a pa garanti.</p>
Sèvis Tranzisyon nan Etablisman swen enfimyè yo (NFT)	<p>Ofri èd pou depans pou deplase soti nan yon etablisman retrèt oswa etablisman rezidans ki bay sèvis soutyen pou al nan yon kominate oswa yon kay. Depans sa yo ka gen ladan yo pwovizyon, mèb, depo sekirite, frè koneksyon telefòn / entènèt, elatriye. Avantaj adisyonèl yo gendwa disponib anba avantaj valè ajoute Delaware First Health yo (gade anba a).</p>

*Sèvis sa yo pa disponib pou manm ki nan rezidans ki bay sèvis soutyen ak retrèt.

**Yo pa ofri l bay manm k ap viv nan fwaye retrèt oswa rezidans ki bay sèvis soutyen pou moun ki pa gen blesi nan sèvo (ABI).



Pake Avantaj Estanda DSHP yo

Avantaj Estanda Medicaid yo	Kouvèti ak Limit
Sèvis Sante Konpòtmantal	
Sèvis sante konpòtmantal pou pasyan ki entène	Kouvri pou manm ki genyen 18 lane ak plis. Se Delaware Department of Services for Children, Youth, and Families (DSCYF) ki ofri sèvis sante konpòtmantal pou pasyan ki entène pou manm ki poko gen 18 lane yo.
Tretman ki asiste avèk medikaman (ki genyen ladan l sèvis depandans pou pasyan ekstèn ak sèvis depandans rezidansyèl)	Kouvri pou manm ki genyen 18 lane ak plis. Se DSCYF ki ofri sèvis depandans rezidansyèl pou manm ki poko gen 18 lane yo. Pou manm k ap patisipe nan pwogram PROMISE lan Fè pwomosyon pou sante mantal optimal pou moun grasa sipò ak otonomizasyon, sèvis sa yo garanti bò kote Eta a.
Sèvis tretman pou twoub konsomasyon sibstans yo (SUD)	Kouvri pou manm ki genyen 18 lane ak plis. Garanti avantaj sante konpòtmantal 30 inite pou pasyan ekstèn pou manm ki poko gen 18 lane yo (DSCYF bay li apresa). Pou manm yo k ap patisipe nan PROMISE, sèvis sa yo, eksepte pou dezentoksikasyon entansif nan lopital ki jere medikalman, yo garanti atravè tout Eta a.
Sèvis pratisyen sante konpòtmantal ki gen lisans yo (ki gen ladan yo sikològ ki gen lisans, travayè sosyal klinik, konseye pwofesyonèl, ak terapet pou maryaj ak fanmi)	Avantaj sante konpòtmantal 30 inite pou pasyan ekstèn yo ki genyen pase 18 lane yo (DSCYF founi isit la). Pou manm k ap patisipe nan PROMISE yo, sèvis sa yo garanti bò kote Eta a.
Sèvis konpòtmantal pou trete twoub espèk otis (ASD) selon EPSDT	Kouvri pou manm ki genyen mwens pase 21 lane yo.
Entèvansyon pou kriz ak sèvis sante mantal sou-egi	Kouvri.



Avantaj Estanda Medicaid yo	Kouvèti ak Limit
Sèvis medsen yo	<p>Sipèvizon doktè ak terapi dirèk konsidere kòm yon pati nan sèvis PROMISE Eta a garanti pou manm k ap patisipe yo:</p> <ul style="list-style-type: none">• Sèvis tretman kominotè dinamik.• Sèvis jesyon ka entansif.• Sipèvizon sèvis fwaye gwoup yo.
Sèvis Dantè	
Avantaj dantè	Garanti ak limit. Gade plis detay nan seksyon Avantaj Dantè yo.
Vèni fliyò	Aplikasyon lokal vèni ki gen fliyò yon fwa sou simwa.
Ekipman Medikal Dirab	
Ekipman medikal ak founiti	Kouvri.
Ekipman ak materyèl pou dyabèt	Kouvri.
Aparèy oditif	Pou manm ki gen laj O jiska 20 lane yo.
Òtèz ak pwotèz	Kouvri.
Swen Dijans	
Anbilans	Garanti pou sèvis ijans sèlman.
Sal ijans endependan	Kouvri.
Sal ijans nan lopital	Kouvri.
Depistaj, Dyagnostik ak Tretman Prekòs ak Peryodik (EPSDT)	
Sèvis EPSDT, ansanm ak tès sante preventif peryodik ak sèvis dyagnostik ak tretman ki nesesè yo	Kouvri pou manm ki genyen mwens pase 21 lane yo.



Avantaj Estanda Medicaid yo	Kouvèti ak Limit
EPSDT - Sèvis reyabilitasyon, ki gen ladan soutyen ak tretman sikyatrik kominotè (CPST), reyabilitasyon psikososyal (PSR), entèvansyon nan kriz, ak sèvis soutyen kanmarad fanmi	<p>Garanti pou manm ki genyen mwens pase 21 lane yo.</p> <p>Avantaj sante konpòtmantal 30 inite pou pasyan ekstèn yo ki genyen mwens pase 18 lane yo (DSCYF founi isit la).</p>
Sante Lakay, Vizit Lakay ak Sèvis Etablisman swen enfimyè	
Sèvis sante adomisil, ansanm ak: <ul style="list-style-type: none"> • Swen enfimyè tanzantan oswa nan tan pasyèl • Sèvis èd sante adomisil • Materyèl, ekipman, ak aparèy medikal ki apwopriye pou itilize nan kay la • Fizyoterapi, ègoterapi, ak òtofoni ak sèvis odyoloji 	Kouvri.
Sèvis etablisman swen enfimye	Garanti pandan jiska 30 jou sivil, apresa sèvis yo garanti kòm yon pati nan pakè avantaj DSHP Plus LTSS la.
Sèvis relèv (repo) pou timoun	<p>Garanti pou manm ki pokonbo gen 21 lane ki gen yon twoub sante fizik oswa sante konpòtmantal. Yo bay sèvis relèv timoun yo sou yon kout tèm pou pèmèt yon soulajman tanporè nan devwa gadri pou premye moun k ap bay swen yon timoun ki pa peye, paran, gadyen tribinal nonmen oswa paran adoptif.</p> <p>Avantaj garanti a se pou yon total 285 èdtan oswa 15 jou nan yon ane. Swen relèv ka swa kalifye oswa san konpetans ak lakay ou oswa deyò kay la (pa egzanp, nan yon sant). Relèv ijans limite a yon maksimòm de sis epizòd 72 èdtan nan yon ane.</p>
Enfimyè devwa prive	Kouvri.
Sèvis vizit lakay	Kouvri.



Avantaj Estanda Medicaid yo	Kouvèti ak Limit
Swen Oksilyè Oto-Dirije pou Timoun	Garanti pou manm ki poko gen 21 lane ki gen yon kondisyon medikal kwonik, andikap entèlektyèl/devlopmantal, oswa yon pwoblèm sante konpòtmantal ki lakòz bezwen asistans pou aktivite lavi chak jou ki apwopriye pou laj yo.
Soutyen pou Swen Oksilyè Otodirije pou Timoun	Garanti pou manm yo apwouve pou yo resevwa sèvis asistan pwòp tèt ou pou timoun yo.
Ospis	
Sèvis ospis	Kouvri.
Sèvis Lopital pou Pasyan ki Entène	
Ebjèman ak manje	Kouvri.
Sèvis medsen pou pasyan ki entène	Kouvri.
Materyèl pou pasyan ki entène	Kouvri.
Transplantasyon ògàn ak tisi	Kouvri.
Laboratwa ak sèvis Radyoloji	
Mamografi	Kouvri.
Depistaj radyoloji woutin ak sèvis dyagnostik yo	Kouvri.
Tès etid sou somèy	Kouvri.
Sèvis matènité	
Sèvis Doula	Garanti pou manm ki kalifye yo.
Sèvis sant akouchman gratis	Kouvri.
Sèvis fanmsaj ki gen lisans	Kouvri.



Avantaj Estanda Medicaid yo	Kouvèti ak Limit
Soutyen nitrisyon apre akouchman	Garanti pou manm ki kalifye yo.
Ko-asirans Medicare	
Medicare franchiz/ko-asirans ak rès jiska kantite Medicaid pèmèt.	Kouvri.
Sèvis Lopital pou Pasyan ki Pa Entène	
Avòtman	Règleman federal yo pèmèt pwoteksyon toutotan gwo sès la se rezulta vyòl oswa ensès, oswa si moun nan soufri yon kondisyon fizik ki mete lavi andanje ki koze pa oswa ki soti nan gwo sès la menm.
Sant chirijikal anbilatwa	Kouvri.
Sèvis klinik	Kouvri.
Dyaliz	Kouvri.
Laboratwa dyagnostik ak radyoloji pou pasyan ekstèn	Kouvri.
Sèvis Terapi Pou Pasyan Ekstèn	
Ègoterapi	Kouvri.
Terapi fizik	Kouvri.
Dyalòg / patoloji langaj	Kouvri.
Preskripsyon	
Medikaman preskri, ki gen ladan medikaman doktè administre	Kouvri.
Sèvis Preventif	
Sèvis Prevansyon	Kouvri.



Avantaj Estanda Medicaid yo	Kouvèti ak Limit
Bilan woutin	Kouvri.
Depistaj Prekòs ak Peryodik, Dyagnostik ak Tretman (EPSDT)	Garanti pou timoun ki genyen mwens pase 21 lane yo.
Vaksinasyon	Kouvri.
Founisè swen prensipal	Kouvri.
Egzamen odisyon woutin	Garanti pou EPSDT pou timoun ki genyen mwens pase 21 lane.
Vizit nan kabinè	Kouvri.
Sèvis Pwofesyonèl Nan Biwo	
Tès pou alèji	Kouvri.
Sant nesans (endependan) sèvis	Kouvri.
Sèvis fanmsaj enfimyè ki sètifye	Kouvri.
Kiwopraktè	Kouvri.
Aparèy kontraseptif	Kouvri.
Sèvis konsèy fasafas pou sispann tabak	Kouvri.
Planifikasyon familyal ak sèvis ki lye ak planifikasyon	Kouvri.
Sant Sante Federal La Kalifye (FQHC)	Kouvri.
Tès laboratwa	Kouvri.
Sèvis konsèy laktasyon	Kouvri.
Fanmsaj ki gen lisans	Kouvri.



Avantaj Estanda Medicaid yo	Kouvèti ak Limit
Vizit nan kabinè	Kouvri.
Optometris	Kouvri.
Sèvis enfimyè pedyatrik oswa pou fanmi	Kouvri.
Podoloji	Kouvri.
Frè pou pasyan woutin nan esè klinik ki kalifye yo	Kouvri.
Vizit Nan kabinè espesyalis	Kouvri.
Sèvis konsèy pou sispann tabak	Kouvri.
Sèvis Vizyon	
Egzamen woutin nan zye	Yon fwa chak 12 mwa pou manm ki pokonbo gen 21 lane yo.
Linèt swa lantiy kontak	Yon fwa chak 12 mwa pou manm ki pokonbo gen 21 lane yo.
Reparasyon	Kouvri pou manm ki genyen mwens pase 21 lane yo.



Avantaj pou Swen Zye ak Dan yo

Avantaj pou Vizyon

Manm ki gen laj 20 lane oswa pi piti: Avantaj swen pou zye yo disponib pou manm Delaware Medicaid ki poko gen 21 lane kòm yon avantaj estanda. Avantaj sa a gen ladann yon egzamen je woutin chak 12 mwa ak pwoteksyon pou linèt oswa kontak chak 12 mwa. Rele doktè zye ou an oswa doktè zye timoun ou an pou pwograme yon egzamen woutin pou zye.

Manm ki gen laj 21 lane oswa plis: Delaware First Health founi avantaj anplis pou swen zye ki depase avantaj estanda Eta a pou manm ki gen laj 21 lane e ki pi gran **antanke yon avantaj ki gen valè ajoute..** Sa gen ladan l yon egzamen woutin pou zye chak 12 mwa ak pwoteksyon pou monti, lantiy, ak amelyorasyon lantiy oswa lantiy kontak (nan enstalasyon) jiska \$160 alokasyon, chak ane. Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou plis enfòmasyon.

Avantaj Dantè

Manm ki genyen 20 lane ak mwens yo:

Avantaj dantè estanda: Apati 1ye janvye 2025, Delaware First Health pral garanti sèvis dantè pou manm ki gen 20 lane oswa pi piti yo. Manm yo ka itilize kat idantifikasyon (ID) Delaware First Health yo an pou sèvis dantè nan rezo dantè Delaware First Health lan.

Manm yo ka jwenn sèvis tankou:

- Swen preventif: De egzamen dantè chak ane, ansanm ak netwayaj, tretman flyò, ak mastik.
- Swen restorasyon: Swen pou kari, plonbaj, kouwòn, ak rasin radikilè.
- Depistaj òtodontik: Egzamen nan men yon òtodontis.
- Travay òtodontik (tankou aparèy òtodontik): Garanti lè sa nesesè sou plan medikal.

Pou jwenn yon lis founisè k ap patisipe yo, vizite **DelawareFirstHealth.com** epi itilize zouti “Find a Provider” an. Pou kesyon sou avantaj dantè w yo oswa pou èd pou jwenn yon founisè, tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Manm yo, ki genyen 21 lane oswa plis yo:

Avantaj dantè estanda: Apati 2020, sèvis dantè yo disponib pou manm Delaware Medicaid ki gen laj 21 lane oswa plis. Sa genyen ladan \$1,000 kouvèti chak ane pou sèvis dantè yo, tankou netwayaj, Radyografi, ranplisaj kavite, ak plis. Chak vizite egzije yon kopeman \$3. Pou plis detay, vizite **DelawareFirstHealth.com**.

Avantaj dantè ijans: Manm Delaware Medicaid ki genyen 21 lane oswa plis yo genyen yon alokasyon dantè ijans. Yon fwa manm yo epwize alokasyon estanda \$1,000 yo an, yo kapab genyen aksè ak jiska \$1,500 pwoteksyon chak ane pou travay dantè ki reponn ak kritè avantaj pwolonje a. Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou plis enfòmasyon. Retire dan sajès ki afekte zo yo garanti tou pou manm Delaware Medicaid yo.



Sèvis Sante Konpòtmantal

Delaware First Health kouvri sèvis sante konpòtmantal pou manm nou yo. Tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) si ou gen kesyon.

Sèvis	Limit Kouvèti
<p>Sèvis swen konpòtmantal pou pasyan ki entène nan yon lopital jeneral, nan yon inite sikyatrik lopital jeneral, nan yon lopital sikyatrik. Sa gen ladann enstitisyon pou maladi mantal pou manm ki gen plis pase 65 lane e ki poko gen 21 lane ki se:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Nan yon etablisman tretman rezidansyèl prive (PRTF) pou moun ki gen mwens pase 21 lane; oswa • Nan tretman SUD pou moun ki rezidan sou peryòd ki kout nan yon enstitisyon pou maladi mantal (IMD). 	Kouvri pou manm ki genyen 18 lane ak plis. Pou manm ki genyen mwens pase 18 lane yo, sèvis sante konpòtmantal pou pasyan ki entène yo founi pa Delaware Department of Services for Children, Youth and Families (DSCYF).
<p>Tretman ki asiste avèk medikaman (MAT), ki genyen ladan sèvis depans pou pasyan ekstèn ak sèvis depandans rezidansyèl.</p>	Kouvri. Pou manm k ap patisipe nan PROMISE yo, sèvis sa yo se responsabilite Eta a epi ki peye pa FFS atravè DMES Eta a. Sepandan, kontraktè a responsab pou peman medikaman pou pasyan ekstèn ki garanti yo.
<p>Sèvis tretman pou twoub konsomasyon sibstans (SUD), ki genyen ladan yo sèvis depandans pou pasyan ekstèn ak sèvis depandans pou pasyan rezidansyèl ki genyen ladan yo tout nivo Sosyete Ameriken pou Medsin Adiksyon yo (ASAM) yo, ansanm ak sèvis rezidansyèl pou manm yo ki prensipalman ap resevwa tretman pou SUD ki se rezidan sou peryòd ki kout yo nan yon IMD</p>	Kouvri. Li nan avantaj sante konpòtmantal 30 inite pou pasyan ekstèn yo pou manm ki genyen mwens pase 18 lane yo (DSCYF founi isit la). Pou manm k ap patisipe nan PROMISE yo, sèvis sa yo se responsabilite Eta a epi FFS peye pou yo atravè DMES Eta a, sof pou dezentoksikasyon entansif pasyan ki entène ki jere sou plan medikal.



Sèvis	Limit Kouvèti
Vizit nan kabinè yo	Kouvri. Ki enkli nan avantaj sante konpòtmantal 30 init pou pasyan ekstèn yo pou manm ki genyen mwens pase 18 lane yo (ki founi isit la pa DSCYF). Pou manm k ap patisipe nan PROMISE yo, sèvis sa yo se responsablite Eta a epi ki peye pa FFS atravè DMES Eta a.
Sante mantal pou pasyan ekstèn ak konsomasyon sibstans	Kouvri. Li nan avantaj sante konpòtmantal 30 init pou pasyan ekstèn yo pou manm ki genyen mwens pase 18 lane yo (DSCYF founi isit la). Pou manm k ap patisipe nan PROMISE yo, sèvis sa yo se responsablite Eta a epi ki peye pa FFS atravè DMES Eta a.
Sèvis konpòtmantal pou trete twoub espèk otis (ASD) selon EPSDT	Kouvri pou manm ki genyen mwens pase 21 lane yo.
Entèvansyon pou kriz ak sèvis sante mantal sou-egi	Kouvri.

Si w ap viv detrès emosyonèl oswa detrès mantal, rele oswa voye yon mesaj tèks nan liy ki apwopriye pou kriz la ki anba nenpòt lè pou ou pale ak yon moun ki ap koute epi ede w. **Si ou andanje oswa ou bezwen atansyon medikal tousuit, rele 911.**

Liy Asistans Nasyonal pou Prevansyon Kont Swisid: **988**

Liy Tèks pou Kriz: Voye DE nan tèks nan nimewo **741741**

Liy pou Asistans nan Northern Delaware: **1-800-652-2929**

Liy pou Asistans nan Southern Delaware: **1-800-345-6785**

DSCYF 24/7 Soutyen Jèn yo nan pou Kriz: **1-800-969-4357**

Liy pou Kriz BH Delaware First Health la: **1-877-236-1341**



Avantaj ki Gen Valè Ajoute yo

Kòm yon manm Delaware First Health, ou ka jwenn sèvis siplémentè ki depase avantaj Medicaid estanda Delaware yo. Yo rele sa yo avantaj ki gen valè ajoute.

Sèvis	Deskripsiyon
Pwogram san preskripsyon (OTC)	\$120 pou chak kay pou chak ane (\$30 pou chak trimès) pou depanse nan atik chwazi OTC tankou kouchèt, pwodwi peryòd (tankou kousinen ak tanpon), ak anpil lòt bagay ankò. Pa gen preskripsyon ki nesesè.
Sèvis titora	Jiska \$200 chak ane nan titora pou manm yo ki nan klas K-12 yo ki riske pou yo pa ta fè ase nòt nan youn oswa plizyè matyè.
Sèvis GED	Manm ki gen laj 16 an oswa plis ki pa enskri kounye a nan lekòl la ka jwenn jiska \$200 nan kèk tès GED ak sèvis lesion patikilye.
Livrezon repa adomisil aprè egzeyat	Livrezon repa adomisil aprè egzeyat pou manm ki genyen risk elve pou reyadmisyon yo. Manm ki kalifye yo ka resevwa twa repa chak jou pandan sèt jou aprè yo fin kite lopital la oswa lòt etablisman pou pasyan ki entène yo.
Connections Plus®	Telefòn selilè gratis pou manm ki gen gwo bezwen nan Kowòdinasyon Swen oswa Jesyon Dosye ki gen bezwen ki kalifye yo.
Pwogram soutyen izolasyon sosyal ak aplikasyon	Pwogram soutyen kont izolman sosyal Pyx Health pou manm ki gen 18 lane oswa plis. Pyx Health gendwa rele manm ki gen laj 18 lane oswa plis pou envite yo rejwenn pwogram nan.
Aplikasyon pou soutyen sante konpòtmantal	Aksè ak yon aplikasyon mobil pou ede jere estrès ak kè sote, gwo doulè, ak plis toujou. Aplikasyon mobil lan bay aprantisaj pèsonalize sou entènèt pou adrese kondisyon sante konpòtmantal komen yo.
Sèvis vizyon pou granmoun	Manm yo ki gen laj 21 lane oswa plis yo kalifye pou yon egzamen zye woutin konplè avèk refraksyon chak 12 mwa ak yon alokasyon pou linèt jiska \$160 chak ane.
Transpò sante antye	Transpò nan avantaj ki gen valè ajoute (WeightWatchers®, tès GED, elatriye), ansanm ak transpò nan sèvis anplis ki gen rapò ak sante tankou reyinyon soutyen pou retablisman SUD, bank alimantè, ak entèvyou travay.



Sèvis	Deskripsiyon
Pwogram byennèt kominotè	Jiska \$250/ane pou pwogram ki sipòte objektif byennèt ki espesyal pou popilasyon an. <ul style="list-style-type: none">Timoun (5-18 lane): Koneksyon sosyal ak aktivite sen atravè kan dete oswa lòt pwogram.Granmoun ki plis pase 18 lane ki gen yon BMI ki depase 25: WeightWatchers®.Granmoun aje (60 lane ou plis): Afilyasyon nan sant pou granmoun aje ak pwogram e sèvis anplis.
Pwogram prevansyon kont dyabèt	Pwogram chanjman nan fsaon w viv nan manje sa ki bon sante ak aktivite fizik ki sen pou manm ki kalifye yo ak yon dyagnostik pre-dyabetik. Tanpri vizite DelawareFirstHealth.com pou mizajou sou avantaj sa a.
Entevansyon adomisil pou opresyon	Soutyen pou opresyon lakay ou. Sa gen ladan \$250 nan yon ane pou bezwen ki pa klinik, ki baze adomisil yo, tankou retire mwazi, netwayaj tapi, kabann ipoalèjenik, pwodui netwayaj ki ba VOC, pirifikatè lè, ak kontwòl ensèk nuizib pou manm ki kalifye nan Kowòdinasyon Swen oswa Jesyon Ka.
Alokasyon pou tranzisyon lojman	Jiska \$2,500 pou chak manm pou chak lavi pou ede etabli yon lojman ki estab. Pou manm 18+ nan Jesyon Ka oswa Kowòdinasyon Swen ki fè eksperyans sanzabri, tranzisyon soti nan swen adoptif a lavi endependan, oswa tranzisyon soti nan yon etablisman Kominotè oswa lavi endependan. Sèvis sa a anplis de \$2,500 estanda pou chak avantaj tranzisyon yo ofri manm LTSS yo.
Vizit dantè pratik	Vizit dantè pratik pou manm LTSS ki gen 21 lane oswa plis lè manm lan kòmanse ale kay yon nouvo dantis. Avantaj sa a tou pou tout manm ki pokon gen 21 lane. Vizit pratik la se yon chans pou manm lan rankontre ekip dantè a, diskite sou preferans ak enkyetid yo, epi konprann sa k ap pase nan yon vizit dantè anvan nenpòt egzamen oswa tretman fèt.



Pwogram Rekonpans My Health Pays®

Avèk pwogram rekonpans My Health Pays®, ou ka touche rekonpans lè ou fè aktivite an sante, tankou ale nan vizit byennèt chak ane ou, pran yon vaksen kont grip, wè dantis ou, ak plis ankò. Yon fwa ou fini premye aktivite sante ki kalifye ou a, ou ap resevwa kat prepeye My Health Pays Visa®* ou an nan men Delaware First Health. Yo ap ajoute rekonpans sou kat ou a chak fwa ou ranpli yon aktivite ki kalifye.

*Se *The Bancorp Bank, Member FDIC ki bay kat sa a, selon yon lisans Visa U.S.A. Inc. Kat la ka itilize tout kote yo aksepte kat Visa yo. Gade Akò Titular Kat pou jwenn enstriksyon konplè sou itilizasyon.*

Rekonpans My Health Pays® pou 2025:

Aktivite	Rekonpans	Frekans rekonpans
Enskri atravè pòtay manm lan.	\$10	Yon sèl fwa rekonpans.
Konfirmasyon PCP nan 30 jou apre enskripsyon an.	\$15	Yon sèl fwa rekonpans.
Ranpli evalyasyon risk pou sante an (HRA).	\$20	Yon sèl fwa rekonpans.
Finalize notifikasyon sou gwochès la (NOP).	\$20	Youn pou chak gwochès.
Ale nan vizit prenatal ou nan premye trimès ou oswa nan espas 42 jou apre enskripsyon an nan Delaware First Health.	\$50	Youn pou chak gwochès.
Fè twazyèm vizit prenatal ou a.	\$20	Youn pou chak gwochès.
Fè sisyèm vizit prenatal ou a.	\$20	Youn pou chak gwochès.
Vaksen Tdap prenatal.	\$15	Youn pou chak gwochès.
Vaksen RSV prenatal.	\$15	Youn pou chak gwochès.
Ale nan vizit apre akouchman ou a.	\$40	Youn pou chak gwochès.
Ale nan 3 vizit pou timoun ansante ki gen laj 0 a 15 mwa.	\$50	Rekonpans sa a ka touche de fwa! Egzije 3 vizit oswa reklamasyon pou resevwa \$50 rekonpans. \$100 pou toude rekonpans yo.
Jwenn yon tès depistaj plon nan 12 mwa.	\$25	Yon sèl fwa rekonpans.



Aktivite	Rekonpans	Frekans rekonpans
Jwenn yon tès depistaj plon nan 24 mwa.	\$25	Yon sèl fwa rekonpans.
Ale nan vizit timoun ansante an, pou timoun ki gen laj 15 a 30 mwa.	\$25	Rekonpans sa a ka touche de fwa! \$25 pou chak vizit.
Ale nan vizit timoun ansante an, pou timoun ki gen laj 3 a 18 lane.	\$25	Yon fwa nan yon ane.
Pran medikaman kontwolè opresyon ou an, pou laj 18 an oswa mwens.	\$25/ egzekisyon preskripsyon	Touche rekonpans sa a jiska 6 fwa chak ane. Si w egzekite medikaman kontwolè opresyon w lan 6 fwa nan yon ane, w ap touche \$150.
Ale nan vizit adilt byen, pou moun ki gen laj 18 ak plis.	\$25	Yon fwa nan yon ane.
Pran vaksen kont grip ou an, pou moun ki gen laj 6 mwa ak plis yo.	\$15	Yon fwa nan yon ane.
Ale nan vizit dantè chak ane pou grammoun., laj 21 lane ak plis yo.	\$20	Yon fwa nan yon ane.
Reyalize tès dyabèt HbA1c, pou manm ki gen dyabèt ki nan laj 18 a 75 lane yo.	\$20	Yon fwa nan yon ane.
Fè yon egzamen retin, pou manm ki gen dyabèt ki nan laj 18-75 lane yo.	\$25	Yon fwa nan yon ane.
Konplete tès depistaj kansè nan tete, pou moun ki gen laj 40 a 74.	\$25	Chak dezan.
Ranpli tès depistaj kansè nan matris, pou moun ki gen laj 21 a 64 an.	\$30	Chak twazan.
Ranpli tès depistaj kansè kolorektal, pou moun ki gen laj 50 a 75 an.	\$20	Yon sèl fwa rekonpans.
Jwenn premye medikaman pou w sispann tabak.	\$20	Yon fwa nan yon ane.



Aktivite	Rekonpans	Frekans rekonpans
Ale nan vizit swivi lopital sante konpòtmantal.	\$20	Yon fwa nan yon ane.
Ale nan vizit swivi rezidansyèl pou twoub itilizasyon sibstans.	\$20	Yon fwa nan yon ane.

Avantaj Leta Garanti yo

Delaware Medicaid State Plan lan bay sèvis swen sante ak avantaj ki pa garanti anba avantaj estanda DSHP Plus LTSS yo. Pou jwenn èd ak avantaj sa yo, kontakte Depatman Jesyon Swen an nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Sèvis sa yo genyen ladan:

- Swen pedyatrik pwolonje yo preskri (PPEC).
- Transpò medikal ki pa ijans (NEMT).
- Sèvis espesyalize pou rezidan etablisman swen enfimyè yo.
- Lòt sèvis sante konpòtmantal pou timoun ki poko gen 18 lane.

Sèvis	Definisyon / Limit
Swen pwolonje pedyatrik yo preskri (PPEC)	<p>PPEC se yon pakè ki gen ladann:</p> <ul style="list-style-type: none"> Swen Enfimyè. Evalyasyon nitritif. Evalyasyon devlopman. Dyalòg. Fizik. Sèvis ègoterapi. <p>Yo bay sèvis sa yo nan yon anviwònman pou pasyan ekstèn, jan yon medsen k ap trete w mande sa.. Sa a garanti pa Leta.</p>



Sèvis	Definisyon / Limit
Transpò medikal ki pa ijans (NEMT)	<p>Transpò medikal ki pa ijans disponib pou tout manm DSHP ak manm DSHP Plus ak DHCP yo. Sa a garanti pa Leta.</p> <p>Aranjman transpò yo ta dwe fèt omwen 72 èdtan davans yon randevou ki pwograme. Modivcare pral verifye si benefisyè a kalifye pou Delaware Medicaid, epi transpò obligatwa pou ale nan yon sèvis ki garanti. Yon fwa toude kritè yo konfime, Modivcare pral fè aranjman pou youn nan founisè transpò ki gen kontra yo fè aranjman pou transpò ki apwopriye pou al nan sèvis medikal ki garanti a.</p> <p>Kliyan Delaware Medicaid ki kalifye ki bezwen transpò ki pa ijans ta dwe rele Modivcare nan 1-866-412-3778.</p>
Sèvis espesyalize pou rezidan sant retrèt ki pa nan sèvis ki garanti yo	<p>Eta a ap bay sèvis espesyalize jan sa detèmine nesesè bò kote Eta a nan kad pwoesis Nivo II PASRR a ki pa nan pakè avantaj DSHP Plus LTSS la.</p>
Sèvis anplwa ak sipò yo bay atravè Pathways	<p>Sèvis yo disponib pou manm k ap patisipe nan Pathways yo pou konplete sèvis ki garanti bò kote Delaware First Health yo. Eta a garanti sèvis sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Eksplorasyon ak evalyasyon karyè. • Soutyen pou plasman nan travay. • Travay ki jwenn akonpayman pou moun. • Travay ki jwenn akonpayman pou ti gwoup. • Konsèy pou avantaj. • Fòmasyon finansye. • Transpò ki pa medikal. • Swen pèsonèl. • Oryantasyon, mobilite, ak teknoloji asistans.



Sèvis	Definisyon / Limit
Sèvis sante konpòtmantal anplis	<p>Sèvis sante konpòtmantal pou timoun ki genyen mwens pase 18 lane:</p> <ul style="list-style-type: none"> Sèvis sante konpòtmantal yo bay manm ki genyen mwens pase 18 lane yo anplis sa yo ki genyen nan pakè avantaj DSHP a garanti bò kote Eta a. Sa genyen ladan sèvis pou pasyan ekstèn odela de sa ki nan pakè avantaj DSHP a, ansanm ak sèvis sante konpòtmantal pou pasyan rezidansyèl ak pou pasyan ki entène. <p>Sèvis sante konpòtmantal pou manm ki genyen 18 lane ak plis yo ki patisipe nan PROMISE:</p> <ul style="list-style-type: none"> Jan sa endike nan pakè avantaj DSHP ki pi wo a, Delaware First Health p ap garanti sèvis sa yo ankò lè yon manm ap patisipe nan PROMISE. Pou manm k ap patisipe nan PROMISE, sèvis sa yo garanti pa Eta a: <ul style="list-style-type: none"> Sèvis pou twoub itilizasyon sibstans (SUD) yo ki pa detoksifikasyon entansif pou pasyan ki entène ki medikalman jere. Sèvis pwofesyonèl swen sante ki kalifye. Sèvis ki swiv la yo garanti bò kote Eta a e yo disponib pou manm k ap patisipe nan PROMISE yo pou konplete sèvis ki garanti yo Delaware First Health founi: <ul style="list-style-type: none"> Jesyon swen. Konsèy pou avantaj. Soutyen ak tretman sikyatrik kominotè. Soutyen rezidansyèl kominotè, lojman ki asiste pa ladan l. Sèvis tranzisyon kominotè. Fòmasyon finansye. IADL/travay nan kay. Sèvis soutyen pou travay endividyèl. Transpò ki pa medikal. Sèvis swen enfimyè anplis. Soutyen pou kamarad yo. Swen pèsonèl. Reyadaptasyon sikososyal (PSR). Repi. Travay ki ede nan ti gwoup sou peryòd ki kout.



Sèvis	Definisyon / Limit
Sèvis egzansyon sou esperans lavi pou Delaware Division of Developmental Disabilities (DDDS)	<p>Sèvis ki swiv yo garanti bò kote Eta a e yo disponib pou manm k ap patisipe nanegzansyon sou esperans lavi DDDS lan antanke yon konpleman pou sèvis ki garanti Delaware First Health founi:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Teknoloji asistans. • Konsiltasyon konpòtmantal. • Patisipasyon kominotè. • Tranzisyon kominotè. • Adaptasyon lajounen. • Adaptasyon aksesible nan kay oswa nan machin. • Konsiltasyon enfimyè. • Swen pèsonèl. • Sèvis prepwofesyonèl. • Adaptasyon rezidansyèl. • Repi. • Ekipman ak materyèl medikal espesyalize anplis. • Travay ki ede. • Asistans pou viv.

Transpò Medikal Ki Pa Ijans

Manm Delaware Medicaid yo ka jwenn sèvis transpò medikal ki pa ijans (NEMT). Se Eta Delaware ki ofri sèvis NEMT ou yo atravè ModivCare. Tanpri rele ModivCare nan **1-866-412-3778** pou èd ak NEMT. Manm yo dwe rele 72 èdtan alavans pou pwogramme yon randevou transpò. Pou plis enfòmasyon, vizite dhss.delaware.gov/dmma/medical.html.

Pwogram Medyasyon Swen sou Peryòd ki Long

Se Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Delaware yo (DHSS) ki ofri Pwogram Medyatè Swen sou Peryòd ki Long yo.

Medyatè Ombudsman a defann enterè rezidan k ap viv nan etablisman swen sou peryòd ki long yo, ak sila yo k ap viv nan lòt anviwonnan (tankou nan pwòp kay yo) epi resevwa sèvis adomisil ak sèvis kominotè. Pwogram Ombudsman a mennen ankèt epi rezoud plent yo nan non moun sa yo. Plent ka fèt bò kote rezidan yo, manm fanmi yo, oswa lòt pati ki enplike yo.

Ou ka kontakte Pwogram Medyasyon Swen Sante sou Peryòd ki Long la lè w rele **1-855-773-1002** (TTY: **1-302-391-3505**) oswa lè w voye yon imèl nan DHSS_OSEC_Ombudsman@delaware.gov.



Otorizasyon Alavans

Delaware First Health dwe apwouve kèk sèvis anvan yo ka bay yo. Yo rele sa otorizasyon alavans. Si ou pa rive jwenn otorizasyon sa ka lakoz refi administratif reklamasyon yo. Founisè Delaware First Health pa kapab voye bòdwo yon manm pou nenpòt sèvis Delaware First Health te refize administratif paske founisè a pa t jwenn otorizasyon alè. Founisè w la ka mande yon otorizasyon nan faks, telefòn, oswa pòtay entènèt an sekirite ak tout enfòmasyon klinik ki nesesè yo.

Verifye pou wè si yon otorizasyon alavans nesesè lè w itilize zouti sou entènèt nou an nan

DelawareFirstHealth.com. Si ou gen nenpòt kesyon, rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Sèvis ki Bezwen Otorizasyon Alavans

Kèk nan sèvis ki bezwen otorizasyon alavans yo se:

- Swen nan lopital pou pasyan ki entène.
- Swen nan yon etablisman retrèt kalifye.
- Swen sante adomisil.
- Sèvis adaptasyon.
- DME, ortèz, ak pwotèz.
- Analiz CT, MRI, MRA, kadyoloji nikleyè, radyoloji nikleyè, ak analiz PET.
- Tès dyagnostik jeneric ak molekilè.
- Tès kantitatif pou medikaman.
- Aparèy oditif ki ka enplante.
- Fizyoterapi, ègoterapi, òtofoni.
- Transplantasyon.
- Chiriji baryatrik.
- Kèk chiriji òtopedik tankou ranplasman atikilasyon ak chiriji nan kolòn vètebral.
- Pwosedi pou jesyon doulè.
- Etid sou somèy nan etablisman.
- Admisyon sikuatrik pou pasyan ki entène.
- Admisyon sou konsomasyon pwodwi chimik ak sibstans.
- Ospitalizasyon pasyèl pou sante konpòtmantal.
- Pwogram entansif pou pasyan ekstèn pou sante konpòtmantal.
- Etablisman tretman rezidansyèl pou sante konpòtmantal.
- Terapi elektwokonvilsif (ECT).



- Estimilasyon mayetik transkranyal (TMS).
- Tès sikolojik ak newosikolojik.
- Sèvis yo resevwa atravè yon founisè andeyò rezo a (eksepte swen ijans, apre estabilizasyon, ak kèk sèvis planin familyal).

Lis sa a pa konplè. Tanpri itilize zouti sou entènèt nou an nan **DelawareFirstHealth.com** pou wè si yon otorizasyon alavans nesesè pou yon pwosedi presi. Si ou gen nenpòt kesyon, rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Sèvis Ki Pa Garanti Yo

Delaware Medicaid oswa Delaware First Health pa garanti kèk sèvis. Sa gen ladan:

- Sèvis ki pa nesesè sou plan medikal.
- Tretman pou enfètilite.
- Sèvis kosmetik (sòf si sèvis la nesesè sou plan medikal).
- Sèvis ki bay andeyò zòn kontinantal Etazini an.
- Esterilizasyon yon moun ki mantalman enkonpetan oswa ki enstitisyonalize.
- Enfimyè syans kretyen ak sanitè.

Si ou Resevwa yon Fakti

Si ou resevwa yon fakti ou pa panse ou dwe, **pa inyore l**. Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) tousuit. Nou ka ede w konprann poukisa ou kapab te resevwa yon fakti. Si ou pa responsab pou peman an, Delaware First Health pral kontakte founisè a epi ede rezoud pwoblèm nan pou ou.

Delaware First Health vle asire l ou ka jwenn swen medikal ki plis ajou yo. Nou genyen yon ekip k ap kontwole avansman nan lamedsin yo. Sa kapab genyen ladan l nouvo medikaman, tès, chiriji oswa lòt opsyon tretman. Ekip la verifye pou asire ke nouvo tretman yo san danje. N ap enfòme ou menm ak PCP ou an sou nouvo sèvis ki garanti nan avantaj ou yo.

SISTÈM SOUTYEN LTSS POU MANM YO

Jesyon Ka

Manadjè dosye yo se pwofesyonèl swen sante ki sèvi kòm defansè pou sipòte, gide, ak kowòdone swen pou ou, fanmi ou, ak moun k ap bay swen ou yo. Manadjè dosye yo kowòdone tout sante fizik ou ak sante konpòtmantal ak sèvis epi soutyen sou peryòd ki long ou yo.



Sèvis Jesyon Ka

Si w ap viv nan yon anviwònman kominotè, manadjè dosye w la ap kontakte w nan telefòn epi l ap rankontre w fasafas. Objektif vizit la se pou reyalize yon evalyasyon konplè pou ede konprann bezwen ou yo epi devlope yon plan swen ki satisfè objektif ou yo. Plan swen w lan ap gen ladan l tout sèvis ou bezwen yo, tankou èd ki abòde bezwen sosyal ki gen rapò ak sante tankou manje, transpò, ak lojman.

Si w ap viv nan yon anviwonnan etablisman rezidans ki bay sèvis soutyen, manadjè dosye w la ap rankontre avèk ou fizikman pou diskite sou objektif ou yo. Manadjè dosye w la ap travay avèk ou menm ak fwaye retrèt la pou asire tout bezwen ou yo satisfè. Manadjè dosye w la ap poze kesyon tou konsènan enterè w ak kapasite w pou w vin viv nan kominote a epi l ap pale avèk ou sou sèvis ki disponib pou sipòte demenajman w la.

Manadjè dosye w la ka ede w:

- Konprann avantaj ou yo epi reponn kesyon yo.
- Jwenn swen medikal ak sèvis ou bezwen yo.
- Atenn objektif ki enpòtan pou ou yo.
- Aprann sou twoub sante ak medikaman ou yo.
- Kowòdone sante fizik ou, sante konpòtmantal, ak bezwen LTSS ou yo.
- Fè aranjman ak kowòdone sèvis yo.
- Rezoud baryè pou jwenn aksè ak sèvis ki nesesè yo.
- Mete ajou plan swen w lan lè bezwen w yo chanje.

Diferan Sèvis

Yon espas sèvis se lè ou pa resevwa yon sèvis yo apwouve ou genyen. Tanpri kontakte manadjè dosye w la si gen yon espas nan sèvis ou apwouve yo. Sa ka nan lè yon founisè pa parèt pou travay. Li enpòtan pou w travay avèk manadjè dosye w la pou w gen yon bon plan pou ijans ak plan soutyen pou ka gen twou vid ki genyen nan sèvis yo.

Komite Konsilitatif Pou Manm LTSS Yo

Konsèy Konsilitatif Manm LTSS Delaware First Health la (MAC) divès e enklizif. LTSS MAC nou an reprezante yon laj seksyon transvèsal patisipasyon manm Delaware First Health yo avèk respè pou ras, etnisite, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite seksyèl, lang prensipal, anplasman jewografik, laj, andikap, ak eta sante. LTSS MAC la rankontre chak trimès epi fè wotasyon nan anplasman rankont lan pami twa konte Delaware yo avèk opsyon pou patisipan yo patisipe fizikman, nan telefòn, oswa atravè webinè. LTSS MAC pral mande kòmantè dirèk nan men manm yo pou fòme pwogram, dokiman, ak komunikasyon Delaware First Health yo. Anplis, rankont LTSS MAC yo pral sèvi kòm edikasyon nan de sans pou manm ak defansè k ap patisipe yo pou asire ke yo okouran de resous ki disponib yo ak pou idantifye fason nou amelyore aksè, kalite swen, sèvis, HRSN, ekite sante, edikasyon pou sante, angajman manm, ak rezulta manm yo.

Pou aprann plis sou LTSS MAC la, pale avèk manadjè dosye ou an oswa rele Delaware First Health nan **1-877-236-1341** (TTY: 711).



Sèvis Adomisil ak Sèvis Kominotè yo (HCBS)

Sèvis adomisil ak kominotè a ka ede w viv lakay ou oswa nan yon lòt anviwònman kominotè tankou yon etablisman rezidans ki bay sèvis soutyen. Sèvis adomisil ak kominotè a gen ladan l swen oksilyè, sèvis travay nan kay, swen pou repi ak lòt sèvis pou ba w soutyen pou bezwen w chak jou epi kenbe w ansekirite. Manadjè dosye w la ap ede ou jwenn sèvis ou bezwen yo.

Sèvis Oto-Dirije Adomisil ak Kominotè

Antanke yon manm DSHP Plus LTSS, ou gendwa chwazi pou otodirije, travay nan kay, oswa sèvis repi swen oksilyè ou an.

Swen oksilyè ki otodirije (SDAC) ba ou kapasite pou chwazi responsab swen pèsonèl ou (yo) epi devlope yon plan swen pèsonalize pou satisfè bezwen ou yo. Ou ka chwazi pou chwazi epi anboche moun ki satisfè bezwen ou yo epi kontwole kalite sèvis ou yo.

Apre yon oto-evalyasyon, manadjè dosye w la gendwa detèmine ou bezwen èd pou dirije sèvis ou yo. Nan ka sa a, w ap bezwen nonmen yon reprezantan pou reyalize responsabilite trtavay yo nan non w. Yon Kontra Reprezantan Travay lan ap siyen ant moun ou chwazi a ak ou menm.

Sèvis otodirije adomisil e kominotè (HCBS) opsyonèl epi ou ka chwazi pou w patisipe oswa soti nan HCBS otodirije nenpòt kilè.

Si w chwazi swen otodirije, w ap gen otorite pou pran desizyon sou anplwaye otodirije yo.

Sa a gen ladan, men se pa sa sèlman:

- Rekritman anplwaye SDAC.
- Chwazi anplwaye SDAC yo.
- Anboche anplwaye SDAC yo.
- Verifye kalifikasyon anplwaye SDAC yo.
- Jwenn yon verifikasiyon antesedan kriminèl pou anplwaye SDAC yo.
- Ki gen ladan nenpòt kalifikasyon espesyal ki baze sou bezwen ou ak preferans.
- Evalye pèfòmans anplwaye SDAC la.
- Kondisyon Vizit Verifikasiyon Elektwonik (EVV), ki gen ladan verifye tan travay ak apwouve fèy tan.
- Dechaje, oswa mete fen nan travay la, anplwaye SDAC yo.

Kalifikasyon minimòm obligatwa pou anplwaye a gen ladan yo:

- Dwe gen omwen 18 lane.
 - Dwe genyen konpetans ki nesesè pou fè sèvis yo egzije yo.
- Dwe genyen yon nimewo Sekirite Sosyal (SSN) ki valid.
- Dwe dispoze soumèt yon verifikasiyon antesedan kriminèl.



Pou ede w chwazi yon SDAC, w ap gen chwa yon founisè Sèvis Jesyon Finansye (FMS), wòl ak responsabilite founisè FMS la se:

- Reyalize fòmasyon inisyal ak pèmanan anplwaye SDAC yo.
- Kenbe yon lis (lis) anplwaye SDAC yo.
- Ede w ranpli fòmilè ki gen rapò ak travay yo.
- Reyalize epi peye pou verifikasyon antesedan kriminèl la.
 - FMS ap bay yon kopi lè yo mande sa. Nan ka moun nan pa pase verifikasyon antesedan an, ou ap avèti sou risk ki genyen nan anplwaye moun nan epi siyen yon kontra sou risk.
- Bay enfòmasyon sou relasyon travay/anplwaye an.
- Ede nan rezolisyón pwoblèm.
- Ede nan egzekite plan soutyen manm nan.

N ap travay ansanm pou asire w ap resevwa sèvis yo jan sa nesesè, sa ap gen ladan l:

- Kalite sèvis yo bay ak sante, sekirite, e byennèt manm k ap vote SDAC yo.
- Swen yo bay dapre plan swen manm nan, nan tout espesifikasiyon.
- Egzekisyón plan rezèv la bò kote manm oswa founisè a.
- Patisipasyon manm nan pwogram nan.
- Siksè manm lan nan pwogram nan.
- Modèl nan pwogram nan ki egzije entèvansyon manadjè dosye a.

Nou ap sipòte chwa ou HCBS endependan nan ede w chwazi yon antite pou ede w ak pwosesis sa a. Gen yon chwa nan ajans ki disponib pou ede ak pwosesis la onboarding nan anplwaye ou yo. Si ou ta renmen ede jere anplwaye ou yo, ou ka chwazi yon reprezantan ou fè konfyans pou jere travay yo pou ou. Tanpri pale ak manadjè dosye w la pou w aprann plis sou HCBS Oto-Dirije.

***Delaware First Health rezève l dwa pou dezenskri manm yo nan HCBS Otodirije si yo pa satisfè bezwen sante, sekirite oswa byennèt manm nan atravè pwogram nan. Si manm yo pa kapab akonpli travay ki nesesè pou otodirije sèvis oswa si gen fwod nan itilizasyon fon Medicaid yo atravè pwogram sa a.**

Verifikasyon Vizit Elektwonik

Gen kèk sèvis (tankou swen asistan yo bay atravè ajans oswa atravè opsyon oto-dirije an, sèvis repi adomisil, ak sèvis menaj nan kay) yo kapab sibi verifikasyon vizit elektwonik (EVV). EVV se yon sistèm ki baze sou entènèt ki verifye lè vizit founisè yo fèt epi li dokimante lè egzak sèvis yo kòmanse ak fini. Li asire ou jwenn sèvis apwouye. EVV pa gen enpak sou kantite, dimansyon ak dire sèvis yo, oswa chwa founisè ou yo.

EVV pran detay sou vizit ak sèvis moun k ap bay swen yo bay atravè opsyon HCBS Oto-Dirije a. Se wòl ou pou asire w anplwaye a (yo) prezan pandan tan yo ap antre ak soti nan sistèm EVV a epi w ap resevwa sèvis yo apwouye. Kontakte manadjè dosye w la pou nenpòt kesyon oswa enkyetid.



Sèvis Etablisman Swen Enfimye

Sèvis etablisman swen enfimyè gen ladann swen enfimyè kalifye ak sèvis ki asosye, reyabilitasyon, ak swen alontèm ki gen rapò ak sante. Swen kalifye kout tèm ak / oswa reyabilitasyon se lè plan an se pou ou retounen lakay ou. PCP, espesyalis, oswa lopital la ta dwe soumèt yon demann otorizasyon alavans. Otorizasyon alavans dwe apwouve anvan admisyon an.

Swen gadyen sou peryòd ki long nan yon etablisman retrèt se yon avantaj ki garanti lè ou pa gen bezwen enfimyè ki kalifye, men ou bezwen èd ak aktivite lavi chak jou yo.

Tranzisyon nan Etablisman Enfimyè (NFT)

Nou vle pou ou gen bon swen an, nan moman ki apwopriye a, epi nan anviwonnan ou chwazi a. Si w kapab epi ou vle deplase soti nan yon etablisman pou al nan yon anviwonnan kominotè, manadjè dosye w la ap enfòme w sou pwogram NFT la. Pwogram NFT a disponib pou ede w deplase soti nan yon etablisman swen alongtèm ki kalifye (mezon retrèt, etablisman swen entèmedyè pou andikap devlopman, oswa lopital Eta a) nan yon rezidans ki kalifye nan kominote a. Ou ka jwenn sèvis adomisil ak kominotè pou sipòte ou. Chwa ou a enpòtan pou asire tranzisyon ou a se yon siksè.

Manadjè dosye w la ap travay avèk ou pou ranpli evalyasyon pou asire kote w chwazi pou w viv la satisfè bezwen w yo epi li ba w aksè ak kominote w la. Ou gendwa kapab jwenn èd ak depans pou tranzisyon an, jiska \$5,000. Lajan sa a se Eta Delaware ki bay li e li gendwa itilize pou frè aplikasyon pou lojman, depo sekirite, ak / oswa asire w kay ou a ekipe ak bezwen lavi chak jou yo. Atik sa yo gen ladan yo mèb, atik kwizin, atik pèsonèl, ak lòt nesesite pou asire w ou gen soutyen epi ansekirite. Manadjè dosye w la ap travay avèk ou menm ak moun ki sipòte w pou prepare tout bagay pou ou anvan ou demenaje. Sa ka genyen ti chanjman adomisil, sèvis, founisè, medikaman, ak plis ankò.

Pou aprann plis sou sèvis tranzisyon etablisman fwaye retrèt yo, pale ak manadjè dosye ou an oswa rele Delaware First Health nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Responsabilite Pasyan an

Ou ka oblige peye pou yon pati nan pri swen ou nan yon fwaye retrèt oswa yon etablisman asistans. Yo rele sa "responsabilite pasyan". Etablisman an ka pa kite ou rete la si ou refize peye. Kantite lajan ou peye a depann ak revni ou. Pale ak manadjè dosye w la si w gen kesyon oswa enkyetid.

Konsantman Eklere

Li enpòtan pou granmoun aje ak moun ki gen andikap ki itilize sèvis LTSS yo konnen sa k pa anfòm ak swen sante yo pou ede nan pran desizyon. *Konsantman eklere* vle di ou gen dwa konnen ak konprann tout detay enpòtan sou nenpòt tretman medikal, pwosed, oswa sèvis anvan ou dakò ak li. Sa gen ladan l konnen kisa tretman oswa sèvis la ye, kijan li ka ede w, nenpòt risk potansyèl oswa efè segondè, ak nenpòt lòt opsyon ou ta ka genyen. Ou ka poze kesyon pou asire w ou konprann tout bagay anvan ou deside si ou ap kontinye ou non ak yon sèten tretman oswa sèvis. Konsantman ou montre ou dakò ak tretman an oswa sèvis apre ou fin gen tout enfòmasyon sa yo.



Men yon dekonpozisyon sou sa li enplike:

Konpreyansyon sou Enfòmasyon yo

- Ou dwe jwenn detay klè, konplè, ak aksesib sou nati, avantaj, risk, ak altènativ tretman, pwosedi, oswa aksyon yo pwopoze a.
- Enfòmasyon yo ta dwe prezante nan yon fason ki konpreyansib, ki konsidere nenpòt pwoblèm mantal oswa sansoryèl ki gendwa afekte konpreyansyon.

Kapasite pou Deside

- Moun nan dwe gen kapasite mantal pou l konprann enfòmasyon yo bay la epi pou l byen konprann konsekans desizyon l yo.
- Evalyasyon kapasite sitou enpòtan pou granmoun aje ak moun ki gen andikap, tankou twoub sante tankou demans, andikap mantal, oswa pwoblèm sante mantal gendwa afekte kapasite yo pou bay konsantman eklere.

Volonte

- Ou dwe bay otorizasyon volontèman, san okenn fòm fòse, enflyans san rezon, oswa presyon. Ou ta dwe santi w lib pou poze kesyon epi pran tan pou konsidere opsyon yo.
- Sa a enpòtan anpil pou granmoun aje ak moun ki gen andikap, ki gendwa pi vilnerab ak enflyans responsab swen yo, manm fanmi yo, oswa founisè swen sante yo.

Kominikasyon ak Soutyen

- Yo pral bay soutyen apwopriye pou asire w ou ka kominike desizyon w la. Sa gendwa gen ladan l itilizasyon aparèy pou ede, entèprtèt, oswa esplikasyon senplifye.
- Manm fanmi, gadyen legal, oswa defansè yo ka patisipe, men konsantrasyon an ta dwe rete sou preferans ak ottonomi moun nan.

Pwosesis Pèmanan

- Konsantman eklere an pa yon evènman yon sèl fwa; li ta dwe yon konvèsasyon pèmanan, sitou si twoub medikal moun nan chanje ofiramezi. Yo bezwen reevalyasyon regilye sou konpreyansyon ak volonte moun nan.

Konsiderasyon Legal ak Etik yo

- Pou moun ki pa kapab bay konsantman eklere, yo ka bezwen yon gadyen legal oswa yon avoka pou pran desizyon nan non yo, ki toujou priyorize pi bon enterè moun nan.
- Founisè swen sante yo dwe respekte nòm legal yo ak direktiv etik yo pou asire konsantman an valab epi respekte dwa ak diyite granmoun aje yo ak moun ki andikape yo.

Pwosesis sa a se pou pwoteje ottonomi (ottonomi) ak dwa granmoun aje yo ak moun ki andikape yo, asire yo konplètman enfòme e patisipe aktivman nan desizyon ki afekte lavi yo.



Kibò ou ta Dwe ale pou Jwenn Swen

Jwenn bon swen an nan bon kote an

Asire w ou konnen ki kote pou w jwenn swen medikal lè w bezwen li. Si w malad oswa blese, ou gen plizyè opsyon pou jwenn swen ou bezwen an.

Founisè pou Swen Primè (PCP)

PCP ou a se yon doktè oswa enfimyè ki bay, planifye ak/oswa ede w jwenn aksè ak sèvis swen sante yo. Rele biwo a pou w planifye yon vizit si w pa bezwen swen medikal imedya. Si ou poko enskri pou yon PCP, ou ka fè sa lè w konekte sou pòtay pou manm ou an oswa lè w rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Al wè PCP w la si w bezwen:

- Ede ak rim sèvo, grip, ak lafyèv.
- Swen pou pwoblèm sante pèmanan, tankou opresyon oswa dyabèt.
- Yon egzamen byennèt anyèl.
- Vaksinasyon (vaksen).
- Konsèy jeneral sou sante jeneral ou.

Telesante — Vityèl Doktè Vizit

Telemedsin se yon vizit vityèl ak yon doktè ki nan rezon a ki fèt nantchat videoyo. Apre ou fin kreye kont ou an, ou ka pwograme vizit la nan aplikasyon an. Apresa, ou menm ak yon doktè w lan pral rankontre pou diskite sou pwoblèm sante ou an oswa kesyon ou yo.

Ak telemedsin ou gen aksè 24 sou 24 ak founisè anndan rezo a pou pwoblèm sante ki pa ijans.

Pou plis enfòmasyon, verifye depliyan telesante ki te vini ak gid enskripsyon w la.

Ou ka vizite tou **DelawareFirstHealth.com/telehealth** pou aprann plis.

Nimewo Konsèy Enfimyè 24 sou 24, 7 jou sou 7

Liy konsèy enfimyè 24, 7 jou sou 7 nou an se yon liy telefòn gratis pou enfòmasyon sou sante. Pwofesyonèl medikal yo disponib pou reponn kesyon sou sante w. Yo ka ede tou deside si ou ta dwe wè PCP ou epi ede w fikse randevou w la.

Rele liy konsèy enfimyè 24, 7 jou sou 7 nou an si ou bezwen:

- Ede konnen si w ta dwe wè PCP w la.
- Ede pran swen yon timoun ki malad.
- Reponn kesyon sou sante w.

Sant pou Swen Ijan

Sant pou swen ijan yo ede fè dyagnostik ak trete maladi oswa blesi ki pa menase lavi men ki pa ka tann jiska demen. Si kabinè PCP w la fèmen, yon sant pou swen ijan ka ba w swen rapid ak pratik. Sant pou swen ijan yo ka ofri tou tan atant ki pi kout pase yon sal ijans (ER).

Ale nan yon sant swen ijan ki nan rezo a pou:

- Antòs.
- Enfeksyon nan zòrèy.
- Gwo lafyèv.
- Sentòm grip ak vomisman.



Sal ijans (ER)

Nenpòt bagay ki ta ka mete lavi w andanje (oswa lavi pitit ou ki poko fèt, si w ansent) san atansyon medikal imedya konsidere kòm yon sitiayasyon ijans. Sèvis ijans trete blesi aksidan oswa aparisyon sa ki sanble yon kondisyon medikal. Nòt: Sèvis ijans yo pa bezwen otorizasyon alavans.

Nan ka on ijans ou kwè ou genyen yon ijans, rele 911 oswa ale nan sal ijans ki pi pre a. Apre tretman an, rele PCP ou nan espas 24 èdtan oswa pi vit posib.

Ale nan ER si ou genyen:

- Zo kase.
- Senyen ki pa kanpe.
- Doulè tranche oswa lòt senyen (si w ansent).
- Gwo doulè nan pwatrin oswa sentòm atak kadyak.
- Ovèdoz nan dwòg.
- Konsomasyon pwazon.
- Move boule.
- Sentòm chòk (swe, swaf dlo, vètij, po pal, elatriye).
- Konvilsyon oswa kriz.
- Pwoblèm respirasyon
- Enkapasite toudenkou pou wè, deplase, oswa pale.
- Blesi nan zam oswa kouto.

Evite ER la epi kontakte PCP ou an oswa fè yon vizit telesante si ou genyen:

- Grip, rim sèvo, gòj fè mal, oswa zòrèy fè mal.
- Antòs oswa tansyon.
- Koupe oswa grafouyen ki pa bezwen koud.
- Plis renouvèlman medikaman oswa preskripsyon.
- Gratèl nan kouchèt.



Direktiv Alavans (Testaman Lavi)

Planifye Testaman Lavi W

Ou se moun ki pi enpòtan ki pral enplike nan swen ou an. Ou gen dwa pou pran desizyon konsènan swen ou, ki gen ladan dwa pou aksepte oswa refize tretman medikal oswa chirijikal. Nou vle w aktif nan tout chwa sou swen sante ou yo.

Se pa yon panse ki enteresan, men e si ou ta vin twò malad pou di founisè ou an, kisa ou vle pou swen ou? Yon direktiv alavans (yo konnen l tou sou yon testaman lavi) se yon fason pou asire yo konnen swè ou yo. Ou ka pran desizyon sou swen ou alavans oswa nonmen yon moun, yo rekonèt kòm yon *pwokirasyon medikal*, pou fè chwa sa yo si ou pa kapab.

Fè Testaman Lavi W

Delaware First Health rekòmande tout mamm yo fè yon testaman lavi, nonmen yon pwokirasyon, epi bay PCP yo an direktiv alavans yo.

Yon fwa ou fini direktiv alavans ou an, mande doktè ou an pou mete fòmilè a nan dosye ou an. Ou ka pale ak doktè ou an tou sou pwosesis pou pran desizyon pou kreye testaman lavi oswa direktiv alavans ou an. Ansanm, nou ka pran desizyon ki pral pèmèt ou genyen yon lespri trankil.

Ou ka chanje direktiv alavans ou an nenpòt lè. Ou ta dwe asire lòt moun konnen ou genyen yon direktiv alavans. Epitou ou kapab chwazi nonmen yon pwokirasyon medikal. Moun sa a ta dwe okouran de direktiv alavans ou an oswa testaman lavi ou an tou.

Avèk yon direktiv alavans, ou ka asire yo ap pran swen w jan ou swete a, nan yon moman ou pa ka bay enfòmasyon an.

Ou ka jwenn aksè ak fòmilè sa a sou entènèt atravè yon lyen nan **DelawareFirstHealth.com**. Sou sit entènèt nou an, ale nan "Resous pou Manm yo", la w ap jwenn seksyon "Direktiv Alavans" ki pral mennen w fòmilè ou bezwen yo. Pou plis enfòmasyon, ou ka rele tou Delaware Aging and Disability Resource Center nan **1-800-223-9074**.

Pou plis enfòmasyon sou enstriksyon alavans oswa pou depoze yon plent si yo pa respekte volonte w, ou ka rele Division of Services for Aging and Adults with Physical Disabilities (DSAAPD) nan **1-800-223-9074**.

FOUNISÈ OU YO

Òganizasyon swen jere tankou Delaware First Health travay pou kowòdone bezwen swen sante w yo.

- Delaware First Health genyen yon kontra ak Eta Delaware pou satisfè bezwen swen sante moun ki gen Medicaid. Nou asosye avèk yon gwoup founisè swen sante (doktè, terapet, espesyalis, lopital, founisè swen adomisil ak lòt etablisman swen sante) ki fòme rezo founisè nou an.
- Lè ou antre nan Delaware First Health, rezo founisè nou an la pou sipòte w. Pifò nan tan an, kontak prensipal ou an se ap PCP ou an. Si ou bezwen fè yon tès, al wè yon espesyalis oswa ale nan lopital la, PCP ou an ka ede aranje l. PCP ou an disponib pou ou lajounen ak lannwit. Si ou bezwen pale ak PCP ou an aprè lè fonksyonman yo oswa nan wikenn, kite yon mesaj. PCP ou an ap tounen kontakte w osito sa posib. Menm si PCP ou an pa sous prensipal ou pou swen sante, nan kèk ka, ou ka al jwenn sèten founisè pou kèk sèvis san ou pa verifye avèk PCP ou an dabò.



- Ou ka vizite **DelawareFirstHealth.com** pou jwenn repètwa founisè a sou entènèt oswa rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou yo voye yon kopi repètwa founisè a ba ou nan lapòs.

Fason pou Jwenn yon Founisè

Chwazi PCP ou

Lè ou vin yon manm nan Delaware First Health, ou dwe chwazi yon PCP nan espas 30 jou sivil. Si w pa chwazi yon PCP, n ap chwazi youn pou ou.

Manm DSHP Plus LTSS yo: Si ou pa te chwazi yon PCP, Delaware First Health pral atribye youn avèk ou. Ou ka chwazi yon lòt PCP si ou pa renmen sa nou te chwazi pou ou a.

Si ou ta renmen konnen plis sou yon PCP, rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Nou ka di w ki lang founisè a pale, si yo pa nan rezo a, ki kote yo tabli, ak aranjman pou aksesiblité anplasman an genyen.

Fason pou Chanje PCP Ou an

Genyen de fason pou chanje PCP ou an:

1. Itilize pòtay sekirize pou manm yo sou sit entènèt nou an nan **Member.DelawareFirstHealth.com**.
2. Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou ede w. N ap voye yon nouvo kat idantifikasyon (ID) manm Delaware First Health apre w fin chwazi yon nouvo PCP.

Ou ka wè anyè founisè nou an nan **DelawareFirstHealth.com** oswa rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou voye yon kopi ba ou nan lapòs.

Dwa pou Chwazi yon Founisè

PCP ou an se pral doktè prensipal ou an. Yo ka ede kowòdone tout bezwen swen sante ou yo. Ou ka chwazi nenpòt PCP nan rezo nou an epi ou ka chanje PCP ou an nenpòt lè. Ou ka chwazi menm PCP a pou tout fanmi w oswa ou ka genyen yon PCP diferan pou chak manm fanmi.

PCP ou an kapab yon:

- Pratisyen familyal oswa pratisyen jeneralis.
- Founisè medikaman entèn.
- Pratisyen enfimyè avanse.
- Obstetrisyen oswa jinekològ (OB/GYN).
- Pedyat.
- Asistan medsen (sou sipèvizon yon medsen).
- Sant sante ki kalifye nan nivo federal (FQHC yo) ak klinik sante riral yo (RHC yo).
- Espesyalis k ap trete an (pou manm ki egzije swen espesyalite pou twoub sante grav oswa pou twoub sante kwonik yo, oswa yon twoub sante ki lye ak yon andikap).



Founisè Swen Prensipal Ou An (PCP)

Yon founisè swen prensipal (PCP) se swa yon doktè, yon asistan doktè, oswa yon enfimyè pratikan. Yo dirèkteman bay oswa kowòdone sèvis swen sante ou yo. Yon PCP se prensipal founisè ou pral wè pou tchèkòp yo, pou enkyetid nan sante, depistaj sante, ak referans espesyalis. Epitou PCP ou an pral kowòdone swen avèk lòt founisè swen sante ou yo.

Lè w ap chwazi yon PCP, ou kapab vle jwenn yon moun ki:

- Te wè w deja.
- Konprann antesedan sante ou an.
- Ap pran nouvo pasyan.
- Ka sèvi w nan lang ou.
- Fasil pou jwenn li.

Ou ka jwenn tout doktè yo, klinik, lopital, laboratwa ak lòt antite ki asosye ak Delaware First Health nan repètwa founisè nou an. Gade anyè founisè nou an nan **DelawareFirstHealth.com** oswa rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou voye yon kopí ba ou.

Pou chèche Anyè Founisè a, vizite DelawareFirstHealth.com epi itilize zouti "Find a Provider" (Jwenn yon Founisè). Zouti sa a ap gen enfòmasyon ki pi ajou sou rezo founisè a, tankou enfòmasyon tankou:

- Non.
- Adrès.
- Nimewo telefòn yo.
- Kit yo aksepte nouvo pasyan yo.
- Kalifikasyon pwofesyonèl.
- Lang yo pale.
- Sèks.
- Espesyalite ak estati sètifikasyon tablo.

Pou plis enfòmasyon sou lekòl medikal yon founisè a ak rezidans, rele Sèvis pou manm lan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Si w chwazi yon nouvo founisè kòm PCP w, rele pou w pran yon premye randevou avèk yo. Sa pral bay nou tou de yon chans pou aprann konnen youn lòt. PCP ou an ka ba w swen medikal, konsèy ak enfòmasyon sou sante w. Planifye pou vizite PCP ou an nan espas twa mwa aprè ou fin rejwenn plan an.

Sonje pou pote kat idantifikasiyon (ID) manm Delaware First Health ou an ak kat idantifikasiyon (ID) Delaware Medicaid la avè w nan randevou ou an. Si ou bezwen èd pou jwenn yon randevou avèk PCP ou an, rele Sèvis pou Manm Delaware First Health yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) epi n ap ede w.



Fason pou prepare w pou premye vizit ou an ak yon nouvo founisè:

- Mande yon transfè dosye medikal yo soti nan men aktyèl founisè ou an pou ale kote nouvo PCP ou an.
- Prepare w pou w pale sou sante jeneral ou, sou gwo maladi ki sot pase yo, sou operasyon, elatriye.
- Fè yon lis pwoblèm ou genyen kounye a.
- Fè yon lis kesyon ou vle poze PCP ou an.
- Pote yon lis medikaman ak sipleman w ap pran. Pa blye mete nenpòt vitamin ak medikaman OTC.

Si ou bezwen swen anvan premye randevou ou an, rele biwo PCP ou an pou eksplike enkyetid ou an. PCP ou an ap ba w yon randevou byen bonè pou jere enkyetid patikilye sou sante sa a. Ou ta dwe toujou kenbe premye randevou a pou pale sou pase medikal ou an ak pou poze kesyon.

Nòm pou Randevou yo

Gid pou Randevou	
Si ou rele pou tip sèvis sa a ...	Randevou ou an ta dwe fèt ...
Randevou pou swen woutin (sèvis tankou egzamen timoun ansante yo, egzamen fizik woutin, oswa vaksen)	Nan twa semèn.
Sèvis swen ijan (gratèl ki pèsistan, doulè ki pa presi, oswa gwo doulè nan gòj oswa tous)	Nan de jou sivil.
Swen ijans oswa swen ijan yo mande aprè lè fonksyònman nòmal yo	Ale nan sal ijans la (disponib 24 sou 24, 365 jou chak ane) oswa ale nan yon klinik swen ijan pandan orè fonksyonman yo.
Swen Matènité	
Premye vizit prenatal la (premye trimès)	Nan twa semèn.
Premye vizit prenatal la (dezyèm trimès)	Nan sèt jou sivil.
Premye vizit prenatal (twazyèm trimès oswa gwo sès ki gen gwo risk)	Nan twa jou sivil.



Gid pou Randevou

Si ou rele pou tip sèvis sa a ...	Randevou ou an ta dwe fèt ...
Sante Konpòtmantal	
Sèvis woutin	Nan sèt jou sivil apati demann lan ak yon klinisyen ki pa p ba w preskripsyon w pou yon evalyasyon inisyal. Sèvis pou pasyan ekstèn ki pa ijans nan espas twa semèn apre demann pou preskripsyon sèvis klinisyen.
Sèvis swen ijan yo	Nan espas 24 èdtan.
Sèvis ijans (sèvis pou trete yon twoub sante ki menase lavi)	Ale nan sal ijans la (disponib 24 sou 24, 365 jou chak ane) oswa ale nan yon klinik swen ijan pandan orè fonksyonnanman yo.
Sèvis mobil pou jesyon kriz	Nan espas 30 minit.
Twoub Konsomasyon Sibstans	
Sèvis woutin	Nan sèt jou sivil.
Sèvis swen ijan	Nan espas 24 èdtan.
Sèvis ijans (sèvis pou trete yon twoub sante ki menase lavi)	Ale nan sal ijans la (disponib 24 sou 24, 365 jou chak ane) oswa ale nan yon klinik swen ijan pandan orè fonksyonnanman yo.

Asistans pou Randevou

Si ou bezwen èd pou jwenn yon randevou avèk PCP oswa Espesyalis ou an, rele Sèvis pou Manm Delaware First Health yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Fason Pou Jwenn yon Dezyèm Opinyon

Manm yo gen dwa pou yo mande yon dezyèm opinyon sou yon dyagnostik, pwosedì oswa tretman san yo pa peye. Ou ka jwenn yon dezyèm opinyon nan men youn founisè ki an rezo oswa yon founisè ki pa nan rezo a si yon founisè ki an rezo pa disponib. Tanpri rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) si w bezwen èd pou jwenn yon founisè pou yon dezyèm opinyon.



Swen Espesyalize

Si ou bezwen swen Founisè pou Swen Primè ou an (PCP) ou an pa ka bay, PCP ou an pral refere w bay yon espesyalis. Yon espesyalis se yon founisè ki gen fòmasyon espesyal pou yon twoub sante oswa yon maladi presi (tankou yon kadyològ). Okenn referans pa nesesè pou w wè yon espesyalis nan rezo a. Si ou bezwen èd pou verifye si yon espesyalis ki nan rezo an, tarele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Sèvis Lopital yo

Delaware First Health garanti sèvis lopital pou pasyan ki entène yo. Si w bezwen admèt nan yon lopital epi se pa yon ijans, PCP w la oswa espesyalis w ap fè aranjman pou w ale nan yon lopital ki nan rezo Delaware First Health la epi l ap suiv swen w menm si w bezwen lòt doktè pandan w rete lopital. Delaware First Health dwe apwouye tout sèvis yo.

Pou konnen si yon lopital nan rezo Delaware First Health oswa si w gen nenpòt lòt kesyon sou sèvis lopital, tanpri rele Sèvis pou manm lan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Ou kapab tou ale nan anyè founisè a sou

DelawareFirstHealth.com. Si w gen yon ijans epi yo entène ou nan lopital la, ou menm, yon manm fanmi oswa yon zanmi ta dwe fè PCP w la konnen sa pi vit posib, men pa pita pase 24 èdtan apre yo fin entène ou nan lopital la.

Enpòtan: Ou genyen vizit ilimite avèk PCP ou an. Ou p ap peye anyen. Pran randevou avèk yo lè ou santi w malad. Epitou ou ta dwe fè tchèkòp byennèt chak ane tou.

Ou ka mande pou chanje PCP ou an nenpòt lè ak pou nenpòt rezon. Si ou vle chanje PCP ou an, nou ka ede w jwenn oswa chwazi yon lòt PCP nan zòn ou an. Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Ou kapab tou chanje PCP ou an sou pòtay sekirize pou manm nou an nan **DelawareFirstHealth.com**.

Si ou p ap resevwa swen ou bezwen an nan espas limit tan ki dekri nan manyèl la, rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Fason pou Resevwa Swen Andeyò Rezo Ou an

Kapab genyen kèk fwa lè ou bezwen resevwa sèvis deyò rezo nou an. Si w nouvo nan Delaware First Health epi w déjà resevwa tretman nan men yon founisè ki pa nan rezo a, n ap travay avèk founisè sa a pou asire w ou ka fini tretman w lan.

Swen pou ka dijans Andeyò Rezo a

Si ou andeyò zòn lan lè ou genyen yon ijans, ale nan depatman ijans ki pi pre an. Swen ijans vle di nenpòt sèvis lopital ki nesesè pou anpeche lanmò oswa domaj grav nan sante w. Kòm yon manm Medicaid ou ka jwenn swen ijans nan men nenpòt founisè swen sante nan peyi Etazini. Asire w ou rele PCP ou an pi vit posib apre vizit ijans ou a.

Swen Andeyò Rezo a ki Pa Ijans

Si Delaware First Health pa gen yon founisè ki kapab trete kondisyon lasante w ki kouvri oswa founi yon sèvis kouvri ba w, ou gen dwa mande pou w wè yon founisè ki pa fè pati rezo Delaware First Health la. Anvan ou



wè yon founisè andeyò rezo a, tcheke avèk PCP w la pou w ka jwenn yon referans. Founisè andeyò rezo a ap bezwen jwenn apwobasyon nan men Delaware First Health. Apwobasyon sa a konnen kòm yon otorizasyon alavans, epi li obligatwa pou founisè ki pa nan rezo a.

Jwenn Swen Andeyò Etazini

Asirans sante Medicaid pa garanti depans medikal andeyò Etazini yo. Kidonk, Delaware First Health pa ka garanti okenn swen medikal ou jwenn andeyò peyi a.

Si ou gen kesyon konsènan pwoteksyon swen andeyò rezo a, rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY **711**).

IJANS AK SWEN IJAN

Swen ijans vle di sèvis pou pasyan ki entène ak sèvis pou pasyan ekstèn ki nesesè pou anpeche lanmò oswa gwo domaj sou sante yon moun.

Swen ijan se lè ou genyen yon domaj oswa yon maladi ki pa yon ijans men ki bezwen swen kanmenm ak atansyon nan youn oswa de jou.

Kisa yon Ijans Ye?

Twoub Sante Medikal Ijans

Yon twoub sante medikal ijans se yon sitiyasyon kote w ta ka mouri oswa resevwa yon domaj pèmanan, si ou pa resevwa swen tousuit. Kèk egzap yon ijans se:

- Yon kriz kadyak oswa yon gwo doulè nan pwatin.
- Senyman ki pa kanpe oswa gwo brile.
- Zo kase.
- Pwoblèm pou respire, tòde, oswa endispozisyon.
- Lè ou santi ou ta kapab fè tèt ou oswa lòt moun mal.
- Si ou ansent epi ou genyen doulè, senyman, lafyèv oswa vomisman.
- Yon potansyèl sidozaj dwòg.

Sèvis Ijans

Sèvis ijans yo se sèvis ou resevwa pou evalye, trete oswa pou estabilize twoub sante medikal ijans ou an. Ou toujou kouvri pou ijans yo.

Fason pou Resevwa Sèvis Ijans

Si ou panse ou genyen yon ijans, rele **911** oswa ale nan sal ijans ki pi pre a (ER). Ou pa bezwen apwobasyon plan w oswa PCP w lan anvan w resevwa swen ijans. Ou pa oblige itilize lopital oswa doktè nou yo tou.

Si w pa sèten kisa pou w fè, rele PCP w la. Si se apre lè fonksyonman, ou ka kite yon mesaj pou yon moun ka tounen rele ou. Ou ka rele Liy pou Konsèy Enfimyè 24 sou 24, 7 jou sou 7 Delaware First Health lan nan 1-877-236-1341 (TTY: 711).



Liy pou Konsèy Enfimyè a disponib 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Enfimyè nou yo ka:

- Ba w bagay pou w eseye lakay ou.
- Di ou ale kot PCP ou nan pwochen jou an.
- Di w pou ale nan klinik swen ijan oswa ER ki pi pre a.

Si ou andeyò zòn lan lè ou genyen yon ijans, ale nan depatman ijans ki pi pre an.

Sonje: Itilize sal ijans lan sèlman si ou genyen yon ijans. Kèk egzanp sou sa ki pa ijans yo gen ladan yo:

- Rim.
- Yon malèz nan vant.
- Ti koupe ak ematom.

Ka ki pa ijans yo kapab pwoblèm familyal oswa separasyon tou. Sa yo kapab sanble yon ijans, men yo pa yon rezon pou ale nan sal ijans lan. Sòf si w andanje imedya pou w sibi domaj, ou pa ta dwe ale nan ER la. Si ou pa sèten, rele PCP ou an oswa Liy pou Konsèy Enfimyè 24 sou 24, 7 jou sou 7 Delaware First Health la nan **1-877-236-1341 (TTY: 711)**.

Sèvis Apre Estabilizasyon

Apre yon vizit nan ER, ou gendwa blije ale kot PCP oswa espesyalis swen konpòtmantal ou an pou swen swivi. Sèvis ki nesesè sou plan medikal yo rele sèvis apre estabilizasyon. Yo garanti epi yo bay yo san otorizasyon alavans. PCP ou a ka aranje kalite swen swivi sa a oswa tès anplis.

Kisa Swen Ijan Ye?

Swen Ijan se lè ou genyen yon domaj oswa yon maladi ki pa yon ijans men ki bezwen swen kanmenm ak atansyon nan youn oswa de jou. Sa kapab:

- Yon timoun ki gen doulè nan zòrèy ki reveye nan mitan lannwit epi ki pa sispan kriye.
- Sentòm grip yo.
- Yon blesi ki bezwen koud.
- Yon antòs nan cheviy.
- Yon move objè ki antre anba po w epi ou pa ka retire l.

Fason pou Resewwa Swen Ijan

Ou ka vizite yon klinik swen ijan pou resevwa swen nan menm jou a oswa pran yon randevou pou jou aprè a.

Si w pa sèten kisa pou w fè, rele PCP w la. Si se apre lè fonksyonnan, ou ka kite yon mesaj pou yon moun ka tounen rele ou. Oswa ou ka rele Liy pou Konsèy Enfimyè 24 sou 24, 7 jou 7 Delaware First Health lan nan **1-877-236-1341 (TTY: 711). Liy pou Konsèy Enfimyè a disponib 24 sou 24, sèt jou sou sèt. Enfimyè nou yo ka:**

- Ba w bagay pou w eseye lakay ou.
- Di ou ale kot PCP ou nan pwochen jou an.
- Di w pou ale nan klinik swen ijan oswa ER ki pi pre a.



Si ou ale nan yon klinik swen ijan oswa ER a, asire w ou rele PCP ou an nan jou aprè a pou pwograme yon vizit. PCP ou an dwe fikse yon randevou pou ou nan espas de jou sivil aprè vizit ou an nan yon klinik swen ijan.

Founisè Swen An Ijans

Pou jwenn enfòmasyon ki pi ajou sou founisè swen ijan ki toupre w yo, itilize zouti "Find a Provider" (Jwenn yon Founisè) an sou **DelawareFirstHealth.com** oswa rele Sèvis pou Manm Delaware First Health yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Ou ka jwenn yon lis ki gen kèk nan Adrès Swen Ijan ki nan rezo nou yo nan fen manyèl sa a.

TELESANTE

Kisa ki Telesante?

Telesante, yo rele l tou *telemedsin*, pèmèt founisè w la pran swen w san yon vizit nan kabinè fizikman. Telesante ka fèt nan telefòn oswa sou entènèt atravè òdinatè w, tablèt, oswa telefòn entelijan ou an.

Telesante ba ou aksè 24 sou 24 ak founisè Delaware First Health ki nan rezo a pou pwoblèm sante ki pa ijans. Li disponib pou itilize lè ou lakay ou, nan biwo a oswa menm an vakans.

Jwenn konsèy medikal, yon dyagnostik, oswa menm yon preskripsyon pandan vizit vityèl ou an. Si w bezwen medikaman, yo ka voye preskripsyon w lan elektwonikman nan yon famasi nan rezo an ki toupre w. Itilize telesante lè ou bezwen li oswa pwograme yon vizit pou yon tan ki fonksyone ak orè ou.

Itilize telesante pou bagay tankou:

- Rim, grip ak lafyèv.
- Sentòm grip oswa COVID-19 yo.
- Sinis, alèji.
- Enfeksyon respiratwa, opresyon, oswa bwonchit.
- Gratèl, twoub sante po, simak ki gen venen, simak oksidantal, piki ensèk ki lejè oswa piki bète.
- Enfeksyon nan zòrèy.
- Konjonktivit, oswa òjlè.
- Konsèy ak tretman sou sante konpòtmantal.

Telesante pa ta dwe itilize pandan yon ijans. Si w nan yon sitiyasyon ki menase lavi w, tanpri rele 911.

Nan ki fason telesante pi bon pase swen ijan?

Si ou menm oswa yon pwòch ou vrèman santi w pa anfòm, nou rekòmande nou itilize telemedsin. Fason sa a ou ka retire lòt estrès ou t ap sibi si ou ale nan yon klinik swen ijan. Anplis, ou ap anpeche lòt moun vin malad si twoub sante ou a kontajye.

Kisa ki nesèsè pou yon vizit telesante?

Pou jwenn pi bon rezulta, manm yo ka jwenn aksè ak yon founisè vityèl telesante Delaware First Health sou yon telefòn entelijan, yon tablèt, oswa yon òdinatè ak yon kamera ak mikwofòn. Vizite **DelawareFirstHealth.com/telehealth** pou plis detay.



Konbyen lajan yon vizit telesante koute?

Vizit Telemedsin yo disponib pou sèvis manm Delaware First Health ki kouvri yo gratis.

Èske nenpòt moun ka jwenn aksè ak founisè telesante yo?

Nenpòt manm Delaware First Health kalifye pou vizit telemedsin yo si yo bezwen jwenn aksè ak yon founisè pou swen ijan.

Vizit Sante Konpòtmantal yo limite pou manm ki gen 18 lane oswa plis yo.

Kijan preskripsiyo ak telesante?

Lè yo preskri medikaman pandan vizit telesante w la, y ap voye preskripsiyo an elektwonikman nan famasi ki nan rezo w la. Ou ap kapab pase pran li la lè li pare. Akòz lwa Leta ak Federal, yo pa ka preskri sèten preskripsiyo ak nakotik pandan vizit telesante.

SWEN MATÈNITE

Felisitasyon pou gwochès ou! Pi vit ou konnen ou ansent, asire w ou:

- Pran yon randevou ak OB-GYN ou.
- Fè nou konnen ou ansent lè w ranpli yon notifikasyon sou gwochès (NOP) ki disponib sou entènèt oswa nan telefòn. Ou ta ka jwenn yon rekonpans pou fè nou konnen..
- Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) pou w pale ak ekip kowòdinasyon swen matènèl nou an si w gen kesyon sou gwochès ou oswa sou pwoteksyon ou.

Swen matènité garanti anba avantaj Medicaid ou yo, sa nan:

- **Swen prenatal:** Swen pandan gwochès ou tankou vizit, ekografi, ak tès depistaj.
- **Tranche ak akoucman:** Swen nan lopital oswa sant nesans lè ou gen tibebe w la.
- **Swen apre akouchman:** Swen apre ou fin akouche tibebe w la, nan vizit.

Swen Doula

Yon doula se yon pwofesyonèl ki resevwa fòmasyon ki ka sipòte w anvan, pandan, ak apre akouchman. Yo ka ede reponn kesyon sou gwochès, travay, ak apre nesans; ede ak planifikasyon nesans ak jesyon doulè pandan travay; epi sipòte w apre w fin fè tibebe w la.

Kòm yon pati nan avantaj ou yo, ou ka resevwa:

- Twa (3) vizit doula pandan w ansent (prenatal).
- Soutyen pandan travay ou ak livrezon.
- Twa (3) vizit doula apre gwochès (apre akouchman).

Avantaj nitrisyon apre akouchman

Ou gendwa kalifye pou resevwa manje, kouchèt, ak ti sèvyèt livre lakay ou apre ou fin fè tibebe w la. Kontakte ekip kowòdinasyon swen matènèl nou an pou w aprann plis sou avantaj sa a epi wè si w kalifye.



Resous ak Soutyen pou Alètman

Bay tete gen anpil gwo avantaj pou alafwa ou menm ak tibebe a. Lèt tete se pi bon sous nitrisyon pou pifò ti bebe epi li ka pwoteje kont maladi ak maladi kout ak alontèm pou ou menm ak tibebe w la. Si w chwazi bay tibebe w la tete, ou ka jwenn yon ponp tete elektrik*, ansanm ak edikasyon ak soutyen sou tete kòm yon pati nan avantaj ou yo.

*Avantaj limite a yon ponp tete chak twazan.

Pwogram Vizit Lakay

Si ou ansent, ou kapab kalifye pou Pwogram Vizit Lakay la. Pwogram gratis sa a montre w fason pou ede timoun ou an grandi, aprann epi epanwi l. Yon enfimyè oswa yon espesyalis soutyen paran ap vizite lakay ou (oswa nenpòt lòt kote ki bon pou ou) pandan gwochès ou ak apre pitit ou a fèt. Yo ap vini nan yon moman ki travay pou ou ba ou konsèy epi konekte ou ak sèvis yo. Yo ka kontinye vizite w pandan timoun ou an ap grandi.

Pou aprann plis sou Pwogram Vizit Lakay la, ale nan **dethrives.com/programs/home-visiting** oswa rele **211** pou plis detay. Ou ka kontakte ekip kowòdinasyon swen matènèl nou an pou enfòmasyon sa yo. Yo ka ede w konekte ak yon Pwogram Vizit Lakay.

Delaware First Health Start Smart for Your Baby® — Yon Pwogram Jesyon Swen Matènète

Start Smart for Your Baby® se yon pwogram jesyon swen matènète apati Delaware First Health. Sa ede manm ki ansent nou yo pou rete an sante anvan ak aprè nesans timoun yo a.

Anplwaye Start Smart nou an se yon ekip enfimyè lisansye devwe, travayè sosyal, travayè sante kominotè, ak anplwaye pwofesyonèl ki ka ede sipòte w pandan gwochès ou ak apre akouchman an. Yo bay enfòmasyon sou gwochès ou ak sante ou, yo ka konekte ou ak divès resous, reponn kesyon sou kouvèti asirans ou an, epi yo ka ede kowòdone swen ou anvan ak apre gwochès ou.

Pou aprann plis sou pwogram Start Smart nou an epi pou w enskri, rele nimewo Sèvis pou Manm nou an nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Kòm yon manm DFH, ou ka touche jiska \$150 nan rekompans pou konplete divès aktivite. Sa nan ranpli yon notifikasyon gwochès (NOP) ak ale nan vizit prenatal ak apre akouchman ou. Mande kowòdonatè swen Start Smart ou sou rekompans sa yo oswa rele Sèvis pou Manm yo pou jwenn plis enfòmasyon.

PLANIN FAMILYAL

Planifikasyon familyal se yon avantaj ki garanti pou tout manm yo. Manm ki garanti anba Delaware Healthy Children Program (DHCP) dwe itilize yon founisè rezo. Tout lòt manm yo ka wè nenpòt founisè ki gen lisans pou planifikasyon familyal, menm founisè ki p ap patisipe.

Planifikasyon familyal ede moun ak fanmi yo planifye kantite timoun yo vle ansanm ak espas epi tan ant akouchman yo. Li gen ladann yon pakèt sèvis ki gen ladan yo sèvis kontraseptif ak tès epi tretman enfeksyon



ki transmisib seksyèlman (STI). Founisè swen sante ou a ka egzamine plizyè opsyon avèk ou sou fason pou anpeche ou menm oswa patnè w vin ansent. Si w fenk fè yon tibebe, li rekòmande w tann 18 mwa oswa plis apre akouchman pou w vin ansent ankò. Diskite ak founisè swen sante ou an lè ou ta renmen vin ansent ak kijan ou ka prepare kò ou pou yon ti bebe.

Founisè swen sante w la kapab tou bay tès ak tretman pou plizyè MST, konsèy sou fason pou anpeche enfeksyon sa yo, ak vaksen pou anpeche enfeksyon.

DEPISTAJ, DYAGNOSTIK AK TRETMAN PREKÒS AK PERYODIK (EPSDT)

Pwogram Deteksyon, Dyagnostik, ak Tretman Prekòs epi Peryodik la (EPSDT) se yon avantaj pou timoun ak jèn adilt ki poko gen 21 lane. Atravè pwogram EPSDT a, timoun ak adolesan yo ka fè tès medikal, dantè, vizyon ak oditif pou jwenn nenpòt pwoblèm sante bonè. Pwoblèm ki jwenn bonè ka trete pi vit posib.

Pou idantifye pwoblèm sante, li enpòtan pou tout timoun ak adolesan ale nan tout vizit yo rekòmande yo, yo rele tou vizit pou timoun byen. Vizit sa yo anjeneral kòmanse kèk jou apre timoun yo fèt epi yo bay tès depistaj ak vaksinasyon enpòtan ak nesesè. Randevou sa yo ka ede founisè swen sante ptit ou a konnen si ptit ou oswa adolesan ou bezwen lòt sèvis oswa soutyen.

Timoun piti grandi byen vit pou yo bezwen vizite founisè swen sante yo pi souvan nan premye de ane yo nan lavi yo.

Kilè pou w pran randevou pou vizit pou timoun byen:	
Premye semèn vizit la (3-5 jou)	12 mwa.
1 mwa.	15 mwa.
2 mwa.	18 mwa.
4 mwa.	2 lane (24 mwa).
6 mwa.	2 ½ lane (30 mwa).
9 mwa.	Pou moun ki gen 3 zan ak plis, pwogramme chak ane.

Vizit byen timoun yo se yon bon moman pou poze PCP ptit ou a kesyon sou devlopman yo, konpòtman yo, ak nenpòt lòt enkyetid ou ka genyen.

Si ou genyen kesyon sou EPSDT, pale avèk PCP ptit ou an oswa rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).



AVANTAJ POU MEDIKAMAN SOU PRESKRIPSYON YO

Delaware First Health kouvri medikaman avèk preskripsyon pou manm Diamond State Health Plan ak manm Diamond State Health Plan Plus yo. Lis medikaman ki garanti Delaware First Health la rele yon lis medikaman prefere (PDL) epi li swiv lis medikaman ki kouvri Eta Delaware a ak machaswiv otorizasyon alavans yo. Medikaman ki nan lis sa a genyen alafwa medikaman jenerik ak medikaman non mak yo ki byen chwazi avèk èd doktè ak famasyen.

PDL la genyen ladan kèk medikaman OTC ki egzije yon preskripsyon. Gade seksyon Atik OTC ki Amelyore a pou jwenn plis atik OTC ki pa sou PDL ki pa egzije yon preskripsyon. Règleman pou kouvèti medikaman ak restriksyon yo kapab aplike.

Founisè Delaware First Health yo konnen PDL nou an. Yo konnen kijan pou mande otorizasyon alavans ak pwosedi espesyal pou demann ijan. Rezo famasi Delaware First Health yo konnen kijan pou soumèt reklamasyon famasi yo bay Delaware First Health.

Ou ka rele depatman Sèvis Famasi Delaware First Health la pou jwenn asistans pou detèmine ki medikaman ki garanti, fason pou jwenn yon famasi ki nan rezo a oswa fason pou egzekite yon preskripsyon. Ou ka kontakte Sèvis Famasi yo nan **1-833-236-1887** (TTY: **711**). Ou ka itilize zouti "Drug Lookup" (Rechèch Medikaman) ak "Find a Provider" (Jwenn yon Founisè) yo nan **DelawareFirstHealth.com**.

Apwopo Medikaman Sou PreskripsiyoN Yo

Lè founisè Delaware First Health ou an ba w yon preskripsiyoN, men kèk kesyon ou ta dwe poze sou preskripsiyoN ou an:

- Ki non medikaman an?
- Poukisa mwen pran li?
- Konbyen mwen dwe pran?
- Chak kilè mwen ta dwe pran l?
- Pandan konbyen tan mwen dwe kontinye pran l?
- Èske gen nenpòt efè segondè? Pa egzanp, èske m ap santi m anvi dòmi oswa m ap gen yon vant fache?
- Èske mwen ka pran preskripsiyoN sa a ak lòt medikaman ak sipleman mwen yo?
- Èske genyen manje oswa bwason mwen ta dwe evite?
- Èske mwen ta dwe sispann pran l lè mwen santi m pi byen?
- Kisa mwen ta dwe fè si mwen bliye pran l?
- Kisa mwen ta dwe fè si mwen pran twòp?
- Èske mwen ka kraze, moulen oswa kase konprime a?



Medikaman Jenerik

Anjeneral, yon medikaman “jenerik” fonksyone menm fason ak yon medikaman non mak men li koute mwens. Lè yon vèsyon jenerik yon medikaman non mak disponib epi yo te pwouve li efikas pou pifò moun ki gen twoub sante ou an, famasi ki nan rezo a ap bay vèsyon jeneral la.

Sepandan, founisè w la ka mande pou medikaman ki gen non mak la si founisè w la:

- Te di Delaware First Health rezon medikal ki fè konnen medikaman jenerik la p ap travay pou ou.
- Li te ekri "Mak ki Nesesè sou Plan Medikal" sou preskripsyon ou pou yon medikaman ki gen mak.
- Li te di Delaware First Health rezon medikal ki fè konnen ni medikaman jenerik la ni yon lòt medikaman ki garanti ki trete menm twoub sante an p ap fonksyone pou ou.

Fason pou Jwenn yon Medikaman Sou Preskripsiyon

Ou ka egzekite preskripsiyon ou an nan nenpòt famasi ki nan rezo Delaware First Health la. Pou jwenn preskripsiyon ou:

- Ale nan famasi ki nan rezo Delaware First Health la.
- Montre famasi a kat idantifikasiyon (ID) Delaware First Health ou an.
- Bay famasi a òdonans preskripsiyon an.

Rele Sèvis Famasi Delaware First Health nan **1-833-236-1887** (TTY: **711**) si w bezwen èd pou jwenn yon famasi rezo. Ou ka jwenn yon famasi tou lè w itilize zouti "Find a Provider" (Jwenn yon Founisè) nan **DelawareFirstHealth.com**. Li ka jwenn nan la *Famasi* seksyon sit la.

Famasi ki nan rezo a pral otomatikman faktire Delaware First Health pou frè medikaman sou preskripsiyon ki kouvri a. Ou kapab blije peye famasi a yon kopeman lè ou pase chèche preskripsiyon ou an, si sa nesesè.

Renouvelman Preskripsiyon Ou An

Lè preskripsiyon ou an genyen renouvelman ki disponib, epi ou prèske pa genyen ki rete nan aktyèl medikaman ou an, rele oswa ale nan famasi ou an epi mande yon renouvelman. Delaware First Health sigiere pou pran yon renouvelman omwen kèk jou anvan medikaman ou an fini. Sa a anpeche ou manke medikaman ou bezwen yo.

Apwovizyonman 90 Jou

Ou ka jwenn yon apwovizyonnan pou 90 jou sèten medikaman ou pran regilyèman ak kontraseptif oral.

Avèk yon preskripsiyon twa mwa, simwa, oswa 12 mwa nan men doktè ou an, ou ka resevwa yon apwovizyonnan pou 90 jou pou medikaman antretyen nan:

- Famasi an detay nan rezo a:
 - Prale nan yon famasi ki nan rezo a ki patisipe nan pwogram apwovizyonnan pou 90 jou Delaware First Health la. Ou ka jwenn famasi k ap patisipe yo lè w itilize zouti "Find a Provider" (Jwenn yon Founisè) nan **DelawareFirstHealth.com**.
 - Ou ka rele tou Sèvis Famasi Delaware First Health yo pou jwenn èd pou jwenn yon famasi apwovizyonnan 90 jou k ap patisipe. Rele **1-833-236-1887** (TTY: **711**).



Famasi Òdonans pa Lapòs

Ou ka enskri nan yon pwogram òdonans nan lapòs pou apwovizyonman 90 jou atravè Famasi Express Scripts®.

Genyen kat fason pou kòmanse nan pwogram òdonans pa lapòs Famasi Express Scripts® la:

1. Mande doktè ou an pou l voye elektwonikman oswa fakse yon nouvo preskripsyon bay Famasi Express Scripts®. Doktè ou an ka voye l nan faks bay Famasi Express Scripts® nan **1-800-837-0959**. Nimewo sa a se pou utilizasyon faks bay founisè yo sèlman.
2. Vizite **express-scripts.com/rx** pou enskri oswa konekte epi mete nimewo idantifikasyon (ID) ou an pre. Swiv etap ki nan gid la pou mande yon preskripsyon. Yon fwa Express Scripts® genyen enfòmasyon ou yo, yo pral kontakte doktè ou an pou jwenn apwobasyon preskripsyon ou an.
3. Rele Famasi Express Scripts® la nan **1-833-750-4300** (TTY: **711**). Famasi Express Scripts® ka kontakte doktè ou an pou yon nouvo preskripsyon ki pou egzekite antanke yon òdonans nan lapòs.
4. Voye yon fòmilè òdonans livrezon pa lapòs lakay. Pou jwenn yon kopi fòmilè an, enskri oswa konekte nan **express-scripts.com/rx**. Ale nan "Benefit Menu" (Meni Avantaj yo), klike sou "Forms" (Fòmilè yo) epi telechaje Fòmilè pou Kòmand Livrezon Adomisil lan. Ranpli fòmilè a epi voye l pa lapòs avèk preskripsyon papye ou an bay Famasi Express Scripts® la. Asire ke doktè ou an ekri preskripsyon sèvis lapòs ou an (yo) pou yon apwovizyonman twa mwa.

Pou verifye si preskripsyon ou an disponib pou yon apwovizyonman 90 jou, gade PDL la. Si medikaman an genyen "MP" aprè non an, li disponib pou yon apwovizyonnan pou 90 Jou. Gade pwochen sekson.

Medikaman Sou Preskripsyon Ki Kouvri Yo

Delaware First Health Lis Medikaman Prefere la (PDL) se yon gid pou medikaman mak ak medikaman jenerik ki disponib ki apwouve bò kote Food and Drug Administration (FDA) an epi ki garanti atravè avantaj medikaman sou preskripsyon ou an. Li toujou analize ak mete ajou. PDL la genyen ladan l tout medikaman ki disponib yo san otorizasyon alavans, sila yo ki egzije yon otorizasyon alavans, ak sila yo ki genyen restriksyon terapi pa etap yo. PDL la aplike ak medikaman ou resevwa alafwa nan famasi fizik an detay yo ak òdonans nan lapòs yo.

PDL pa vle di yon lis konplè medikaman ki kouvri nan avantaj preskripsyon ou an. Se pa tout fòm dòz oswa fòs yon medikaman ki kapab kouvri. Pafwa yon medikaman gendwa parèt plis pase yon fwa nan PDL la. Sa a se akòz diferan fason doktè ou ka itilize dwòg la (pa egzanp, 10 mg kont 100 mg; youn pa jou kont de pa jou; tablèt kont likid).

Fason pou konnen si yon medikaman presi twouve l nan PDL lan

Ou ka konnen si yon medikaman anpatikilye twouve l sou lis medikaman prefere a lè w:

- Gade PDL a sou entènèt nan **DelawareFirstHealth.com**. PDL ki sou sit entènèt la toujou lis ki plis ajou a.
- Rele Sèvis Famasi nan **1-833-236-1887** (TTY: **711**) pou mande enfòmasyon sou yon medikaman presi oswa pou voye yon kopi PDL sou papye ba ou.

Otorizasyon Alavans pou Kèk Medikaman Sou Preskripsyon

Delaware First Health dwe apwouve kèk medikaman anvan ou ka jwenn yo. Ou ta dwe mande founisè ou an si preskripsyon an mande apwobasyon. Si li mande youn, ou ta dwe mande si genyen yon lòt medikaman ki ka itilize ki pa bezwen otorizasyon alavans.



Founisè ou an ka deside si li nesesè pou w genyen yon medikaman ki pa prefere. Si se wi, founisè ou an dwe bay Delaware First Health yon demann pou yon otorizasyon alavans. Si Delaware First Health pa apwouve demann lan, nou ap enfòme founisè ou an pandan n ap voye ba ou nan lapòs yon lèt ki esplike rezon ki fè yo pa apwouve demann pou otorizasyon alavans lan. Delaware First Health ap genyen enfòmasyon sou fason pou konteste an ak pwosesis pou Odyans San Patipri Eta a.

Delaware First Health kapab mande w pou eseye omwen de medikaman prefere anvan ou ka jwenn yon medikaman ki pa prefere. Ou dwe mande founisè ou an pou l ekri yon preskripsyon pou yon medikaman ki prefere dabò.

Ou ka jwenn enfòmasyon sou otorizasyon alavans ak terapi etap pa:

- Gade PDL a sou entènèt nan **DelawareFirstHealth.com**. PDL ki sou sit entènèt la toujou lis ki plis ajou a.
- Rele Sèvis Famasi nan **1-833-236-1887** (TTY: **711**) pou mande enfòmasyon sou otorizasyon alavans yon medikaman presi oswa sou terapi pa etap, oswa pou w voye yon kopí PDL an papye ba ou.

Kopeman pou Medikaman sou Preskripsiyon

Kèk manm Delaware First Health pral genyen yon kopeman pou medikaman sou preskripsiyon yo, selon frè medikaman an:

\$10.00 oswa mwens	\$0.50
\$10.01 rive \$25.00	\$1.00
\$25.01 rive \$50.00	\$2.00
\$50.01 oswa plis	\$3.00

Pi plis lajan ou pral peye pou kopeman pou preskripsiyon yo, nan yon mwa kalandriye, se \$15. Yon fwa ou rive nan limit sa a, ou pa bezwen peye kopeman pou rès mwa kalandriye a. Kopeman yo ak maksikòm kopeman \$15 a pral rekòmanse nan pwochen mwa kalandriye a.

Si ou genyen kesyon sou kopeman preskripsiyon yo, rele Sèvis Famasi yo nan **1-833-236-1887** (TTY: **711**).

Manm ak sèvis ki gen egzansyon pou kopeman yo:

- Timoun ki genyen mwens pase 21 lane.
- Moun ki ansent ak moun ki akouche nan 12 mwa ki sot pase yo.
- Manm nan pwogram lit kont maladi ren kwonik lan (CRDP).
- Gwoup etablisman swen enfimyè pou swen sou peryòd ki long oswa gwoup lopital pou swen ki grav yo.
- Sèvis ak founiti planifikasyon familyal.
- Sèvis ospis.
- Medikaman sekou nan ka sidòz opyoyid yo ki fèt Naloxone.
- Tretman ki asiste avèk medikaman (MAT) ki itilize pou twoub konsomasyon opyoyid yo.
- Pwodwi pou sispann fimen.



Pwogram Pri Fiks pou Manm yo

Delaware First Health analize done sou reklamasyon medikaman preskripsyon pou manm yo, travay avèk founisè yo, famasi yo, ak Eta Delaware pou jwenn opòtinite pou sipòte manm ki genyen rejim medikaman ki konplike yo. Manm ki gen dwa benefisyé de yon pri fiks la pral enskri otomatikman nan pwogram medikaman pri fiks Delaware First Health la. Atravè pwogram sa a Eta a apwouye an, Delaware First Health kapab nonmen yon sèl famasi k ap pasitipe ak/oswa yon sèl founisè ki pou ekri epi egzekite òdonans pou yon manm.

Delaware First Health ap fè manm yo konnen si yo kalifye pou pwogram medikaman a pri fiks la. Sa a vle di manm yo ka sèlman kapab pran medikaman yo an nan men yon sèl founisè ak yon sèl famasi "ki fikse" pou li.

Lè yon manm gen yon doktè ak/oswa yon famasi fiks, manm lan ap resevwa enfòmasyon sou fason pou l soumèt yon doleyans pou pri fiks la chak ane.

Si manm lan pa anmezi pou l egzekite preskripsyon an, manm lan ta dwe rele Sèvis Famasi Delaware First Health la. Ekip Sèvis Famasi a ap ede manm yo jwenn yon lòt famasi nan rezo a. Rele Delaware First Health pou tout pwoblèm ak pwogram pri fiks la nan **1-833-236-1887** (TTY: **711**).

Atik San Preskripsyon Amelyore yo (OTC)

Manm yo ka jwenn jiska \$120 pou chak fwaye nan yon ane (\$30 pou chak trimès) pou depanse nan atik OTC nan kad Avantaj Valè Ajoute nou yo. Ou ka jwenn yon lis atik OTC ki disponib yo nan **DelawareFirstHealth.com**. Atik sa yo pa bezwen yon preskripsyon.

Pou mete yon lòd:

- Rele **1-888-628-2770** (TTY: **711**) pou pale ak yon reprezantan sèvis kliyan oswa itilize opsyon telefòn otomatik la.
- Vizite **cvs.com/otchs/DelawareFirstHealth**.

DOLEYANS AK KONTESTASYON

Dole yans yo

Seksyon sa a bay règ sou fason pou fè yon doleyans (plent). Lwa Eta a di ou ka fè yon doleyans oswa nenpòt pati nan swen medikal ou an kòm yon manm Delaware First Health. Eta a te ede defini regleman sou sa ou dwe fè pou fè yon plent. Epitou Eta a genyen regleman sou sa nou dwe fè lè nou resevwa yon doleyans. Nou dwe san patipri nan fason nou jere doleyans ou an. Nou pa ka kite plan an paske ou te depoze yon doleyans. Nou p ap penalize w paske ou te depoze yon doleyans oswa plent.

Fè nou konnen tousuit sou nenpòt pwoblèm ou genyen ak sèvis swen sante ou yo. Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Fè nou konnen si ou bezwen yon entèprèt.



Kisa yon Doleyans Ye?

Yon "doleyans" se yon plent ou fè bay plan ou an sou swen sante w. Ou menm, oswa yon moun ou chwazi pou ede w kapab depoze yon doleyans nan telefòn oswa alekri. Delaware First Health ka ede w ranpli fòmilè yo pou depoze yon doleyans oswa yon kontestasyon.

Yon plent kapab konsène nenpòt bagay ou pa kontan avèk yo pandan w ap resevwa sèvis antanke yon manm nan Delaware First Health. Men kèk egzanp:

- Enfòmasyon ki pa klè oswa move enfòmasyon nan men manm pèsònèl la.
- Move kalite swen oswa aksè a swen.
- Mank koutwazi nan men yon founisè oswa yon anplwaye.
- Pa rive respekte dwa ou genyen antanke manm.
- Fakti medikal ki pa peye.
- Tann tan pou w wè PCP/espésyalis ou.
- Pwooblèm kalifikasyon.
- Pwooblèm famasi.

Fason pou Depoze yon Plent

Ou ka depoze yon plent nenpòt lè pandan w ap:

- Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Nou la pou ou lendi jiska vandredi, soti 8 am jiska 7 pm, lè lès. Sèvis tradiksyon yo disponib tou si yo nesesè.
- Voye yon faks bay **1-833-525-0054**.
- Ekri:

Delaware First Health
ATTN: Appeals and Grievances
P.O. Box 10353
Van Nuys, CA 91410-0353

Pa blyye mete:

- Prenon w ak siyati w.
- Nimewo idantifikasiyon (ID) Medicaid oswa Delaware First Health ou.
- Adrès ak nimewo telefòn ou an.
- Sa ki fè w pa kontan an.
- Kibò ensidan an te fèt.
- Enfòmasyon founisè a (non, adrès, ak nimewo telefòn).
- Sa ou ta renmen ki fèt.

Genyen yon lis medikaman ki garanti pou doleyans ou ka itilize sou sit entènèt nou an nan **DelawareFirstHealth.com**.

Si ou vle yon moun depoze yon doleyans pou ou, nou dwe jwenn pèmisyon w alekri oswa vèbal. Sa pral rann yo yon rezistant otorize. Nou genyen yon fòmilè ou ka itilize pou bay yon lòt moun pèmisyon sa a. Ou ka jwenn sa sou sit entènèt nou an nan **DelawareFirstHealth.com**. Ou ka rele Sèvis pou Manm yo tou



pou founi konsantman vèbal ou an epi mande lis medikaman ki garanti a. Tit lis medikaman ki garanti a se “Piblikasyon Enfòmasyon (ROI)”. Paran oswa gadyen jiridik manm yo ki minè yo pa bezwen ranpli fòmilè sa a.

Delaware First Health p ap trete w yon fason diferan paske ou te depoze yon kontestasyon oswa yon doleyans.

Sa pou Prevwa Aprè Ou Fin Depoze yon Plent

N ap voye yon lèt ba ou nan espas senk jou ouvrab aprè ou fin depoze yon doleyans pou fè w konnen nou te resevwa l. Si w gen enfòmasyon pou ede nou avèk doleyans ou a, tanpri voye li ba nou lè w rele, voye yon faks oswa voye l nan lapòs. Ou ka mande kopi dokiman nou te itilize pou rezoud plent ou a gratis.

N ap voye yon lèt rezolisyon ba ou nan espas 30 jou sivil, ki pral enfòme w sou desizyon nou an.

Si plis enfòmasyon anplis nesesè pou rezoud doleyans ou an, Delaware First Health kapab mande yon pwolonjman 14 jou sivil. N ap sèlman mande yon pwolonjman si li nan pi bon enterè w. Si tan anplis nesesè, n ap fè w konnen nan telefòn epi alekri omwen de jou sivil anvan 30 jou sivil yo rive. Ou kapab depoze yon plent si ou pa dakò ak pwolonjman an. Ou ka mande yon pwolonjman tou si ou bezwen tan anplis pou sipòte doleyans ou an. Si ou vle yon pwolonjman, tanpri rele Delaware First Health nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Delè pou Depoze yon Plent

Ou menm, reprezantan otorize ou, oswa founisè ou an (avèk konsantman alekri w) kapab depoze yon doleyans nenpòt kilè. Delaware First Health dwe rezoud plent ou a nan 30 jou sivil apre li resevwa a.

Nan espas senk jou ouvrab aprè nou fin resevwa doleyans ou an, n ap voye yon lèt ba ou nan lapòs ki konfime resepsyon doleyans ou an. N ap voye yon lèt ki gen rezolisyon nan espas 30 jou sivil aprè nou fin resevwa doleyans ou an.

Kontestasyon yo

Kisa yon Kontestasyon Ye?

Yon kontesyasyon se yon demann pou plan sante ou an pou revize yon desizyon yo te pran pou refize, mete fen, oswa pou redwi yon avantaj. Ou menm, oswa reprezantan otorize ou an oswa founisè ou an (avèk konsantman alekri ou bay) gendwa mande yon kontestasyon pandan y ap:

- Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).
- Voye yon faks bay **1-833-525-0054**.
- Ekri:

Delaware First Health
ATTN: Appeal Coordinator
P.O. Box 10353
Van Nuys, CA 91410-0353

Si w ap konteste sèvis sante konpòtmantal yo, voye demann ou an bay:

Delaware First Health
ATTN: Appeal Coordinator
P.O. Box 10378
Van Nuys, CA 91410-0378
Faks: **1-866-714-7991**



Si w ap konteste yon sèvis famasi, voye demann ou an bay:

Delaware First Health
ATTN: Pharmacy Appeals
P.O. Box 31398
Tampa, FL 33631-3398
Faks: 1-888-865-6531

Ou kapab tou soumèt yon demann apèl sou pòtay sekirize pou manm nou an nan **DelawareFirstHealth.com**.

Si ou pa kapab fè kontestasyon pou tèt ou, ou gen opsyon pou nonmen yon lòt moun kòm yon reprezantan otorize pou fè li nan non ou. Moun sa a kapab founisè ou, yon manm fanmi, oswa zanmi ou. Ou dwe gen yon demann alekri ki otorize yo fè kontestasyon nan nou ou.

Lè w ap depoze kontesyasyon ou an, ou ta dwe mete:

- Non w ak nimewo idantifikasyon (ID) manm ou an.
- Nimewo telefòn ou.
- Adrès ou.
- Sa w ap fè apèl.
- Poukisa ou fè apèl.

Si ou bezwen èd pou mande yon kontestasyon oswa pou konprann pwosesis la, kontakte Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Nou ka ede w depoze kontesyasyon ou an. Si ou bezwen yon tradiktè, nou ka fè aranjman pou youn pou ou gratis.

Genyen sèlman yon nivo kontestasyon nan plan an. Nou ap voye yon lèt ba ou nan espas senk jou ouvrab pou di w nou resevwa konstestasyon w lan. Lèt la ap ba w detay anplis sou pwosesis kontestasyon an.

Ou genyen dwa pou soumèt kòmantè, dokiman, oswa lòt enfòmasyon ki lye ak demann ou an pou demann kontestasyon ou an. Ou menm oswa reprezantan otorize ou an, genyen dwa pou pale oswa pou prezante enfòmasyon bay moun nan oswa moun yo k ap analize kontestasyon ou an. Sa ka fèt an pèsòn oswa nan telefòn. Ou gen dwa pou patisipe nan komite pou kontestasyon an lè ou mande yon kontestasyon. Ou genyen dwa pou mande yon kopi dosye kontestasyon ou an gratis.

Yon komite pou kontestasyon pral revize kontestasyon ou an epi pran yon desizyon. Komite kontestasyon an genyen yon manm pèsonèl nan soti nan Eta Delaware a, yon direktè medikal plan an, ak yon enfimyè plan an. Manm komite yo pa te enplike nan desizyon anvan an.

N ap voye yon lèt ba w pou fè w konnen desizyon nou an nan espas 30 jou apre w resevwa demann ou an pou yon kontestasyon. Si demann apèl ou a pa apwouve, lèt desizyon an ap eslike tou dwa w pou mande yon Odyans Ekitab Eta a.

Si plan an pa pran yon desizyon sou kontestasyon an nan espas delè 30 jou a, ou ka mande yon Odyans San Patipri Eta a.

Delè pou Depoze yon Kontestasyon

Ou menm, oswa reprezantan otorize ou an oswa founisè ou an (avèk konsantman ekri ou), gendwa mande yon kontestasyon akselere (rapid) oswa yon kontestasyon nòmal nan delè 60 jou sivil apati lè Delaware First Health enfòme w sou yon desizyon pou refize, mete fen, oswa pou redwi yon sèvis.

**Kontestasyon Akselere**

Ou kapab mande yon kontestasyon rapid (akselere) si delè nòmal kontesyasyon ou an ka lakoz gwo pwoblèm sante pou ou. Ou menm, reprezantan otorize ou an oswa founisè ou an (avèk konsantman alekri ou bay) gendwa mande yon kontestasyon rapid pandan y ap:

- Rele **1-877-236-1341** (TTY: **711**).
- Fakse: **1-833-525-0054**.
- Ekri:

Delaware First Health
ATTN: Appeal Coordinator
P.O. Box 10353
Van Nuys, CA 91410-0353

Ou kapab tou soumèt yon demann apèl sou pòtay sekirize pou manm nou an nan **DelawareFirstHealth.com**.

Si w ap konteste sèvis sante konpòtmantal yo, voye kontestasyon ou an bay:

Delaware First Health
ATTN: Appeal Coordinator
P.O. Box 10378
Van Nuys, CA 91410-0378
Faks: 1-866-714-7991

Si w ap konteste yon sèvis famasi, voye demann ou an bay:

Delaware First Health
ATTN: Pharmacy Appeals
P.O. Box 31398
Tampa, FL 33631-3398
Faks: 1-888-865-6531

Si nou dakò ou ta dwe jwenn yon desizyon pou kontestasyon rapid, ou ap resevwa yon desizyon nan espas 72 èdtan aprè Delaware First Health resevwa demann ou an. Si nou pa dakò, n ap enfòme w nan telefòn kontestasyon ou an ap swiv pwosesis kontestasyon nòmal la. N ap voye yon avi lekri ba ou nan espas de jou sivil. Doktè ou an kapab voye nòt sipò ki mande yon kontestasyon rapid pou Delaware First Health rekonsidere pou ba w yon desizyon rapid sou kontestasyon ou an.

Si ou bezwen èd pou mande yon kontestasyon oswa pou konprann pwosesis la, kontakte Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**). Nou ka ede w depoze kontesyasyon ou an. Si ou bezwen yon tradiktè, nou ka fè aranjman pou youn pou ou gratis.

Pwosesis Kontestasyon Akselere

Ou genyen dwa pou soumèt kòmantè, dokiman, oswa lòt enfòmasyon ki lye ak demann ou an pou demann kontestasyon ou an. Delè pou soumèt lòt enfòmasyon anplis yo limite akoz delè rapid pou rezoud yon kontestasyon akselere. Ou menm oswa reprezantan otorize ou an genyen dwa pou pale oswa pou prezante enfòmasyon bay moun nan oswa moun yo k ap resevwa kontestasyon ou an. Sa ka fèt an pèsòn oswa nan telefòn. Ou dwe mande pou patisipe nan rankont pou kontestasyon an lè ou mande yon kontestasyon.



Yon komite pou kontestasyon ap analize kontestasyon ou an epi deside. Komite kontestasyon an genyen yon manm pèsonèl nan soti nan Eta Delaware a, yon direktè medikal plan an, ak yon enfimyè plan an. Manm komite yo pa te enplike nan desizyon anvan an.

N ap enfòme w sou yon desizyon nan telefòn epi avèk lèt alekri nan espas 72 èdtan aprè nou resevwa demann pou kontestasyon ou an. Si nou pa apwouve demann ou an pandan revizyon kontestasyon an, desizyon kontesyasyon an pral eksplike dwa ou genyen pou yon Odyans San Patipri.

Pwosesis Pwolonjman 14 Jou

Ou gendwa mande yon pwolonjman oswa Delaware First Health gendwa mande yon pwolonjman si genyen yon bezwen pou jwenn detay anplis.

Lè Delaware First Health mande yon pwolonjman, plan an pral fè sa ki swiv yo:

1. Enfòme w nan telefòn yon pwolonjman nesesè.
2. Voye yon avi alekri pou ou nan de jou sivil apre desizyon an pou pwolonje delè a.
3. Enfòme w konsènan dwa ou genyen pou depoze yon plent si ou pa dakò ak desizyon pou pwolonje delè a.
4. Rezoud kontestasyon an osi vit posib men pa pandan plis tan pase ekspirasyon pwolonjman an.

Avantaj Kontini

Si nou pral redwi oswa kanpe yon sèvis ke nou te deja apwouve, ou ka kontinye resevwa avantaj yo pandan kontestasyon an ak pandan pwosesis Odyans San paripri Eta a. Pou kontinye avantaj ou yo ou dwe:

- Depoze yon kontestasyon nan espas 10 jou sivil aprè yo te voye lèt refi ou an nan lapòs la.
- OSWA depoze yon kontestasyon nan dat oswa anvan dat sèvis ou yo fikse pou kanpe a.

Sèvis la pral kanpe si:

- Ou retire kontestasyon ou an oswa demann pou Odyans San Patipri Eta ou an.
- Ou pa te mande yon Odyans San Patiri Eta a pou poursuit avantaj yo nan espas 10 jou sivil aprè lè yo te voye lèt sou desizyon pou kontestasyon ou an nan lapòs la.
- Yo te pran yon desizyon Odyans San Patipri Eta a kont ou.

Nan konfòmîte ak politik federal la, si yo pran desizyon Odyans San Patipri Eta a kont ou, Delaware First Health kapab rekipere frè sèvis yo ba w yo pandan kontestasyon ou an oswa Odyans San Patipri Eta ou an te annatant lan.

Odyans San Patipri Eta a

Ou menm oswa reprezantan otorize ou an genyen dwa pou mande yon Odyans San Patipri Eta a nan Eta Delaware. Yon Odyans San Patipri Eta a se yon rankont ant ou menm, reprezantan otorize ou an, yon responsab odyans, ak yon reprezantan nan Delaware First Health.

Ou ka soumèt prèv, pou prezante dosye ou an, egzamine dosye yo, ak poze kesyon sou demann ou an pandan pwosesis odyans lan. Ou dwe mande yon Odyans San Patipri Eta a nan espas 90 jou sivil aprè lèt desizyon kontestasyon ou resevwa nan men nou an. Ou dwe pase atravè pwosesis kontestasyon Delaware First Health la anvan ou mande yon Odyans San Patipri Eta a. Ou kapab mande yon odyans pandan w ap rele oswa ekri biwo Eta division of Medicaid and Medical Assistance (DMMA) a nan:



**Division of Medicaid and Medical Assistance
DMMA State Fair Hearing Officer
1901 North DuPont Highway
PO Box 906, Lewis Building
New Castle, DE 19720**

Telefòn: **1-302-255-9500** oswa gratis nan **1-800-372-2022**

Pwosesis Odyans San Patipri Eta a

Ou menm oswa reprezantan ou an pral resevwa yon lèt nan biwo Odyans San Patipri Eta a ki ba w dat, lè, ak lye odyans lan. Odyans lan ka fèt an pèsòn oswa nan telefòn. Lèt la pral ba w plis enfòmasyon sou pwosesis odyans lan.

Ou menm oswa reprezantan ou an kapab revize tout enfòmasyon sou Odyans San Patipri Eta a. Delaware First Health pral genyen yon reprezantan tou nan odyans lan.

Nan konfòmite ak politik Federal la, si yo pran desizyon Odyans San Patipri Eta a kont ou, Delaware First Health kapab rekipere frè sèvis yo ba w yo pandan kontestasyon ou an oswa Odyans San Patipri Eta ou an te annatant lan.

FASON POU CHANJE PLAN OU AN

Ou kapab mande pou chanje MCO ou an pou nenpòt rezon pandan 90 jou civil yo aprè premye enskripsyon ou an. Apresa, ou gendwa chwazi yon nouvo MCO yon fwa chak ane pandan enskripsyon lib pou nenpòt ki rezon.

Manm yo kapab mande pou transfere yo ant MCO yo nenpòt lè avèk rezon ki valab, jan Eta a detèmine sa. Pa gen okenn limit sou kantite demann Transfè yon manm ka lanse avèk rezon ki valab. Egzanp rezon ki valab yo genyen ladan:

- Founisè ou an pa nan rezo MCO a.
- Ou bezwen sèvis ki asosye (pa egzanp yon seksyon sezaryèn ak yon ligasyon twonp) dwe fèt an menm tan epi se pa tout sèvis ki asosye ki disponib nan rezo founisè MCO ou a. Oswa PCP ou an oswa yon lòt founisè te detèmine lè ou resevwa sèvis yo yon fason separe sa ap lakoz risk ki pa nesesè.
- Mank aksè nan founisè ki gen eksperyans nan jesyon bezwen swen sante ou yo.
- Yo te kanpe founisè ou an oswa li pa patisipe nan MCO ou an ankò.
- Mank aksè nan sèvis ki kouvri nan kontra a.
- Move kalite swen ke MCO ou an bay.
- Plan MCO ou an pa kouvri sèvis ou bezwen yo akoz objeksyon moral oswa relijye.

Si ou vle chanje plan MCO ou an, tanpri rele Manadjè Avantaj Sante a nan **1-800-996-9969**.



Enskripsyon Lib Chak Ane

Chak ane, Eta a ap bay manm yo yon opòtinite pou yo chanje plan swen sante yo pandan yon peryòd enskripsyon lib chak ane. Peryòd sa a rive pandan mwa oktòb la pou pwoteksyon apati 1 janvye. Manm yo ka chanje plan yo pou nenpòt rezon — san rezon — pandan peryòd sa a.

Ou ka chwazi yon nouvo plan sante pandan Peryòd Enskripsyon Lib Chak Ane a. Si ou deside chanje plan ou an, tanpri rele Manadjè Avantaj Sante a nan **1-800-996-9969**. Manadjè Avantaj Sante w la ap ede w transfere nan yon nouvo plan. Si w deside pa chanje plan sante, w ap rete nan plan w ye kounye a.

Enskripsyon Ou An

Toudepan kalifikasyon, pwogram Delaware Medicaid yo ka ofri pwoteksyon pou timoun, moun ki ansent, fanmi ki gen timoun, granmoun aje, ak granmoun oswa timoun andikape. Si ou panse ou ta kapab kalifye pou kouvèti Medicaid, ou ka aplike pou Delaware Department of Health and Social Services a. Gen plizyè fason pou aplike epi enskri:

- **Sou Entènèt:** Aplike sou entènèt sou sit entènèt Delaware Department of Health and Social Services la nan assist.dhss.delaware.gov.
- **Nan lapòs:** Ou ka telechaje fòmilè an ak enstriksyon yo:
 - Aplikasyon anglè nan assist.dhss.delaware.gov.
 - Aplikasyon Espanyòl nan assist.dhss.delaware.gov/?Language=es-US.

Ou Bezwèn Èd?

Pou èd ak aplikasyon Medicaid ou a, rele Inite Relasyon Kliyantèl Delaware Health and Social Services yo nan **1-866-843-7212** (TTY: **1-855-889-4325**).

Delaware First Health ofri asistans medikal pou fanmi ki gen fèb revni ki kalifye yo ak pou granmoun aje, moun ki avèg ak/oswa moun ki andikape revni yo pa ase pou reponn ak frè pou sèvis medikal ki nesesè yo ki kalifye. Medicaid peye pou vizit doktè yo, swen nan lopital, laboratwa, medikaman sou preskripsyon, transpò medikal ki pa ijans, piki woutin pou timoun, sèvis sante mantal, ak depandans ak sibstans. Pou enskri nan pwogram sa a, benefisyè ki kalifye yo dwe ranpli yon aplikasyon sou pòtay Delaware Health and Social Services ASSIST.

Dat Enskripsyon ou a Anvigè

Yon fwa w enskri oswa w enskri nan Delaware First Health, w ap resevwa yon lèt ki gen kat idantifikasiyon (ID) ou. Ou ka jwenn dat anvigè enskripsyon ou an nan pòtay manm nou an nan **DelawareFirstHealth.com**.

Swivi Swen

Si ou rejwenn Delaware First Health apati yon lòt plan sante, nou ap travay avèk ansyen plan sante ou an pou jwenn detay sou sante ou yo, tankou antesedan sèvis ou an, otorizasyon sèvis yo ak lòt enfòmasyon sou swen aktyèl ou.

Ou ka kontinye al kote founisè ou an si:

- Nan moman ou rejwenn Delaware First Health la, w ap resevwa yon tretman k ap kontinye oswa ou genyen yon twoub sante espesyal k ap kontinye. Nan ka sa a, ou ka mande pou kenbe founisè ou an pandan jiska 120 jou.



- Ou ansent depi plis pase twa mwa lè ou rejwenn Delaware First Health lan epi w ap resevwa swen prenatal. Nan ka sa a, ou ka kenbe founisè ou an jouk aprè ou fin akouche epi pandan jiska 60 jou swen apre akouchman.
- W ap resevwa sèvis pakè avantaj DSHP Plus LTSS yo. Nan ka sa a, ou ka kontinye sèvis yo otorize nan menm nivo ak menm founisè a pandan yon minimòm 30 jou sivil.

Si ou vle kontinye resevwa swen nan men yon founisè ki pa nan rezò nou an, ou menm oswa founisè ou an dwe kontakte nou nan:

- Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).
- Soumèt yon demann sou Provider Portal a.
- Voye yon demann pou otorizasyon nan faks bay Delaware First Health nan **1-833-967-0502**.

Doktè ak enfimyè Delaware First Health yo ap analize demann otorizasyon an. Rele Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**) si w gen kesyon sou sèvis ki egzije otorizasyon alavans.

LÒT ENFÒMASYON SOU PLAN AN

Konfidansyalite

Konnen ke dosye medikal ou yo ak diskisyon avèk founisè ou yo pral rete prive epi konfidansyèl.

Nou pran angajman tou pou kenbe enfòmasyon sou ras, etnisite, ak lang (REL), ak oryantasyon seksyèl ak idantite sèksyèl (SOGI) ou konfidansyèl. Nou itilize kèk nan metòd sa yo pou pwoteje enfòmasyon ou yo:

- Kenbe dokiman papye nan klasè dosye ki fèmen.
- Egzije pou tout enfòmasyon elektwonik rete sou medya ki fizikman sekirize.
- Konsève enfòmasyon elektwonik ou yo nan dosye ki pwoteje avèk modpas.

Nou ka itilize oswa divilge enfòmasyon REL ak SOGI ou yo pou reyalize operasyon nou yo. Aktivite sa yo kapab genyen ladan:

- Konsepsyon pwogram entèvansyon.
- Desine ak dirije dokiman sansibilizasyon.
- Enfòme pwofesyonèl swen sante yo ak founisè yo sou bezwen lang ou yo.
- Evalye diferans nan swen sante yo.

Nou p ap janm itilize enfòmasyon REL ak SOGI ou pou souskripsyon, fikse tarif, oswa detèminasyon avantaj oswa divilge enfòmasyon REL oswa SOGI ou yo bay moun ki pa otorize.



Nouvo Teknoloji

Teknoloji sante toujou ap chanje, epi nou vle grandi avèk li. Si nou panse yon novo avansman medikal ka benefisyé manm nou yo, nou evalye li pou garanti. Avansman sa yo nan:

- Nouvo tès yo.
- Nouvo pwosedi medikal.
- Nouvo operasyon.
- Nouvo dwòg.
- Nouvo aparèy.
- Nouvo aplikasyon teknoloji ki déjà egziste.

Delaware First Health vle pou asire ke ou genyen aksè nan swen medikal ki plis ajou yo. Nou genyen yon ekip k ap kontwole avansman nan lamedsin yo. Ekip la verifye pou asire ke novo tretman yo san danje. N ap mete ou menm ak doktè ou an okouran sou novo sèvis ki kouvri nan avantaj ou yo.

Deklarasyon sou Responsabilite (TPL) Tyès Pati

Enfòme Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: 711) ak Relasyon Kliyantèl DSS ak DMMA yo nan **1-866-843-7212** si ou:

- Resevwa oswa ou genyen kouvèti sante anba yon lòt kontra, lòt tyès pati, oswa si genyen chanjman nan kouvèti sa a.
- Gen yon reklamasyon konpansasyon travayè.
- Gen yon pwosè aksidan pèsonèl oswa neglijans medikal annatant.
- Te enplike nan yon aksidan oto.

Fason pou Deklare Abi, Neglijans oswa Eksplwatasyon Yon Moun Sispèk Ki fèt Sou Timoun ak sou Adilt ki Depandan

Abi kapab fizik, emosyonèl oswa seksyèl. Se move tretman yon adilt oswa yon timoun.

Si ou soupsone yon timoun ki genyen mwens pase 18 lane ki sibi abi oswa neglijans, rele Liy Asistans Abi Sou Timoun lan nan **1-800-292-9582**. Plis enfòmasyon disponib sou entènèt nan dhss.delaware.gov/dhss/dmma/medicaid.html.

Pou deklare abi, neglijans, eksplwatasyon, oswa neglijans pèsonèl sou adilt ki depandan, rele **1-800-223-9074**. Plis enfòmasyon disponib sou entènèt nan <https://dhss.delaware.gov/dhss/dsaapd/index.html>.

Ensidan Grav

Manm Delaware First Health yo ka deklare ensidan grav yo bay Sèvis pou Manm Delaware First Health yo nan **1-877-236-1341** (TTY: 711).

Ensidan grav yo genyen ladan men pa limite ak ensidan ki swiv yo:

- Lanmò enprevi yon manm.
- Move tretman fizik, mantal, oswa move tretman seksyèl, abi ak/oswa neglijans yon moun soupsone sou yon manm.



- Vòl oswa eksplwatasyon finansye yo soupsone sou yon manm.
- Gwo domaj e yon manm sibi lè yo pa konnen sous domaj la, epi domaj la kreye soupson, oswa domaj la mande gwo swen.
- Erè nan medikaman oswa nan tretman oswa omisyón ki mete sante oswa sekirite manm nan an danje.
- Kondwit ki pa apwopriye/ki pa pwofesyonèl pa yon founisè ki enplike yon manm.

ANPLASMAN SWEN IJAN YO

Konte New Castle

Bear	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 1011 E Songsmith Dr Bear, DE 19701 1-302-546-5538		
Greenville	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 360 Buckley Mill Rd Ste B Greenville, DE 19807 1-302-504-0253		
Middletown	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 749 Middletown Warwick Rd Middletown, DE 19709 1-302-273-1614		
Newark	Go-Care Urgent Care at Abby Medical 1 Centurian Dr Ste 106 Newark, DE 19713 1-302-999-0003	Newark 24/7 Emergency 324 East Main Street Newark, DE 19711 1-302-738-4300	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 200 Hygeia Dr Newark, DE 19713 1-302-273-1701
	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 1 Chestnut Hill Plaza Ste C Newark, DE 19713 1-302-455-2730	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 550 S College Ave Ste 115 Newark, DE 19713 1-302-273-0727	PM Pediatric Urgent Care 3180 Fashion Center Blvd Newark, DE 19702 1-302-500-5437



New Castle konte (Suit)

Wilmington	Go-Care Urgent Care at Silverside Medical 2700 Silverside Rd Wilmington, DE 19810 1-302-225-6868	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 2305 Concord Pike Wilmington, DE 19803 1-302-467-3588
	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 4724 Limestone Rd Wilmington, DE 19808 1-302-467-3595	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 3926 Kirkwood Hwy Wilmington, DE 19808 1-302-267-7534

Konte Kent

Dover	Camden Walk-in LLC 4601 S DuPont Hwy Ste 2 Dover, DE 19901 1-302-698-1100	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 200 Banning St Ste 170 Dover, DE 19904 1-302-546-5533
Milford	Bayhealth Walk-in Medical Care 800 N. DuPont Blvd Milford, DE 19963 1-302-430-5705	
Milton	Bayhealth Emergency and Urgent Care Center, Total Care - Milton 18383 Hudson Road Milton, DE 19968 1-302-725-3500	
Smyrna	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 300 Jimmy Dr Smyrna, DE 19977 1-302-273-1163	



Konte Sussex	
Georgetown	Beebe Medical Group Walk-In Georgetown 21635 Biden Ave Georgetown, DE 19947 1-302-856-9729
Laurel	TidalHealth Primary Care 30549 Sussex Highway Laurel, DE 19956 1-302-297-2585
Lewes	AtraCare Walk-In 18068 Coastal Hwy Lewes, DE 19958 1-302-567-1500
Millsboro	Beebe Medical Group Walk-In Millsboro 28538 Dupont Blvd Millsboro, DE 19966 1-302-934-5052
Millville	Beebe Medical Group Walk-In Millville 32550 Docs Place Millville, DE 19967 1-302-541-4175
Milton	Beebe Medical Group Walk-In Milton 23900 Milton Ellendale Hwy Milton, DE 19968 1-302-684-5635
Rehoboth Beach	Beebe Medical Group Walk-In Rehoboth Beach 19161 Healthy Way Unit 100 Rehoboth Beach, DE 19971 1-302-645-3010



Konte Sussex (Suit)

Seaford	Ambient Medical Care 24459 Sussex Hwy Seaford, DE 19973 1-877-629-2621	TidalHealth Immediate Care 100 Rawlins Drive Seaford, DE 19973 1-302-536-5415
Selbyville	Lower Shore Immediate Care of Selbyville 38229 DuPont Blvd Selbyville, DE 19975 1-302-433-6440	

Maryland

Delmar	Best Remedy Urgent Care LLC 9315 Ocean Hwy Suite B Delmar, MD 21875 1-410-896-5550
Elkton	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 310 E Pulaski Hwy Elkton, MD 21921 1-443-485-6213
North East	ChristianaCare GoHealth Urgent Care 101 North East Plaza North East, MD 21901 1-410-656-7867



GLOSÈ TÈM YO

Mo/Gwoup Mo

kontestasyon: Lè ou mande plan ou an analize yon desizyon pou refize oswa redwi yon avantaj.

avantaj: Atik oswa sèvis swen sante ki garanti yo nan plan ou an.

kopeman: Yon seri frè ou dwe peye pou resevwa yon avantaj ki garanti nan moman sèvis la.

ekipman medikal dirab (DME): Ekipman ak materyèl doktè ou an preskri nan kad swen sante ou.

twoub sante medikal ijans: Yon twoub sante ki sitèlman grav ou dwe chèche swen tousuit pou evite gwo domaj oswa lanmò.

transpò medikal ijans: Anbilans lan mennen w nan lopital la oswa nan yon ijans.

swen nan sal ijans: Sèvis ou resevwa yo nan yon sal ijans, oswa ER, pou trete yon ijans medikal.

sèvis ijans: Tretman pou yon twoub sante medikal ijans pou anpeche l vin pi mal.

sèvis ki pa ladan l: Sèvis swen sante plan ou an pa peye oswa garanti.

doleyans: Yon plent ou voye bay plan ou an sou swen sante w.

aparèy adaptasyon: Aparèy swen sante ki ede w konseve, aprann, oswa amelyore konpetans ak fonksònman pou lavi chak jou.

sèvis adaptasyon: Sèvis swen sante ki ede w konsève, aprann, oswa amelyore konpetans ak fonksònman pou lavi chak jou.



Mo/Gwoup Mo

asirans sante: Yon kontra ki egzije plan ou an pou peye kèk oswa tout frè swen sante ou yo.

swen sante adomisil: Sèvis swen sante yon moun jwenn lakay li.

sèvis palyatif: Sèvis pou bay konfò ak soutyen pou moun ki gen maladi nan faz tèminal ak fanmi yo.

ospitalizasyon: Swen nan yon lopital kote yo resevwa w lan epi anjeneral ou rete pandan lannwit. Yon sejou obsèvassyón yon nwit kapab konsidere kòm swen pou pasyan ekstèn.

swen pou pasyan ekstèn nan lopital: Swen nan yon lopital ki jeneralman pa egzije rete dòmi.

vaksinasyon: Yon piki ki pwoteje w kont maladi. Yo konnen l tou kòm yon vaksinasyon oswa vaksen.

Sèvis ak Soutyen sou Peryòd ki Long (Long Term Services and Supports, LTSS): Swen medikal ak swen ki pa medikal yo bay moun ki pa kapab reyalize Aktivite debaz Lavi Chak jou yo (ADL yo), tankou abiye oswa benyen. LTSS ka rive lakay ou, nan kominate a, nan lojman asiste oswa nan fwaye retrèt.

nesesè sou plan medikal: Sèvis swen sante oswa materyèl ki ede idantifye oswa trete yon maladi, yon twoub sante, yon patoloji oswa sentòm li yo epi ki ranpli kondisyon medikal yo.

rezo: Founisè plan ou an te fè kontra avèk yo pou bay sèvis swen sante.

founisè ki p ap patisipe: Yon founisè ki pa genyen yon kontra avèk plan ou an pou ba w sèvis.

sèvis medsen: Sèvis swen sante yon doktè medikal ki diplome bay oswa planifye pou ou.

plan: Yon alokasyon Eta Delaware a ba w pou peye pou sèvis swen sante ou yo. Yo rele l tou yon Òganizasyon Swen ki Jere (MCO).

otorizasyon alavans: Yon apwobasyon nan plan ou an alavans pou yon sèvis swen sante ki pokò rive. Yo rele l tou pre-apwobasyon oswa pre-otorizasyon.



Mo/Gwoup Mo

founisè k ap patisipe: Yon founisè ki genyen yon kontra avèk plan ou an pou ba w sèvis swen.

Lis Medikaman Prefere (PDL): Yon lis medikaman sou preskripsyon plan w la ap garanti. Yo rele l tou yon *lis medikaman ki garanti*.

prim: Kantite lajan ou peye pou asirans sante ou an chak mwa.

kouvèti pou medikaman sou preskripsiyon: Pati nan plan ou an ki ede w peye pou medikaman sou preskripsiyon yo.

medikaman sou preskripsiyon: Medikaman ki egzije yon preskripsiyon, selon lalwa.

founisè swen prensipal (PCP): Yon doktè, yon enfimyè, oswa yon asistan medikal, ki planifie pou bay epi/oswa ede w jwenn aksè ak swen sante.

founisè: Yon pwofesyonèl swen sante, yon etablisman, oswa yon antrepriz medikal ki ba w sèvis swen medikal.

aparèy reyadaptasyon: Aparèy swen sante ki ede w konsève, ratrape, oswa amelyore konpetans ak fonksyonnman ou bezwen pou lavi chak jou ou te pèdi oswa ki te andomaje paske ou te malad, blese, oswa andikape.

sèvis reyadaptasyon: Sèvis swen sante ki ede w konsève, ratrape, oswa amelyore konpetans ak fonksyonnman ou bezwen pou lavi chak jou ou te pèdi oswa ki te andomaje paske ou te malad, blese, oswa andikape.

swen enfimyè ki kalifye: Sèvis swen sante nan men enfimye/enfimyè ki otorize ou resevwa adomisil oswa nan yon fwaye pou swen enfimyè. Teknisyen ak terapeut yo bay sèvis swen enfimye ki kalifye lakay ou oswa nan yon mezi pou swen enfimye.

swen espesyalis: Swen sante nan men yon founisè ki gen fòmasyon espesyal pou yon twoub sante oswa yon maladi presi.

swen ijan: Lè ou bezwen swen oswa tretman medikal nan espas 48 èdtan.

Deklarasyon Non-Diskriminasyon

Delaware First Health respekte lwa Federal sou dwa sivil ki aplikab yo epi yo pa fè diskriminasyon sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, andikap, oswa sèks (sa gen ladan l gwo sèks, oryantasyon seksyèl, ak idantite seksyèl). Delaware First Health pa mete sou kote moun oswa trete yo yon fason differan akòz ras, koulè, peyi orijin, laj, andikap, oswa sèks (sa gen ladan gwo sèks, oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl).

Delaware First Health:

- Bay asistans ak sèvis gratis pou moun ki gen andikap yo pou yo kominike yon fason ki efikas avèk nou, tankou:
 - Entèprèt ki kalifye pou lang siy
 - Enfòmasyon alekri nan lòt fòma (gwo karaktè, odyo, fòma elektwonik ki aksesib, lòt fòma)
- Bay sèvis lang gratis pou moun ki pa gen Anglè kòm premye lang yo, tankou:
 - Entèprèt ki kalifye
 - Enfòmasyon alekri nan lòt lang

Si w bezwen sèvis sa yo, kontakte Sèvis pou Manm yo nan **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Si ou kwè Delaware First Health pa te rive bay sèvis sa yo oswa yo te fè diskriminasyon nan yon lòt fason sou baz ras, koulè, peyi orijin, laj, andikap, oswa sèks (sa gen ladan gwo sèks, oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl), ou ka depoze yon plent bay:

1557 Coordinator

P.O. Box 31384

Tampa, FL 33631

Telefòn: **1-855-577-8234** (TTY: **711**)

Faks: **1-866-388-1769**

Imel: **SM_Section1557Coord@centene.com**

Ou ka depoze yon plent an pèsòn oswa pa lapòs, faks oswa imèl. Si ou bezwen èd pou depoze yon doleyans, **1557 Coordinator** nou an disponib pou ede w.

Ou ka depoze yon plent pou dwa sivil tou bay U.S. Department of Health and Human Services (Depatman Sèvis Sosyal ak Sèvis Sante Etazini an), Office for Civil Rights (Biwo pou Dwa Sivil yo) yon fason elektwonik atravè Office for Civil Rights Complaint Portal (Pòtay Plent pou Dwa Sivil yo), ki disponib nan

<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf> oswa pa lapòs oswa telefòn nan:

U.S. Department of Health and Human Services

200 Independence Avenue SW., Room 509F, HHH Building

Washington, DC 20201

Telefòn: **1-800-368-1019, 1-800-537-7697** (TDD)

Fòmilè plent yo disponib nan <https://www.hhs.gov/ocr/complaints/index.html>.

Avi sa a disponib sou sitwèb Delaware First Health la:

<https://www.delawarefirsthealth.com/non-discrimination.html>.

Delaware First Health: 1-877-236-1341 (TTY: 711)

English: If you need this in another language, or need auxiliary aids and services, large font, oral translation, or other alternative formats, we can provide them to you free of charge. Call **Delaware First Health: 1-877-236-1341 (TTY: 711)**.

Español (Spanish): Si necesita esta información en otro idioma o necesita ayudas y servicios auxiliares, letra grande, interpretación oral u otros formatos alternativos, podemos proporcionarlos para usted de manera gratuita. Llame a **Delaware First Health: 1-877-236-1341 (TTY: 711)**.

中文 (Chinese): 如您需要以其他語言，或需要輔助工具和服務、較大的字型、口譯服務或其他替代格式檢閱此資訊，我們可以免費提供給您。請致電 **Delaware First Health : 1-877-236-1341 (TTY : 711)**。

Kreyòl Ayisyen (Haitian Creole): Si ou bezwen sa nan yon lòt lang, oswa si ou bezwen aparèy ki bay asistans ak sèvis oksilyè, dokiman ki ekri ak gwo lèt, tradiksyon nan bouch, oswa lòt fòma altènatif, nou kapab ba ou yo gratis. Rele **Delaware First Health: 1-877-236-1341 (TTY: 711)**.

ગુજરાતી (Gujarati): જો તમને બીજી ભાષામાં આની જરૂર હોય અથવા સહાયક સહાય અને સેવાઓ, મોટા ફોન્ટ, મૌખિક અનુવાદ અથવા અન્ય વૈકલ્પિક ફોર્મેટની જરૂર હોય, તો અમે તમને તે મફતમાં પ્રદાન કરી શકીએ છીએ. **Delaware First Health**ને આના પર કોલ કરો: **1-877-236-1341 (TTY: 711)**.

Français (French): Si vous avez besoin de ce document dans une autre langue, d'aides et de services auxiliaires, de polices de caractères plus grandes, d'une traduction orale ou d'autres formats, nous pouvons vous les fournir gratuitement. Contactez **Delaware First Health : 1-877-236-1341 (TTY : 711)**.

한국어 (Korean): 다른 언어, 보조 도구 및 서비스, 큰 글씨, 구두 번역 또는 기타 대체 형식으로 필요한 경우 무료로 제공해 드릴 수 있습니다. **Delaware First Health: 1-877-236-1341(TTY: 711)**로 전화해 주십시오.

Kiswahili (Swahili): Ikiwa unahitaji hii katika lugha nyingine, au unahitaji usaidizi na huduma za usaidizi, fonti kubwa, ukalimani, au maumbizo mengine mbadala, tunaweza kuzitoa bila malipo. Pigia **Delaware First Health: 1-877-236-1341 (TTY: 711)**.

Yorùbá (Yoruba): Bí o bá nílò èyí ní èdè mìíràn, tàbí o nílò àwọn ìrànwó arannilówó àti àwọn işé, létà kíkósílè títóbi, ìtumò-èdè aláfenuso, tàbí àwọn ònà ìkósílè àfirópò mìíràn, a leè pèsè wón fún o lòfèé láaisan owó rará. Pe **Delaware First Health: 1-877-236-1341 (TTY: 711)**.

Deutsch (German): Wenn Sie diese Informationen in einer anderen Sprache oder zusätzliche Unterstützung und Dienstleistungen wie Großdruck, Verdolmetschung oder alternative Formate benötigen, stellen wir Ihnen dies kostenfrei zur Verfügung. Wenden Sie sich dazu an **Delaware First Health** unter: **1-877-236-1341 (TTY: 711)**.

Tagalog (Tagalog): Kung kailangan ninyo ito sa ibang wika, o kung kailangan ninyo ng mga karagdagang tulong at serbisyo, malalaking font, o iba pang alternatibong format, maibibigay namin sa inyo ang mga ito nang libre. Tawagan ang **Delaware First Health: 1-877-236-1341 (TTY: 711)**.

हिन्दी (Hindi): अगर आपको यह कि सी अन्य भाषा में चाहिए या सहायक साधन और सेवाओं, बड़े फ़ॉन्ट, मौखिक अनुवाद, या अन्य वैकल्पिक फ़ॉर्मेट की आवश्यकता है, तो हम उन्हें आपको निःशुल्क प्रदान कर सकते हैं। **Delaware First Health** को इस पर कॉल करें: **1-877-236-1341 (TTY: 711)**।

اردو (Urdu): اگر آپ کو یہ کسی دوسری زبان میں چاہیے، یا معاون امداد اور خدمات، بڑے فونٹ، زبانی ترجمہ، یا دیگر متبادل فارمیٹس کی ضرورت ہے، تو ہم انہیں آپ کو مفت فراہم کر سکتے ہیں۔ **Delaware First Health** کو اس پر کال کریں: **1-877-236-1341 (TTY: 711)**۔

العربية (Arabic): إذا كنت بحاجة إلى ذلك بلغة أخرى، أو إذا كنت بحاجة إلى مساعدات وخدمات إضافية أو ملف بخط كبير أو ترجمة شفهية أو تنسيقات بديلة أخرى، فيمكننا تزويدك بذلك مجانًا. اتصل بـ **Delaware First Health** على الرقم:

. (711 : TTY) **1-877-236-1341**

తెలుగు (Telugu): మీకు ఇది మరొక భాషలో కావాలంటే లేదా సహాయక టూర్లు మరియు సేవలు, పెద్ద ఫాంట్, మౌళిక అనువాదం లేదా ఇతర ప్రత్యామ్నాయ ఫార్మాట్లు అవేసరమైతే, మీకు ఎలాంటి ఛార్జ్లు లేకుండా ఉచితంగా మేము వాటిని అందించగలము. ఈ నంబర్లో **Delaware First Health** కి కాల్ చేయండి: **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Nederlands (Dutch): Als u dit in een andere taal nodig hebt, of aanvullende hulpmiddelen en diensten, een groot lettertype, gesproken vertaling of een ander formaat nodig hebt, kunnen wij deze gratis leveren. Bel **Delaware First Health**: **1-877-236-1341** (TTY: **711**).

Delaware First Health

Avi sou Pratik Konfidansyalite yo

AVI SA A DEKRI FASON YO KAPAB ITILIZE EPI DIVILGE ENFÒMASYON MEDIKAL YO AK FASON OU KA JWENN AKSÈ NAN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI LI L AK ATANSYON.

Anvigè apati 05/02/2024

For help to translate or understand this, please call **1-877-236-1341** Hearing impaired TTY: **711**, Monday through Friday from 8:00 a.m. to 7:00 p.m. ET.

Pou èd pou tradui oswa konprann sa a, tanpri rele **1-877-236-1341** TTY ki gen pwoblèm pou tande: **711**, Lendi jiska Vandredi soti 8:00 am jiska 7:00 pm ET.

Devwa Antite ki Kouvri yo:

Delaware First Health se yon antite ki kouvri jan sa defini ak reglemente daprè Lwa sou Health Insurance Portability and Accountability Act of 1996 (HIPAA) an. Lalwa egzise Delaware First Health pou l kenbe enfòmasyon prive ou pwoteje (PHI), ba ou Avi sa a sou devwa legal nou yo ak pratik konfidansyalite ki gen rapò ak PHI ou an, respekte kondisyon Avi ki afekte kounye a, epi fè w konnen si w ta gen yon vyolasyon PHI ou ki pa sekirize.

Avi sa a dekri fason nou kapab itilize ak divilge PHI ou an. Epitou li dekri dwa ou yo pou jwenn aksè, pou amande ak pou jere PHI ou an ak fason pou egzèse dwa sa yo. Tout itilizasyon ak divilgasyon PHI ou an ki pa dekri nan Avi sa a pral fêt sèlman avèk otorizasyon alekri ou.

Delaware First Health rezèv dwa pou chanje Avi sa a. Nou rezèv dwa pou rann revizyon ak chanjman Avi a aplikab pou PHI ou an ke nou deja genyen yo ak tout PHI ou resewwa alavni yo. Delaware First Health pral revize epi distribye Avi sa a byen vit nenpòt lè genyen yon chanjman materyèl nan sa yo ki swiv la a:

- Itilizasyon oswa Divilgasyon yo
- Dwa ou yo
- Obligasyon legal nou yo
- Lòt pratik konfidansyalite ki endike nan avi a

N ap mete nenpòt ki Avi ki analize disponib sou sit entènèt nou an oswa atravè yon kourye separe.

Pwoteksyon Entèn PHI Oral, Ekri ak Elektwonik:c PHI:

Delaware First Health pwoteje PHI ou an. Nou pran angajman tou pou kenbe enfòmasyon sou ras, etnisite, ak lang (REL), ak oryantasyon seksyèl ak idantite seksyèl (SOGI) ou konfidansyèl. confidential. Nou gen pwosesis vi prive ak sekirite pou ede.

Men kèk nan fason nou pwoteje PHI ou:

- Nou fòme anplwaye nou yo pou yo swiv pwosesis konfidansyalite ak sekirite nou yo.
- Nou egzise asosye biznis nou yo swiv pwosesis konfidansyalite ak sekirite yo.

- Nou kenbe biwo nou yo ansekirite.
- Nou pale sou PHI ou an sèlman pou yon rezon biznis ak moun ki bezwen konnen.
- Nou kenbe PHI ou ansekirite lè nou voye li oswa estoke li elektwonikman.
- Nou itilize teknoloji pou anpeche move moun yo gen aksè ak PHI ou an.

Itilizasyon ak Divilgasyon ki Otorize pou PHI Ou an:

Sa ki swiv la a se yon lis sou fason nou kapab itilize oswa divilge PHI ou an san pèmisyón oswa san otorizasyon w:

- **Tretman** - Nou gen dwa itilize oswa divilge PHI ou bay yon doktè oswa lòt founisè swen sante k ap bay tretman pou ou, pou kowòdone tretman ou pamí founisè yo, oswa pou ede nou pran desizyon otorizasyon alavans ki gen rapò ak avantaj ou yo.
- **Peman** - Nou kapab itilize epi divilge PHI ou pou fè peman alokasyon pou sèvis swen sante yo ba ou yo. Nou kapab divilge PHI ou an bay yon lòt plan sante, bay yon founisè swen sante, oswa bay yon lòt antite ki fè sjè Regleman federal sou Vi Prive yo pou objektif peman yo. Aktivite peman yo gen dwa gen ladan yo tretman reklamasyon, detèminasyon kalifikasyon oswa kouvèti asirans pou reklamasyon, ak revizyon sèvis pou nesesite medikal.
- **Operasyon Swen Sante** - Nou gen dwa itilize epi divilge PHI ou an pou fè operasyon swen sante nou yo. Aktivite sa yo gen dwa gen ladan yo founiti sèvis kliyantèl, reponn ak plent epi kontestasyon, ak bay jesyon swen ak kowòdinasyon swen.

Nan operasyon swen sante nou yo, nou kapab divilge PHI yo bay asosye komèsyal yo. Nou pral genyen akò alekri pou pwoteje vi prive PHI ou an avèk asosye sa yo. Nou kapab divilge PHI ou an bay yon lòt antite ki tonbe anba Regleman federal yo sou Vi Prive. Epitou antite a dwe genyen yon relasyon avèk ou pou operasyon swen sante li yo. Sa genyen ladan sa yo ki swiv yo:

- Evalyasyon kalite ak aktivite amelyorasyon
- Revize konpetans oswa kalifikasyon pwofesyonèl swen sante yo
- Jesyon swen ak kowòdinasyon swen
- Detekte oswa anpeche fwod ak abi swen sante

Ras, etnisite, lang, oryantasyon seksyèl, ak idantite sèksyèl ou pwoteje ak sistèm yo epi lwa yo sou plan sante a. Sa vle di enfòmasyon ou bay yo prive epi ansekirite. Nou kapab pataje enfòmasyon sa yo sèlman ak founisè swen sante yo. Li p ap pataje ak lòt moun san pèmisyón w oswa otorizasyon w. Nou itilize enfòmasyon sa yo pou ede amelyore kalite swen ak sèvis ou yo. Enfòmasyon sa yo ede nou:

- Pi byen konprann bezwen swen sante ou yo
- Konnen preferans lang ou lè w ap wè founisè swen sante yo
- Bay enfòmasyon sou swen sante pou satisfè bezwen swen ou yo
- Ofri pwogram pou ede w vin pi ansante

Yo pa itilize enfòmasyon sa yo pou rezon souskripsyon oswa pou pran desizyon sou si wi ou non ou kapab resevwa kouvèti asirans oubyen sèvis.

- **Divilgasyon Plan Sante Gwoup lan/Espònnsò Plan an** - Nou gen dwa divilge enfòmasyon sante ki pwoteje ou yo bay yon moun ki ap sipòte plan sante gwoup la, tankou yon travay oswa yon lòt antite k ap ba ou yon pwogram swen sante, si moun ki patwone a te dakò ak sèten restriksyon sou fason li pral itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante ki pwoteje yo (tankou dakò pou l pa itilize enfòmasyon sou sante ki pwoteje yo pou aksyon oswa desizyon ki gen rapò ak travay).

Lòt Divilgasyon ki Otorize oswa ki Egzije pou PHI Ou an:

- **Aktivite pou Ranmase Lajan** - Nou gen dwa itilize oswa divilge PHI ou pou aktivite pou ranmase lajan, tankou ranmase lajan pou yon fondasyon karitatif oswa yon antite ki sanble ak sa pou ede finanse aktivite yo. Si nou kontakte w pou aktivite pou ranmase lajan, n ap ba w opòtinite pou w refize, oswa sispann, resevwa komunikasyon sa yo alavni.
- **Objektif Souskripsiyon** - Nou gen dwa itilize oswa divilge PHI ou pou rezon souskripsiyon, tankou pou fè yon desizyon sou yon aplikasyon oswa yon demann kouvèti asirans. Si nou itilize oswa divilge PHI ou pou rezon souskripsiyon, nou gen entèdiksyon pou nou itilize oswa divilge PHI ou ki se enfòmasyon jenetik nan pwosesis souskripsiyon an.
- **Rapèl Randevou/Altènativ Tretman** - Nou gen dwa itilize epi divilge PHI ou pou fè w sonje yon randevou pou tretman ak swen medikal avèk nou oswa pou ba w enfòmasyon konsènan altènativ tretman oswa lòt avantaj ak sèvis ki gen rapò ak sante, tankou enfòmasyon sou fason pou w sispann fimen oswa pou w pèdi pwa.
- **Jan Lalwa Egzije sa** - Si lalwa federal, Eta, ak/oswa lokal la egzije itilize oswa divilgasyon PHI ou, nou gen dwa itilize oswa divilge enfòmasyon PHI ou nan limit itilizasyon oswa divilgasyon an konfòme l ak lwa sa a epi li limite ak egzijans lwa sa a. Si de oswa plis lwa oswa règlemantasyon ki dirije menm itilizasyon oswa divilgasyon ki nan konfli an, n ap respekte lwa oswa règlemantasyon ki gen plis restriksyon yo.
- **Aktivite Sante Biblik** - Nou gend wa divilge PHI ou bay yon otorite sante biblik nan objektif pou anpeche oswa kontwole maladi, domaj, oswa andikap. Nou gen dwa divilge PHI ou bay Food and Drug Administration (FDA) pou asire bon jan kalite, sekirite oswa efikasite pwodwi oswa sèvis ki anba jiridiksyon FDA.
- **Viktim Abi ak Neglijans** - Nou gen dwa divilge PHI ou bay yon otorite gouvènman lokal, Eta oswa federal, ki gen ladan l sèvis sosyal oswa yon ajans sèvis pwoteksyon lalwa otorize pou resevwa rapò sa yo si nou gen yon kwayans rezonab gen abi, neglijans oswa yvolans domestik.
- **Pwosedi Jidisye ak Administratif** - Nou gen dwa divilge PHI ou kòm repons ak yon òdonans administratif oswa tribunal. Nou gen dwa oblige divilge PHI ou tou pou reponn ak yon sitasyon, demann dekouvèt, oswa lòt demann ki sanble.
- **Lapolis** - Nou gen dwa divilge PHI ki enpòtan ou bay lapolis lè nou oblige fè sa nan objektif pou reyaji ak yon krim.
- **Medsen Lejis, Egzaminatè Medikal ak Direktè Pomp Finèb yo** - Nou gen dwa divilge PHI ou bay yon medsen lejis oswa yon egzaminatè medikal. Sa kapab nesesè, pa egzanp, pou detèmine koz yon lanmò. Epitou nou kapab divilge PHI ou yo bay direktè finèb yo, jan sa nesesè, pou reyalize obligasyon yo.
- **Don Ògàn, Zye ak Tisi** - Nou gen dwa divilge PHI ou bay òganizasyon akizisyon ògàn yo. Nou gen dwa divilge PHI ou tou bay moun ki travay nan akizisyon, estokaj oswa transplantasyon ògàn, zye, ak tisi ki sot nan kadav.
- **Menas pou Sante ak Sekirite** - Nou gen dwa itilize oswa divilge PHI ou si nou kwè, ak bon entansyon, itilizasyon oswa divilgasyon an nesesè pou anpeche oswa diminye yon menas grav oswa ki inevitab pou sante oswa sekirite yon moun oswa publik la.
- **Fonksyon Gouvènman Espesyalize** - Si ou se yon manm U.S. Armed Forces, nou gen dwa divilge PHI ou jan otorite militè yo egzije sa. Nou gen dwa divilge PHI ou tou bay ofisyèl federal ki otorize yo pou enkyetid sekirite nasional, aktivite sèvis sekre, Department of State pou detèmine si kondisyon medikal yo kòrèk, pwoteksyon Prezidan an, ak lòt moun ki otorize jan lalwa egzije sa.
- **Konpansasyon Travayè** - Nou gen dwa divilge PHI ou pou nou respekte lwa ki gen rapò ak konpansasyon travayè oswa lòt pwogram ki sanble, lalwa etabli, ki bay avantaj pou domaj oswa maladi ki gen rapò ak travay san konsiderasyon fòt la.

- **Sitiyasyon Ijans** - Nou gen dwa divilge PHI ou nan yon sitiayson ijans, oswa si w enkapab oswa ou pa prezan, bay yon manm fanmi, yon zanmi pèsonèl, yon ajans otorize pou sekou pou katastwòf, oswa nenpòt lòt moun ou te idantifye deja. Nou pral itilize jijman pwofesyonèl ak eksperyans pou detèmine si divilgasyon an nan pi bon enterè ou. Nou pral itilize jijman pwofesyonèl ak eksperyans pou detèmine si divilgasyon an nan pi bon enterè ou. Si divilgasyon an nan pi bon enterè w, nou pral sèlman divilge PHI ki dirèkteman lye ak enplikasyon moun lan nan swen ou an.
- **Prizonye yo** - Si w se yon prizonye nan yon enstitisyon koreksyonèl oswa anba gad yon ofisyèl lapolis, nou gen dwa divilge PHI w bay enstitisyon koreksyonèl oswa ofisyèl lapolis, kote enfòmasyon sa yo nesesè pou enstitisyon an ba w swen sante; pou pwoteje sante w oswa sekirite w; oswa sante oswa sekirite lòt moun; oswa pou sekirite ak sekirite enstitisyon koreksyonèl la.
- **Rechèch** - Nan sèten sikontans, nou gen dwa divilge PHI ou a bay chèchè yo lè etid rechèch klinik yo apwouve epi kote gen sèten pwoteksyon anplas pou asire konfidansyalite ak pwoteksyon PHI ou an.

Itilizasyon ak Divilgasyon PHI Ou an Ki Egzije Otorizasyon Alekri Ou:

Nou genyen obligasyon pou jwenn otorizasyon alekri ou pou itilize oswa pou divilge PHI ou an, avèk eksepsyon limite, pou rezon sa yo:

- **Vant PHI** - N ap mande otorizasyon alekri ou anvan nou fè nenpòt divilgasyon ki konsidere kòm yon vant PHI ou an, sa vle di nou ap resevwa konpansasyon pou divilge PHI nan fason sa a.
- **Maketing** - N ap mande otorizasyon alekri ou pou itilize oswa divilge PHI ou pou rezon maketing ak eksepsyon limite, tankou lè nou gen komunikasyon maketing fasafas avèk ou oswa lè nou bay kado pwomosyonèl ki gen valè nominal.
- **Nòt Sikoterapi** - N ap mande otorizasyon alekri ou pou itilize oswa divilge nenpòt nan nòt sikoterapi ou yo nou gen dwa genyen nan dosye ak eksepsyon limite, tankou pou sèten tretman, peman oswa fonksyon operasyon swen sante.

Ou gen dwa revoke otorizasyon w la, alekri nenpòt ki lè eksepte nan limit nou te deja itilize oswa divilge PHI w la dapre premye otorizasyon sa a.

Dwa Endividiyèl yo:

Sa yo ki swiv la a se dwa ou yo konsènan PHI ou an. Si ou ta renmen itilize nenpòt nan dwa sa yo, tanpri kontakte nou pandan w ap itilize enfòmasyon ki nan fen Avi sa a.

- **Dwa pou Mande Restriksyon** - Ou gen dwa pou mande restriksyon sou itilizasyon ak divilgasyon PHI ou pou tretman, peman, oswa operasyon swen sante, ansam ak divilgasyon bay moun ki patisipe nan swen ou oswa peman swen ou, tankou manm fanmi oswa zanmi pwòch. Demann ou an ta dwe endike restriksyon w ap mande yo epi endike pou kiyès restriksyon yo aplike. Nou pa genyen obligasyon pou nou dakò ak demann sa a. Si nou dakò, n ap respekte demann pou restriksyon ou an sof si enfòmasyon yo nesesè pou ba w tretman an ijans. Sepandan, n ap mete restriksyon sou itilizasyon oswa divilgasyon PHI ou ayo pou peman oswa pou operasyon swen sante pou yon plan sante lè ou te peye pou sèvis oswa atik nan pòch yo an konplè.
- **Dwa pou Mande Kominikasyon Konfidansyèl** - Ou gen dwa pou egzije nou kominike avèk ou sou PHI ou nan lòt mwayen oswa nan lòt kote. Dwa sa a aplike sèlman si enfòmasyon an ta ka mete w andanje si yo pa kominike li nan mwayen altènativ oswa nan lòt kote ou vle a. Ou pa oblige eksplike rezon pou demann ou an, men ou dwe deklare ke enfòmasyon yo t ap mete w an danje si mwayen kominikasyon an oswa lye a pa chanje. Nou dwe fè aranjman pou demann ou an si li rezonab epi li presize lòt mwayen oswa lòt lye kote nou dwe voye PHI ou an.

- **Dwa pou Gen Aksè epi Resevwa yon Kopi PHI ou** - Ou gen dwa, ak eksepsyon limite, pou w gade oswa pou w jwenn kopi PHI w ki nan yon seri dosye ki deziyen. Ou kapab mande pou nou bay kopi yo nan yon fòma ki diferan de fotokopi yo. N ap itilize fòma ou mande a sof si nou ka fè sa yon fason ki pratik. Ou dwe fè yon demann alekri pou jwenn aksè ak PHI ou an. Si nou refize demann ou a, n ap ba w yon esplikasyon alekri epi n ap di w si rezon ki fè refi a kapab analize. N ap di w tou kijan pou w mande yon analiz konsa oswa si refi a pa kapab analize.
- **Dwa pou w Amande PHI ou an** - Ou gen dwa pou egzije nou amande, oswa chanje, PHI ou an si ou kwè li genyen enfòmasyon ki pa kòrèk. Demann ou an dwe alekri, epi li dwe eksplike poukisa enfòmasyon yo ta dwe amande. Nou kapab refize demann ou an pou sèten rezon, pa egzant si nou pa te kreye enfòmasyon ou te vle ki amande yo epi kreyatè a PHI a pa anmezi pou reyalize amannman an. Si nou refize demann ou an, n ap ba w yon eksplikasyon alekri. Ou kapab reponn avèk yon deklarasyon ki di ou pa dakò ak desizyon nou an epi n ap atache deklarasyon ou an ak PHI ou mande pou nou amande a. Si nou aksepte demann ou an pou amande enfòmasyon an, n ap fè efò rezonab pou enfòme lòt moun, tankou moun ou nonmen, sou amandman an epi pou mete chanjman ki fèt nan nenpòt divilgasyon enfòmasyon sa yo alavni.
- **Dwa pou Resevwa yon Kontabilite sou Divilgasyon yo** - Ou gen dwa pou resevwa yon lis egzant nan dènye peryòd 6 lane kote nou oswa asosye biznis nou yo te divilge PHI ou. Sa pa aplike ak divilgasyon pou rezon tretman, peman, operasyon swen sante, oswa divilgasyon ou te otorize yo ak sèten lòt aktivite. Si ou mande rapò sa a plis pase de fwa nan yon peryod 12 mwa, nou kapab faktire w yon frè rezonab ki baze sou pri pou reponn ak lòt demann sa yo. N ap ba w plis enfòmasyon sou frè nou yo nan moman demann ou an.
- **Dwa pou Depoze yon Plent** - Si ou santi dwa sou konfidansyalite w yo te vyole oswa nou te vyole pwòp pratik konfidansyalite nou yo, ou gen dwa depoze yon plent bò kote nou alekri oswa nan telefòn apati enfòmasyon kontak ki nan fen Avi sa a.

Ou ka depoze yon plent tou bò kote Sekretè nan U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights yo lè w voye yon lèt nan 200 Independence Avenue, S.W., Washington, D.C. 20201 oswa ou rele **1-800-368-1019**, (TTY: **1-800-537-7697**) oswa vizite <https://www.hhs.gov/guidance/document/filing-complaint-0>.

• NOU P AP PRAN OKENN AKSYON KONT OU PASKE OU DEPOZE YON PLENT.

- **Dwa pou Resevwa yon Kopi Avi sa a** - Ou gen dwa mande yon kopi Avi nou an nenpòt ki lè, lè w itilize enfòmasyon kontak ki endike nan fen Avi a. Si w resevwa Avi sa a sou sit entènèt nou an oswa nan kourye elektwonik (imèl), ou gen dwa tou pou mande yon kopi Avi a sou papye.

Enfòmason Kontak

Kesyon sou Avi sa a: Si w gen nenpòt kesyon sou avi sa a, pratik konfidansyalite nou yo ki gen rapò ak PHI ou an oswa sou fason pou w egzèse dwa w, ou ka kontakte nou alekri oswa nan telefòn lè w itilize enfòmasyon kontak ki endike anba la a.

Delaware First Health
 Attn: Privacy/Compliance Official
 750 Prides Crossing
 Suite 200
 Newark, DE 19713
 Nimewo telefòn gratisir: **1-877-236-1341** (TTY: **711**)



DelawareFirstHealth.com

1-877-236-1341

TTY: 711 (Andikap Oditif)

©2025 Delaware First Health

**750 Prides Crossing
Suite 200
Newark, DE 19713**